МАХ ДУГ

МАХ ДУГ

СТАВД-ДУРТÆ
100 ФÆРНДЖЫН АЗЫ

10
2023

10
2023



Чи мæ фехъуса, уый мæ кæд бамбарид, чи мæ бамбара, уый мæ кæд нæ ферох кæнид.

Къоста



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет

Гастан АГНАЕВ, Борис ГУСАЛОВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2023



10
2023

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, ГУСАЛТЫ Барис,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2023

НОМЫРЫ ИС:

ПОЭЗИ
ГОДЖЫЦАТЫ Георги. Нармæ балц. *Æмдзæвгæ* 5
ПЛИТЫ ГРИС: 110 АЗЫ
ПЛИТЫ Грис. Удæй рафæлдисгæ зарæг. *Æмдзæвгæтæ* 8
ПЛИТЫ Гацыр. Нæртон мæсыг амайæг. *Уацы* 17
ХЪОДАЛАТЫ ГЕРСАН: 85 АЗЫ
ХЪОДАЛАТЫ Герсан. Зынгбазыр бæллицтæ. *Æмдзæвгæтæ* 24
ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОН: 75 АЗЫ
БЕЗАТЫ Фаризæ. Ирон литературæйы хæрзгæнæг. *Уацы* 32
ХЪАЗИТЫ Мелитон. Хæрæм нæ иугонд Иры зæххæй ард. *Æмдзæвгæтæ* 38
ХЪАЗИТЫ Мелитон. Æууæндын адæймагыл. *Радзырд* 44
СТАВД-ДУРТÆ: 100 АЗЫ
ЦÆГÆРАТЫ Максим. Дзерассæйы фæззæг. *Документалон уацау* ... 50
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ. Мæ хъæубæстæ, дæу равзæрстон цæрынæн! 111
«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ
АРФ ХЪУЫДЫТÆ ЦЫБЫР НЫХÆСТÆЙ
Къоста – ирон зонды цырагъ 113
ИРОН НАРТИАДÆЙЫ АЗ
ТУАТЫ Ольгæ. Сылгоймаджы фæлгонц ирон Нарты эпосы. *Уацы* ... 116
АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН
МАЙРÆМЫХЪУАТЫ Фатимæ. Хæдзармæ куысты хуызтæ ирон æвзагæй 123
НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН
БАСИТЫ Мысост. Дыууæ фембæлды хуры тынтимæ 132
АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД
Нæ уидæгтæ 135
Хæйрæджыты хабæрттæ 139
МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 143

ГОДЖЫЦАТЫ Георги

НАРМÆ БАЛЦ



Афон уалдзæджы хæдоны
Хъазгæ ‘рбатыхта йæ барц.
Абон райдзаст, рухс райсомы
Нармæ сарæзтам нæ балц.

У нæ зæрдæ цинтæй йедзаг.
Райгуырд ам æмæ фыста,
Стæй цыма æнхъæлмæ касти
Махмæ, уазджытæм, Къоста.



Мах лæууæм æмæ фæлгæсæм
Иры цъитиджын хæхтыл.
Дардæй зонгæ зарæг хъусæм –
Уый ирон фæндыр цæгъды.

Æрдзы уддзæфæй нæм хъуысы
Раст нæрæмон хъæлæсæй,
Мæнæ цыма ис нæ цуры:
«Мидæмæ, уæ хорзæхæй».



Мидæмæ цæуæм æввонгæй.
‘Ргъæвст халон нæм сындзæй каст,
Федтам сидзæрты ыстонгæй,
Федтам Нар – тымыгъæй хаст.

Арт тæдзгæ ыскъæты судзы,
Цуайнаг дуртимæ фыцы.
Сидзæргæс цыдæр æмпъузы, –
Царды сагъæстæ хынцы.



Уæртæ хъæдрæбын цъæх бирæгъ
Атылд, адаргъ и æваст.
Уымæ ‘ввахс хæлар хърихъупп
Дзагъыр цæстытæм нымдзаст.

Хохы цъуппы сæрæй худгæ
Фыййау урс мигътæм кæсы.
Артмæ хæстæг та йæ хъарммæ
Гæды къонайыл хуыссы.



Хъæды сæрмæ сау къæдзæхæй
‘Рттивынц айнæджы былтæ.
Уырдыгæй зæронд Æфсати
Алкæд цуанæтты уыдта.



Донбыл егъау дур æрхуыссыд,
Цъæх фыдхъуынæй йын фæлыст.
Бамбæрстам æй, уый кæй уыди
Мæгуыр лæскъдзæрæджы ‘лгъыст.

Фынгыл мыд, мæстæлгъæд – йе ‘нгæс
Хъулон булчъы ‘рдæм кæны.
Стæй æваст нæ рæзты рувас
Дзыхы цыхты къæртт хæссы.

Федтам мах мæгуыр сылгоймаг, –
Нал зынди бæлвырд йæ кар.
Уалынмæ йæ хъæр ныццарыд
‘Нæхъæн ‘гас комыл: «Лæгмар!»




Разæй – лæг, нæ уыд хæхбæстæй,
Тагъд, тагъд уæрдонмæ цæуы.
Саби та йæ тары ‘мбæхстæй
Судзгæ хæкъуырццæй кæуы.

Махæн дæр цæуынæн – афон,
Уадзæм диссаджы бæстæ.
Хатæм та Къостайæ уддзæф:
«Уæнт уæ хъуыддæгтæ рæстмæ.



Раттут ‘фсымæртау уæ къухтæ,
Архайут, цæмæй æрвыл
Цины зард цæуа нæ Ирæй,
Додой ма хъуыса зæххыл!»

ПЛИТЫ ГРИС: 110 АЗЫ



(1913 – 1999)

Зæххыл рæсугъд цæрынæн фидар
Дыууæ стыр ныфсы ис лæгæн:
Фыдыбæстæ æмæ сæрибар.
Циу цард æнæ сымах? – Ингæн.

ПЛИТЫ Грис

УДÆЙ РАФÆЛДИСГÆ ЗАРÆГ

* * *

Цыма фенцад æваст
ænкъард хъарæг,
Цыма арвæй æркаст
цырагъдарæг, –
Аив сæрды æппæт
йæ хæрдгæйæ
Атад, алыгъди мæт
мæ зæрдæйæ...
Фæлæ н‘ аскъуыд æваст
ænкъард хъарæг,
Нæдæр арвæй æркаст
цырагъдарæг:
Уый рæстæгмæ фæхъус
нæ хæст-тыфыл,
Æмæ уайы дæ хуыз
мæ цæстытыл.

УРС БÆЛОН

Урс бæлонау мæм æрбатахт
Хæцæны дæ фыстæг,
Æмæ зæрдæ барухс уайтагъд –
Нал у ныр æнтъыснæг.

Бæлонмæ кæсын, æмæ мын
Байдыдта дæ бустæ...
Хъусын, æмæ дæ кæуын
Азæлы мæ хъустыл:

«Раздæх, ра, нæхимæ тагъддæр», –
Алы фысты домыс, –

Фælæ хæст уынгæг у, знаг дæр
Тагъд сæттын нæ комы.

Фælæ нал у фæндаг тынг даргъ –
Хъизæмарæй здæхын.
Урс бæлонау дæм, мæ зынаргъ,
Хъуыдыты фæтæхын:

«Бабыхс, ме скаст, байдай худын,
Сахуыр у фæразын,
Зынты бафæразæг удæн
Адджындæр у уарзын.

Ды цыкурайы фæрдыг дæ
Удхайраг салдатæн.
Уый дæ сау цæстытыл сыгтæ
Бахус кæндзæн батæй».

АТАКÆ

Гъеныр дæ зынтæн æрхæццæ кæрон,
Зæрдæ фæйнæрдæм рæмудзы.
Ралæууыд адæмы мастисæн бон,
Дур дæр сырх пиллонæй судзы.

Цал бæстыл рахызтæ! Хох уа, быдыр –
Ивтой кæрæдзи дæ разы,
Æмæ цы сырдты цæгъдгæ цыдтæ, ныр
Уæртæ сæ сау лæгæт разынд!

Мин-мин нæмгуытæ дзы калынц цæхæр, –
Къах ма йын бавæр йæ цурмæ!..
О, фæлæ рацыди бардзырд уæддæр:
Фидар нын исгæ у штурмæй!

Иу цæсты фæныкъуылд ма баззад æрмæст, –
Цардыл фæстаг фæлгæст акæ...

Райдыдта ниудты-ниуд, лæгты дзынæзт,
Хъарджыты хистæр – атакæ!

Фенкъуысти быдыр, ныннæрыд æваст...
Фæлæ мæ уæз та цы фæци?..
Диссаг: мæ салдæттæн тас æмæ маст
Цæсгæмттыл ивынц кæрæдзи.

Фæлæ нæм нал и цæрынмæ хæлæг, –
Райдыдта не ‘рмхæст джебогъæй:
Топпы хъæр нал цæуы, бакъуырма лæг
Аххæмæ ухх æмæ оххæй...

Гъеныр, гъе! Бахæр дæ сыгъдæгдæр ард,
Ракæн дæ мастисæн сомы,
Де знаджы ахстон кæй уадздзæн цъæх арт
Де ‘дзард æфсымæрты номæй!

Гъей-да-гъа! Бацыд йæ куысты мæлæт, –
Сырддон сырх пиллæттæ калы!
Адæмы мастæй фыдгулты лæгæт
Фестади уайтагъд æвзалы.

САЛДАТЫ ЦÆСТЫСЫГТÆ

Фæхæц, фæхæц, салдат, дæхиуыл,
Уысммæ ма бафæраз æрмæст!
Тыхсаст фыдгулы зæххы риуыл
Кæны йæ фæстаг улæфт хæст.
Йæ фæстаг улæфт, фæлæ удæн
Нырма йæ хуылфы ризы тас:
Зæххыл цы хотыхтæ ис, уыдон
Кæнынц æртхъирæнæй ныхас.
Хъæр, богъ-богъ алырдыгæй хъуысы,
Мæр судзы, раст цыма хъæмп у,
Пырхкалгæ ‘гас быдыр æнкъуысы,

Зæхх æмæ арв кæнынц æмбу...
Фæлæ уый циу? Цы кодта бæстæ?
Æваст хъæр ахæм хъус фæци,
Цыма æнусты дæргъы хæстæн
Йæ кой дæр никуыма уыди,
Цыма хъаймæт бынтон æрхæстæг,
Æрхæстæг нæ – цыма æрцыд:
Куы ратахт мыдыбындз мыдхæссæг,
Йæ тæнæг базырты хъæр цыд...
Æркаст рæсугъд зæрин тын хураей,
Йæ уæлæ ахæм цин уыд фыст!
Æмæ салдаты зæрдæ дураей
Сындæггай бæмбæгмæ æрхызт.
Кæсы салдат, йæ цæст æвзары:
Æфтауы акъаци сыфтæр,
Тъæллангæй булæмæргъ ныззары,
Æнкъусы дидинæг йæ сæр.
Сæ фале саппыл бур саг хизы,
Йæ роды дзидзийæ хынцы...
Салдат ныджджих и, бацыд дисы:
Зæххыл цы диссæгтæ и, цы!
Цымæ æцæг уой æви фыны? –
Йæ зæрдæ байдыдта кæрзын,
Æмæ йæ цæстытæн сæ быны
Дыууæ егъау сыджы фæзынд.
Йæ зынты фатау цы лæг ацыд,
Ныр уый бæрзæйкъулæй лæууы,
Æмæ салдат, дыууиссæдзаздзыд,
Цæхджын цæстысыгтæй кæуы.

ÆРТХУТÆГДОН

Æрыгон нæу, нæмадæр у зæронд
Ирон инæлар, йе стъолы цур бады,
Йæ разы та – бæхы сæфтæгæй конд
Хуымæтæджы æртхутæгдон цæфхадыл.

Æдзард сæфтæгмæ инæлар ныккаст,
Цыма дзы ивгъуыд тохы мыртæм хъуыста...
Кæсы, æмæ йæм фæздæгæй æваст
Мыр-мыргæнгæ йæ саулохаг бæх сыстад.

Уæд саулохагыл инæлар æрбадт,
Йæ дадзинты хæстон туг ногæй схъазыд.
Цыма йын уыд хæцæн быдыр йæ уат,
Æмæ фæбырсы йе ‘фсæдтæн сæ разæй.

Зæй нæ ракалди уæлвæзтæй,
Уымæй не змæлынц а бæстæ, –
Уый фæхоны йæ цæргæсты
Иры инæлар сау хæстмæ.

Нымæт дымгæмæ спака и,
Уæнтыл фестади базыртæ,–
Уый фæтæхынц атакæйы
Иры сагсур бæгъатыртæ.

– Размæ, размæ, мæхи ‘мгæрттæ! –
Хъусынц йе ‘фсæдтæ Плионæй,
Æмæ се ‘лвæст фæринк кæрдтæ
Хурмæ судзынц сырх пиллонæй...

Æваст... фæцæф и саулохаг... Æваст
Йæ саргъæй атахт балхонæг хъæбатыр.
Фæстаг хатт бæх йæ барæгмæ фæкаст,
Ныууасыди, æрхауд, ныррызт, ныссабыр.

– Бæх мын! – фæдзырдта инæлар. – Бæх, тагъд!
Æмæ та судзгæ хæцæны фæтæхы...
Куы фæци хæст, ингæн æрцыд уæд къахт,
Сæфтæгцухæй дзы баныгæдтой бæхы...

Æрыгон нæу, нæмадæр у зæронд
Ирон инæлар, йе стъолы цур бады,
Йæ разы та – бæхы сæфтæгæй конд
Хуымæтæджы æртхутæгдон цæфхадыл.

ÆГЪДАУ

Урсбоцъо барæг фæуайы тъæбæрттæй,
Аргъæутты баззайæг кадджын зædау.
Уынджы йын зæрædтæ радтой æгъдау
Æмæ йæ хонынц сæ фæрныг хæдзæрттæм, –
Не ‘рлæууыд барæг: фынккалгæ бæхыл
Фатау, æнæ зилгæ, размæ тæхы.

Адæм йæ фæдыл ныккастысты джихæй,
Барæг та даргъ уынджы уайы æмраст.
Уалынмæ диссаг: æд гогон æваст
Иу чызг йæ хæд размæ ракасти тигъæй.
Барæг фæурædта сау бæх цæхгæр,
Рахызти, риуыл æруагъта йæ сæр.

Цалынмæ дондзау нæ фæаууон, бæхыл
Не сбадти барæг, æндзыгæй лæууыд,
Стæй та йæ ехсы къæрцц ногæй фæцыд,
Æмæ та раст уынджы фатау фæтæхы...
Арфæ йын ракæнын не сси мæ бон,
Фæлæ йæ фæдыл мæ сæрæй куывтон.

ИСПАЙНАГ ÆХСÆВ

Рæсугъд – испайнагæн йæ цæрæн,
Хъæздыг – йæ бæстыгъæд æрдзæй,
Фæлæ дзы рæзинаг фæлтæрæн
Нырма фæрныг сæрибар нæй.

* * *

Ныссабыр хъæу, æрмæст ма тары
Æнæнцой хæсты хъæр цæуы,
Æмæ зæхкусæджы хæдзары
Хæрз саби фыды раз кæуы:

– Дада, баппа мын…
– Ма ку, Лоти, –
Ысдзырдта, уд исгæ, йæ фыд, –
Хæст радта сыджытæн дæ хоты,
Дæ мад та мастисæг фæцыд.

Æууилы калм-ызнаг нæ бæсты,
Йæ хурхмæ йын цæгъдæм нæ кард.
Ызнон дæ сæрибарыл хæсты
Дæ дада басыгъта йæ цард.

Нæ дзыллæ сау хæсты цæхæрты
Ныр исы рухсдæр цардæй бар.
Мæ хур, куы схъомыл уай, дæ зæрдыл
Уæд ацы карз æфхæрдтæ дар...

Ныккæуы стонг лæппу, дзыназы,
Æдде та уынгты ниуы уад.
Кæсы фыд сабимæ йæ разы,
Кæсы æдзынæгæй, æнцад.

Æмæ нæ баурæдта зæрдæ,
Йæ рустыл суадæттæ æрцыд.
Дзырдта ма фыдмæ фырт цыдæртæ,
Фæлæ йæм нал фæкаст йæ фыд.

Ныккуыдта ноджы тынгдæр Лоти:
Йæ разы бацъынд ис йæ фыд,
Хæст радта сыджытæн йæ хоты,
Йæ мад та мастисæг фæцыд.

Æмæ куы нал хæцыд йæхиуыл,
Йæ бон куы нал уыди кæуын,
Æрæнцад уæд йæ фыды риуыл,
Æмæ йæ барæвдыдта фын.

Хъæу бандзыг… Фезмæлын нæ фæнды
Йæ тарф æнкъард фынæй æрдзы,
Æрмæст ма денджызы уылæнты
«Нева» æххуысгæнæг тындзы.

* * *

Рæсугъ у, тынг рæсугъд йæ бæстæ
Испайнаг адæмæн æрдзæй.
Нырма ыссæст у, фæлæ хæсты
Сæрибар байсдзæни тыхæй!

ПОЭТ

Хъысмæтæй стыр рæстадыл зарын
Кæд равзæрстай дæхицæн, уæд
Ис къорд æнцон фæндаджы ссарæн,
Дæуæн та се ‘гас дæр – æхгæд.

Дæ тугæй рафæлдисгæ зарæг
Тæхдзæн пæр-пæрæй, цыма маргъ,
Фæлæ йыл иу фыдзæрдæ дарæг
Фыдæнæн калдзæни йæ марг.

Быхс-иу ын! Хаттæй-хатт дæ риуы
Хъæстæ фат сагъд уыдзæн, уæддæр
Тыхсты бон ма ауæрд дæхиуыл,
Дæлæмæ макуы ‘руадз дæ сæр.

Зæринуарз, кадбæллон æхсинтæ
Уадз хоной дæу æрра, сæрхъæн, –
Судз рухсæн, макуы агур цинтæ,
Дæ уæззау удхайраг куыст кæн.

Дæ разы чифæнды уæд хицау –
Зæххон зæд уа æви хайуан,
Мæрдты къæй фест, поэт, дæхицæй
Куы скæнай искæмæн айуан!

Ды дæ дæхи бæрзонддæр бардуаг,
Дæ хаст уынаффæ дын – уæлдæр,
Дæ цард мыд уа æви дын марг уа,
Дæ мæсыг амай æмæ цæр!

Худ хъæлдзæг мидбылты æнкъардæй,
Дæ зæрдæ тонæд, фæлæ худ!
Куы скæнай лидзынвæнд зындзардæй,
Уæд лæг нæ дæ, фæлæ тæппуд!

Æмбæхс дæ маст æмæ дæ цинад,
Дæ сыгъдæг миддуне дын – дзуар.
Зæххыл ис иу хуыцау – Рæстдзинад,
Ды иунæг уымæн дæ цагъар.

ПЛИТЫ Гацыр,
Хетæгкаты Къостайы номыл
паддзахадон премийы лауреат

НÆРТОН МÆСЫГ АМАЙÆГ

Рукъ, Цъалагомыл ныхас куы фæцæуы, уæд нæ ахиздзынæ нæ номдзыд поэт æмæ драматург, тæлмацгæнæг, публицист, активон æхсæнадон кусæг, зынгæ актер, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, Ирыстоны адæмон поэт Плиты Дзамболаты фырт Грисы иувæрсты. Нæртон зиууон уыдис уый йæ дуджы, нæртон бынтæ ныууагъта йæ фæстæйы фæлтæртæн, йæ раттæг адæмæн.

Адæм се ‘взаг æмæ се ‘гъдæуттæй адæм сты. Уыдоныл Грис хъардта йæ уд æмæ сыл рыг абадын никуы бауагъта. Уыцы зондахастыл лæуд уыдысты йæ цардæмбал, Советон Цæдисы адæмон артисткæ Дзугкойты Афассæ, йæ фырттæ Лео æмæ Алан, йæ чызг Мæдинæ. Сæ хæдзарвæндагæй уыд поэт Плигер (Плиты Георги), уырдыгæй у иннæ поэт Плиты Виктор, цæры Санкт-Петербурджы.

Грис лæппуйæ зæронды бонтæм уыдис нæ адæмы царды ахсджиагдæр фæдисонтæй иу. Йæ адæмы царды хъæздыг æвæрæнты къæбицтæ кæд исчи зыдта, уæд уыдонæй уыдис нæ ныхасы хъайтар дæр. Куырыхон уыд кæддæриддæр, не ‘взаг æмæ не ‘гъдæутты æвæрæнтыл дзургæйæ. «Стыр Ныхас»-ы æмбырдты сæрмагонд хъусдард здæхт цыдис йæ раныхасмæ, йæ хатдзæгтæм.

Плиты сæрæнгуырд уыдис æцæг ирон лæг хæдзары, куысты, æхсæнады. Уарзта цард æмæ йын аргъ кæнын дæр фæрæзта. Йе ‘взаджы алгъыл кæддæриддæр дардта йæ арфæ «сыгъзæрин фест», зæгъгæ. Хæцын кæм хъуыдис, уым хæцгæ кодта, рæвдауын кæм хъуыд, уым – рæвдаугæ. Не ‘хсæнæй ацыд 86-аздзыдæй, æмæ уыдонæй йæ адæм, нæ литературæйæн, æмткæй ирон аивад æмæ культурæйæн схай кодта 65 азы. Нæ аивады гæнах амайыны хъуыддаджы бакодта стыр лæггад. Йе сфæлдыстадон бынтæ нæ культурæйы галуаны уæзгæ хуынтæ сты.

Æнæкæрон уыд Грисы уарзондзинад йæ адæм, йæ Ирыстонмæ. Кæддæриддæр-иу сæрыстырæй дзырдта:

Зæххыл рæсугъд цæрынæн фидар
Дыууæ стыр ныфсы ис лæгæн:
Фыдыбæстæ æмæ сæрибар, –
Циу цард æнæ сымах? Ингæн...

Плиты Грисы сфæлдыстадыл кæд арæх цæуы ныхас, кæд ыл диссертацитæ хъахъхъæд æрцыд, уæддæр афтæ зæгъæн нæй, нæ дзул ын лæвæрд фæцис, зæгъгæ.

Поэты æмдзæвгæты фæдыл аккаг хъуыдытæ загъд æрцыд (кæд дзы цъыфкæлдтытæ уыдис, уæддæр), афтæ йæ пьесæтæ (кæд сыл рæстæй дуæрттæ æхгæд цыдысты, уæддæр) æмæ йæ тæлмацтыл дæр. Хорз у, æмæ æнæцæстуарзон «критиктæ» (цъыфкалджытæ) лæмæгъдæр æмæ цъусдæр уыдысты, Грисæн абоны бон дæр табу чи кæны, йе сфæлдыстад ын Сæнайы хохы бæрзæндмæ чи систа, уыдонæй. Уый уыдис комы аргъ, йæхи загъдау, хуымыдзаджы аргъ лæг.

Грисы ном, кад æмæ йе сфæлдыстады тыххæй Нафийæн ахæм мысинаг баззад, зæгъгæ, нæ фысджыты ‘хсæн ныхас рацыд, Ирыстоны поэттæй дагестайнаг Расул Гамзатовы ныхмæ кæй равæрæн уаид. Ахъуыды кодтой æмæ æмзондæй загътой: «Æрмæстдæр Плиты Грисы». Цы йæ энциклопедион зонындзинæдтæ, цы йæ куырыхондзинад, цы йе ‘мдзæвгæты эстетикон культурæмæ гæсгæ æндæр никæй равзарæн уыд. Гъемæ Нафи уæд сагъæсгæнгæйæ фыста: «Ацыдысты кавказаг поэзийы патриархтæ. Чи сын бацахсдзæн ныр сæ бынат?»

Грисы хæстон поэзи, ивгъуыд историон дуг æвдисæг æмдзæвгæтæ, йæ хæрзгъæд поэмæтæ, йæ пьесæтæ æмæ æндæр куыстытæм цы фаутæ хастой, уыдон рæстаг дуджы атадысты, нал разындысты, уыцы уацмыстæ абоны бон рæсугъд фæлыстæй кæсынц сæрбæрзондæй. Ома, æрхъулагæнджытæ рæстдзинады раз лæмæгъ разындысты. Поэт уыдоны ныхмæ хъазуатон тохгæнæг уыд. Тых æмæ йын ныфс лæвæрдтой, йæ фарсмæ чи æрлæууыд, уыдон: Нафи, Цæрукъаты Алыксандр, Джыккайты Шамил, Хъодзаты Æхсар, Гафез, Бестауты Геуæрги, Ходы Камал, Дзуццаты Хадзы-Мурат, фæстагмæ сæм æрбаиу Ардасенты Хадзыбатыр дæр. Бирæ хæлæрттæ йын уыд Ирыстоны æмæ уымæй дарддæр дæр, фæлæ зæгъæн ис, уыдонæй иууыл æввахсдæр йæ зæрдæмæ уыд Нафи.

Ирыстоны культурон фронтыл хъуыды кæнгæйæ, Грис йæхæдæг иу ран афтæ зæгъы: «Тæрсын, æртынæм азты фæуды нæм, хистæр фæлтæр хицæн культы азарæй куы фесæфтысты, уæд цы афтид уавæр сæвзæрд, ахæм та куы фæзына ногæй. Фæлæ Иунæг Хуыцауы фæрцы, Нафи ис, йемæ ма иу цалдæр адæймаджы (æппæлы Джыккайты Шамилæй – авт.), кæд уыдон сæфты уавæр нæ бауадзиккой».

Нафи бирæ ахсджиаг ныхæстæ загъта йæ лæгдзинæдты, стæй йæ вазыгджын æмæ алывæрсыг сфæлдыстады тыххæй дæр. Йæ сæйрагдæр хъуыды у ахæм: «В лице Гриса Плиева осетинская художественная мысль имеет дело с крупной поэтической фигурой, требующей серьезного внимания и верных критериев оценки». Йе сфæлдыстадон къæбицимæ хорз зонгæ уыд зынгæ ирон поэт Цæрукъаты Алыксандр дæр. Уый хъуыды та ахæм у: «Ирон лирикæйы Къоста æмæ Нигеры фарсмæ адæймаджы миддунейы æрфыты дарддæр чи ацыди, уый – Грис. Æмдзæвгæйы байтаман, дæсны зæрингуырд, формæтæ аразæг æмæ агурæг, нæ поэзийы авналæнтæ фæуæрæхдæр кодта, систа йæ бæрзонддæр къæпхæнтæм, æз зæгъин, ранæй-рæтты æппæтдунеон поэзийы уæзæгмæ! Грисы аивад – æнусмæ æрыгон, рæсугъд, цæрдхъом, размæ тындзæг». Йе ‘нусон бынатмæ куы ацыд, уæд та Цæрукъайы-фырт зæрдæрыстæй загъта:

Поэт Хуыцауæй уæлдай нæу,
Æрвон – йæ судзгæ монц, йæ хъуыды…
Нæ Ирæн чи раива дæу, –
Æндæр нæ фæзындзæн рæхджыты!

Арф ныхъхъуыды кодта Шамил Грисы адæймагадон æууæлтыл, йе сфæлдыстадон фæндæгтыл. Йæ хъуыды ахæм у: «Грисы эстетикон быцæу у æрдзон ныхас, фæнды йæ ахæм стихтæ фæлдисын, «цыма сыл иу æрмдзæф дæр нæй», цыма æрдзы фæзындау сæхи хъæдæй сæнтыстысты ахæм сыгъдæг æмæ сæрибар рæнхъытæ. Грисæн поэты идеал у Къоста – уый уыд æмæ у «ælвæст æхсаргард» тыхми, фыдæх æмæ ælдарады раз».

Грисы аивадон дунейы, дзуары бын кувæг лæгау йæ сæр ныллæг æруадзгæйæ, зынгæ поэт Хæмыцаты Албег афтæ зæгъы:

Ды систай хурау аив дзырд бæрзонд,
Уыдтæ мæсыг лæгæвзарæн бон хæсты.
Дæрдтыл æххæссыд де сныхас, дæ зонд,
Стыр фыссæгæй баззадтæ нæ цæсты.

Грисы царды хабæрттимæ хорз зонгæ уыд нæ абоны литературон зиууон Дзасохты Музафер: «Адæймаджы цардæн райдайæнау ис кæрон. Нал сты Грис æмæ Афассæ, нал ис хистæр фырт Левæ дæр, фæлæ дзы алчидæр йæ фæстæ ныууагъта, адæмæн циндзинад чи хæсдзæн, ахæм сфæлдыстадон бынтæ, сæ иу – литературæйы, иннæ – театры, аннæ та – кинойы аивады».

Куырыхон Грисы уарзон кæстæртæй иу уыд Цомартаты Изæтбег дæр. Стыр аргъ ын кодта йæ лæгдзинад æмæ курдиатæн. Йæ хъуыды ахæм уыд: «Плиты Грис райгуырдис Хуссар Ирыстоны, йæ цард та арвыста Цæгат Ирыстоны. Дыууæ Иры баиу сты йæ зæрдæйы, æмæ дзы ссыгъди рæсугъд поэтикон стъалы. Цалынмæ зæххыл ирон адæймаг цæра æмæ йæ фыдæлты хæзнатæ цæсты гагуыйау хъахъхъæна, уæдмæ Бонвæрнонау æрттивдзæни уыцы стъалы».

Грисы сфæлдыстадон фæндæгтимæ зонгæ чи уыд, уыцы уырыссаг поэттæй иу, Даниил Долинский та загъта: «Первое, что бросается в глаза, когда знакомишься со стихами, поэмами и балладами Гриса Плиева, это крепкая его привязанность к земле, к крестьянскому труду, к рождению новой жизни и новых отношений в древней стране гор».

Æрхæсдзынæн Бестауты Геуæргийы ныхæстæ дæр: «Грисы сфæлдыстад нæ национ культурæйы хæзнадоны æрттивы зынаргъ дуры къæрттау, бирæ зæрдæхцон, æнусмæ цæринаг хуызтæ дзы тæмæнтæ калынц арвы хуызтау».

Æдзард литературон зиууон Хъороты Сослан хорз зонгæ уыд Грисимæ, йæхи æмæ йын йе сфæлдыстад дæр нымадта табуйагыл. Йæ ныхас ахæм уыд: «Æз мæхи амонджыныл нымайын, стыр зындгонд поэт, драматург, киносценарист, тæлмацгæнæг æмæ публицист Плиты Дзамболаты фырт Грисы æмдугон кæй дæн. Лæгæй-лæгмæ йæ кæй зонын, ирон æртæкъахыг фынджы фарсмæ йын уырдыглæууæг кæй уыдтæн, йæ алы уацмыс дæр мын æгæрон хæрзтæ кæй балæвар кæны, уымæй».

Лæгдзинад дыууæрдæм кæрды. Грис цы куыста, цы фыста, уыдон

– бæстон. Уæлæнгай, фæлвых уацмыстæ нæ уарзта. Йæ хъонæхътыл кæй нымадта, уыдон дæр ахæм домæнтыл хæст куынæ уыдаиккой, уæд сæм ахæм уарзæгой зæрдæйы ахаст нæ дардтаид. Грис йæхæдæг дæр бирæ ирон фысджыты тыххæй загъта йæ хъуыдытæ. Сагъæссагыл нымадта, æгуыдзæг, æнæрæгъыдзыд уацмыстæ рæгъмæ чи хаста; хъæддых, нуарджын уацмыстæ чи фыста, уыцы авторты та бæрзонд Хъæриуы хохы цъупмæ иста.

Сæ фыццæгтæй иу уыд Нигер. 1944 азы йæм хæсты быдырæй фыста: «Пусть множатся твои дивно красивые литературно-художественные творения, в которых так правдиво отображается горькое прошлое, счастливое настоящее и лучезарное будущее нашего маленького, но славного осетинского народа».

Йæ буц хистæрыл нымадта Мамсыраты Дæбейы. Хæсты быдырæй уымæ дæр фыста: «Пусть твои песни, поэмы, рассказы, романы и драмы множатся и становятся все изящней и изящней».

Йæ царды бонты нæ поэт ирон литературæйы рæзтмæ тынг дардта йæ хъус. Цы ногдзинæдтæ гуырди, уыдоныл-иу фæцин кодта, стæй-иу схæцыд арфæтыл сæ автортæн, аргъ кæныныл сæ уацмыстæн.

Гафезы пьесæ «Бæсты фарн» куы бакаст, уæ æм афтæ фыссы: «Язык твой, как всегда, соответствует мыслям и идее произведения, он выразителен, поэтичен и, главное, легко будет играться актерами в произношении».

Грисы йæ хæлæрттæ сæ чингуытæй куыд рæвдыдтой, уый æргомæй зыны, цы дзуаппытæ сын дæтты, уыдонæй. Зæгъæм, Дзугаты Георгимæ фыссы: «Цы чиныг мын æрæрвыстай, уый æхсызгонæй бакастæн, бирæ бæрзонд поэтикон нывтæ, сагъæстæ, зæрдæрайæн æмæ хæрзудгæнæн хъуыдытæ дзы ис, бирæ поэтон ног аивдзинæдтæ, бæрзонд поэтон культурæ».

Тынг барухс йæ зæрдæ Нафийы хуынæй дæр. Зæгъы дзы: «Нафи мын йæ арæзт Къостайы чиныг рарвыста йæ раздзырдимæ. Мæ зæрдæ мын иттæг барухс кодта разныхасæй дæр æмæ чиныджы арæзтæй дæр. Кæдæй-уæдæй Къоста раст арæзтæй рацыдис мыхуыры, арф хъуыдыджын æмæ уарзон ныхас æрцыдис йе сфæлдыстадыл».

Стыр æмæ хъаруджын зиууоныл банымадта Грис Бестауты Геуæр-

гийы: «Я перечитываю его стихи и с каждым новым разом обнаруживаю в них все новые и новые качества, мысли, художественные красоты».


Йæ цæсты кадджын уыд Дзуццаты Хадзы-Мурат дæр. Гафезмæ афтæ фыссы: «Он один из тех, на кого можно и должно надеяться, – талантлив, трудолюбив, скромен». Æмæ ноджы: «Хадзыйы фыстытæй бирæтæ барухс кæнынц мæ зæрдæ, баззайынц мæ хъуыдыйы, æхсызгон дисыл мæ бафтауынц».

Канд Грис нæ, лыскъзæрдæ критикты скъæрæнты бахауд Шамил дæр. Уыдта Грис æппæтдæр æмæ Нафимæ афтæ фыссы: «Æниу, мæхиуыл нал тыхсын, фæлæ Шамилы та цæуылнæ ныууадзынц? Цы аиппытæ йæм ис йæ характеры тыххæй, уый хорз зонын, фæлæ уæддæр уыдонæй сæдæ хатты лæгдæр æмæ курдиатджындæр у, ирон литературæйæн уыдæттæй хуымыдзаджы аргъ у, æмæ мын хъыг уымæн у, æнæраст ыл кæй дзурынц, уый».

Грис цы фæцард, уымæй уыд уынаффæйы лæг нæ Ираен. Уырдыглæуджыты уæгъдибарæй никуы ныууагъта, йæхи сæм æппæрста алы хатт дæр. Йæ адæмы сæрвæлтау йæ удæн никуы фæтæригъæд кодта, кæддæриддæр агуырдта дæллаг галы бынат. Сæрбос æй никуы бахъуыд, царды фæндæгтыл цыдис раст. Цыдис æмæ дзы цин кæуыл æмæ цæуыл хъуыд, уыдæттыл цин кодта, æнæраст хъуыддæгтыл – маст æмæ додой. Æрдз ын радта хъару æмæ зонд, лæгдзинад æмæ намыс, куырыхондзинад æмæ мæлгъæвзаг, æмæ сæ пайда кодта йæ адæмы рухс фидæны сæраппонд. Æнæрæнцой зæрдæйы хицау уыд, фæллад нæ зыдта, бон нæ бадт, æхсæв нæ хуыссыд, Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау агуырдта царды фæндæгтæ. Бирæ цæлхдуртæ уыд йæ разы, фæлæ тохгæнæг поэт никуы фæтарст, никуы æркъул кодта йæ сæр. Нæ аивад, нæ литературæйы уыдис уæнгдых хосдзау, æмæ йæ карстыл цингæнæг уыдысты адæм, цин кодтой йе ссивинæгтыл дæр.

Разагъды поэт, куырыхон драматург, курдиатджын тæлмацгæнæг, йæ Иры хион-къабæзты бирæ чи уарзта, уыцы Грис цæрдзæн, цалынмæ фæстаг ирон лæг, иронау дзурæг уа, уæдмæ.

ХЪОДАЛАТЫ ГЕРСАН: 85 АЗЫ



(1938 – 2022)

Кæд дард фæцæуын дæу фæнды, –
Фæцу дæ дард фыдæлтæ – Нартæм
Æмæ дæ фæндаг ракæн ды
Сæ къонайы æгъуыстаг артæй.

ХЪОДАЛАТЫ Герсан

ЗЫНГБАЗЫР БÆЛЛИЦТÆ

ФÆНДАРАСТ

Рахъомыл дæ, ме ‘мдзæвгæ, мæ зарæг,
Райс дæ гæрзтæ, сифтындз де ‘фсургъ, марадз!
Раст цыма йæ хъæбулы ныййарæг,
Дæу кæнын нæртон балцы фæндараст.

Цъус дыл цыма дарын æз мæ зæрдæ,
У дæ риу куырдадзы зынгæй арыд...
Ехх, уæддæр тыхсын, тыхсын цæмæндæр,
Иунæг уысм æнцойдзинад нæ арын.

Зæрдæйыл зынджытæ цыма згъæлы, –
Судзы мæ дывыдоны фыдцъæх арт:
Кæд, мыййаг, дæ хæдон нæу ызгъæрæй,
Кæд, мыййаг, дæ саулох у æдзæфхад;

Кæд, мыййаг, фæлмæнком у дæ хъама,
Де знагæй дын н‘ акайдзæни ‘рду дæр,
Уæд ысбадон, уæд ысбадон хъуамæ
Æмæ дыл фæдзыназон цæрдудæй!..

...Ма ‘рыздæх къæбутдзæфæй Æнамæ,
Ма счъизи кæн намысы тырыса!
Нæ! Фæлтау дзæгъæл нæмыгæй амæл,
Æмæ исчи д‘ адзалыл фæрисса!

Ехх, куы зонис ныр, бæргæ, куы зонис,
Ме ‘мдзæвгæ, куыд мæ ‘ргæвды дæ карз маст!
Дæу уæддæр зæрдæйы хъæбул хонын
Æмæ дын зæгъын: «Лæппу, фæндараст!»

* * *

Ныpма æз никуы не схастон мæ сæpмæ
Зæpдæйæзонгæ схонон хоpзы ‘взæp.
Фæлтау зæгъин æвзæpæй «хоpз» æфсæpмæй,
Ыстæй ныллæг æpкъул кæнин мæ сæp.

Ныpма, ныpма мæ цæpгæбонты таджы
Лæджы фыpты нæ бафхæpдтон pæстæй.
Козбау ныхас? Уый бахъæуæд ызнаджы!
Хæpам хæссын? Мæ туджы мидæг нæй!

О, худæнт мыл, былысчъилæй мыл худæнт:
«Дæ фæлмæн pавг ирон лæджы гакк нæу!»
Куыpм фидистæй нæ тæpсын æз мæ худæн,
Цъæмæлты ‘хсæн pæсугъддæp у мæнæу!

Æpмæст зæгъын зæpдæвыдæхæй pисгæ:
Мæ удхæссæг фæлитой у, мæнгаpд!
Куы мæм сиса йæ ныхджын дзæмбы искæд, –
Мæ уаpт-pиуыл ныссæтдзæни йæ каpд!

Мæ pаст ныхасæн мигъ ныхъуыpы йе ‘pттывд,
Фæлæ зынгиpд – мæ зæpдæйы тæpаз!
Цы ис хуыздæp, хуыздæp цы ис дунетыл,
Куы вæййы лæг йæ намысы pаз pаст?

РАХИЗ ЦОНГ

Фæцæйцыдтæн уынджы – æнæхъыг, æнæмаст,
Мæ цæстыты змæлыд кæpкæбазыp уалдзæг.
Фæкастæн: æцæгæлон бæлццон, æнæдаст,
Æpбатындзы ме ‘pдæм, – фæлладгъуыз, хæлаpдзæст.

Фæкодта мæ pазы дзыхълæуд æмæ pизгæ
Йæ кителы галиу дзыпп тагъд-тагъд ысгаpы.
– Ыссудз мын мæ тамако, маpадз, дæ низтæ, –
Спичкæйы къопп мæм, хатыp кугpæ, даpы.

Ныуулæфыд сусты рæбынтæм цъæх фæздæг,
Йæ риуæй дæргъвæтин уæззау уынæргъд сыхъуыст,
Ыстæй уæд фæцæуæг мæстæгуд, къæсхуыр лæг,
Йæ рахиз дыс – афтид, йæ кæрон – дзыппы тъыст.

Æз баззадтæн джихæй, мæ зæрдæйы тæгтæ
Йæ фæдыл ивæзынц, ивæзынц дыз-дызæй.
Æнахуыр цъæх уазал ысхъызыд мæ уæнгты,
Цыма мыл уæларвæй æркалди тыгъды зæй.

Ысниудтой, ысрæйдтой адзалы нæмгуытæ,
Зынгызды дæндæгтæй æвналынц мæ удмæ.
Ысгуылф кæны пиллон, – мылазон, æмгуыдын,
Ысрæмудзы бомбæ, зæхх сау сыгъдæй дуды...

Атакæйы карзы, хъыллистгæнгæ, минæ
Салдатæн йæ рахиз рæбыныл ыстыдта,
Уæддæр ма æдзард цонг æртхуыст къæрæбинæн
Йæ мæнгвæдæг тугсур æнгуылдзæй ælхъывта…

Æцæгælон бæлццон фæзилæны ф‘ аууон...
Кæд афонмæ басыгъд йæ тамако, ‘рнымæг.
Æмæ та – кæмæдæр... О, уастæн, бын бауон,
Куыд нæ ныхъхъæр кодтон йæ фæстæ: «Фырнымд лæг,

Фælæу-ма, фælæу-ма, дæуæй æз хæс дарын:
Ды махæн æрхастай цъæх уалдзæг, уælахиз,
Цæудзынæн дæ фæрсты, лæггадхъом кæстæрау, –
Æз дæн, æз, дæ хауд цонг, æз дæн, æз, дæ рахиз!..»

Ныдздзæгъæл дæн уынджы... Мæ зæрдæйы нуæрттæ
Хælбурцъгæнгæ сриссынц... Хур фæсмигъ æмбæхсы…
Цы спичкæ уыд уагæр, йæ чысыл ыспæрттæй
Мæ цæстыты хæсты зынгирвæзт фæхæссын...

КЪОСТА

Кæд исчи фæхæццæ ис кады бæрзæндмæ,
Фæцыдис йæ мæсыг дæлзæххæй уæларвмæ,
Кæд исчи мылазон, хъызт æхсæв йæ зæрдæ
Сæууон хурау дардта цæхæр калгæ й‘армы, –

Дыккаджы ‘мбал бадæ, нæ фыдæлты уаздæр,
Нæ Иры сæрхъуызой, нæ поэтты фæтæг.
Ныццарыдтой хæхты дæ зарджытæ – карззæл,
Æлдары зæрдæйы ныхстысты цыргъ фæттæй.

Дæлдзæхмæ дæр кодта хуынчъытæ дæ фæндыр,
Мæрдон тас æфтыдта цагъайраджы дугыл.
Дæ хуымгæнды хайы – нæ зæрдæты ‘рфæнты –
Дæ байтыд сыгъзæрин хор аскъуыди тугыл.

Нæ тыхсты, нæ хъыджы дæм не ‘ргом ыздахæм,
Нæ фæндаг ыссарæм дæ цæстыты рухсмæ.
Ды басгуыхтæ Хетæджы Уастырджи махæн, –
Дæ генийæн кувæг уыдзыстæм æнусмæ!

ФЫДÆНХЪÆЛ

Æнхъæлдтон цæмæндæр, нæ Иры фæсивæд
Æркодта йæ сæрыл æгуыдзæджы худ.
Йæ уæнгты ныббадтис æнæхайыр зивæг,
Хи ауунмæ ласы, куыдфæнды йыл худ!

Нæ сæ фæнды ахуыр, нæ сæ фæнды кусын,
Мæллæг карчы цъиутау сæ фылдæр – мыдул.
Цæттæввонгæй бабад хæрзад мыды къусыл,
Æвдул дзы парахат дæ пумпуси дзул.

Æнхъæлдтон, æрмæстдæр цъæх арахъхъы дурын
Йе урс сæны лалым – сæ бæллицы сæр.
Æрчъицынхъом нал дæ кæрддзæфæй сæ цуры, –
Уæлæмæ дыл ничи ысхæцдзæн уæддæр.

Ærмæстдæр ма – кино, æрмæстдæр ма – тезгъо,
Нæ хъугæмтты тауæд, кæй фæнды, мæнæу!
Тамако фæзынди, фæдисæй йæм – се згъорд,
Йæ фыдæн сæ иу дæр фыртæн бæзгæ нæу.

Фыдыбæстæ уарзын – уæздандæр æнкъарæн –
Сæ удмæ бынтондæр нæ лæууы хæстæг.
Ирыстоныл, зæгъгæ, туг байдыдта уарын,
Æмбæхсиккой искуы кæлдымты фæстæ.

Æз афтæ æнхъæлдтон кæддæрты мæ тыхстæй,
Сæ митæм сын кодтон мæхимид мæсты.
«О, уаих æрбауай! – мæхи фырты ‘лгъыстон, –
Сабыр дуджы – уадзыг, цы кæнид хæсты!»

Уæд иу райсом раджы нæ бæстæм æрбахылд
Æнагъæддаг сау калм, ныссахатæ марг...
Нæ Иры фæсивæд!.. Æмхуызон – сæ къахыл,
Нæ сæм бахъуыд сидын, сæ барвæнд – æрдаг!

Цы хъару сæм разынд!.. Цы ‘рбаци сæ «чиуын»!
Кæм сын уыдис уыцы лæджыхъæд æмбæхст!
Ызнон дæр ма чи уыд мызулныхæст чъиуыл,
Уый самадта абон гæрзифтонгæй хæст!

Фыдæх-дуртæ згъæлдис æнæхайыр калмыл,
Стонг æмæ уазал сæ зæрдæтæй – рох.
Æгæрдæр сын бантыст уæццæ туг ныккалын,
Æгæрдæр ныннæрыд сæ удуæлдай тох...

Æз кодтон хъынцъым дæр, æвæджиаг цин дæр,
Мæхиуыл æфтыдтон дзуæрттæ, зæгъын,
Цы лæппутæ байрæзт нæ Иры гыццитæн!
Цы фæлтæр та схъомыл нæ фыдызæххыл!..

Ныр кувын Хуыцаумæ: рыст зæрдæйы цæлхъæн
Æхцоны тæмæнæй куыд ива йæ рад!
Гъе афтæ-иу арæх цы кæнæм фыдæнхъæл,
Гъеуыцы хæрзиуæг нæ дзыллæйæн ратт!..

* * *

Зынгбазыр бæллицтæ... Мæ зæрдæ та схур и,
Хъыджы сагъæс ахылди мигъау мæ риуæй.
Дæ ном дын тæрсгæйæ мæхимид куы сдзурын,
Уæд акæсын дунемæ урссæр Хъæриуæй.

Æнæрхъæц бæллицтæ... Кæдæмдæр мæ хонынц,
Хæцынц мын мæ цонгыл, цыма дæн сывæллон.
Дыууæ сау æрфыджы... Сынтытау мæ тонынц,
Дыууæ æрвгъуыз цæсты... Ыскодтой мæ ‘вæлмон.

Кæцæй та мæм касти, кæ, ацы фыдадзал?
Куыд та феуæгъд ысты мæ зæрдæйы рохтæ?
Æз афтæ куы ‘нхъæлдтон, чъырын арт æруазал,
Æз афтæ куы ‘нхъæлдтон, тæлтæг уарзтæй рох дæн!

Сызгъæрин бæллицтæ... Сызгъæрин фæрдгуытæ
Ызмæлынц, æрттивынц мызул-мызул халæй...
Бындары рæсугъд чызг, сæ кæнæг ды куы дæ,
Уæд ма сæ дæ цæсгом куыд бахъæцы халын?

Цы загъдæуа? Басур йæ бырынкъ мæ сисæн...
Уый атахт мæ рæзты дæ рухс фæлгонц маргъау.
Нæй зæрдæйæн алы уæздан къухтæм исæн...
Мæ лæппу мæм хаты: «Цæй, ракæн мын аргъау...»

Фæу ды рæствæндаг! Мæн арв дæр ныццæвæд,
Ныххурх та кæндзынæн мæ зæрдæйы ‘рра монц...
Æрмæст дыл мæ цæстæн йæ иу тигъ ныдзæвæд,
Æмæ мыл тындздзæнис йæ рухс базыр амонд!

КЪУЫПАЙЫ БАЛЛАДÆ

Иунæг цæнкуыл сыфтæр сусхъæды цъуппыл
Фæззæгæй уалдзæгмæ ризгæ лæзæрыд.
Диссаг, цы тых ын ныххæцыд йæ удыл,
Æви бындары ном баззайы ‘взæрыл?

Уыцы карз дымгæтæм уартау фæлæууыд,
Йе ‘рду дæр уымæн нæ фæкодтой тасын.
Уалынмæ барджынæй уалдзæг æрлæууыд,
Атыхсти, цин калгæ, сусхъæд бæласыл.

Къалиуты цадæггай базмæлыд салд туг,
Мæнæ сæ нал хъæуы бирæ фæцъæхмæ.
Рахæтыд хивæнд сыфтæрыл йæ «хъал» дуг,
Сабыр, æнæ сымæй расхъиудта зæхмæ.

Афтæ чысыл къуыпа мадзура, сонтæй
Галæгоны дæр фæхудинаг кодта!..


ИРЫСТОНЫ МÆСГУЫТÆ

Æрзадысты бындзар-дуртæй Ирыстоныл,
Сæ сæрмæ-иу цы пиллон сыгъд, цы ‘ртытæ!
Хæцыдысты нæртон лæгтау нæ рыст боны,
Ныр та лæууынц – нæ фыдæлтæн цыртытæ.

* * *

Саргъ æппæлыд: «Барæг, æз – дæ ныфс,
дæ хæссæг рагæй!»
Загъта бæх: «Цæут уæхæдæг, æз фæцудыдтон
уæрагæй».

ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОН: 75 АЗЫ



(1948)

Дурыл дур æрæвæрын, мæры тауинаг ныппарын, номы тырысайыл уæлæмæ схæцын алы хатт дæр хъæбатырдзинадыл нымад уыдысты, фæлæ уыдонæй ахсджиагдæр у Фыдыбæстæм, адæммæ, рæстдзинадмæ адæмы зæрдæты уарзондзинады æвæджиауы арт ссудзын.

БЕЗАТЫ Фаризæ

ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ХÆРЗГÆНÆГ

Хъазиты Мелитон, нæ дуджы зындгонддæр ирон фысджытæй иу, райгуырд 1948 азы Джеоргуыбайы мæйы 10-æм бон Хуссар Ирыстоны, Ногхъæуы. Ærдз йæ рæсугъддзинæдтæй ницы бахæлæг кодта фидæны фыссæджы райгуырæн гыццыл хъæуæн. Сæ хæдзары фæскъулæй райдыдта аргъæутты бæстæйы хуызæн диссаджы тулдз хъæд: æд хураефсæст Æхсæрджын фæз æмæ тæрсджын Хъæдыдзыхимæ, дзуарбадæнтæм цæуæг къахвæндæгтæ, æхсæв мæйы рухсыл рухс æфтауæг æрттиваг ælыгкъахæн æмæ, сæрд дæр ихы фæзгъæр ссарæн кæм уыд, уыцы цъалаимæ… Уæдæ сæрдыгон изæр тулдз хъæды æнæнымæц мæргъты цъыбар-цъыбур æмæ кæрæдзиимæ æхситт-ныхасы циндзинад та цыфæнды мælгъæвзаг дæр æххæстæй кæронмæ не ‘рфысдзæн: æгæр мæгуыр у адæймаджы дзырдуат уымæн…

Æхсызгон мысинæгтæй баззадысты хъæуы иумæйаг суадон æмæ бирæ чысыл суадонгуырæнтæ, арвылæнцайæг æнгуз бæлæстæ æмæ дæлвæзты дыргъдæттæ, сæндæттæ æмæ хоры хуымтæ. Уæнгтæ нæ рох кæнынц иугæндзон уддзæфы рог узæлд.

Кæрæдзимæ дæрддзæф æвæрд хæдзæрттæ: ам сæ хицæуттæ, кæмæ фылдæр зæхх æрхауа, ууыл нæ хъуыды кодтой, архайдтой къона саразынæн бæрзонддæр æмæ райдзастдæр къуыбыр равзарыныл. Æмæ æрвад-сыхæгтæ, сæхи къæсæртыл лæугæйæ, æнцонæй кæрæдзиимæ ныхас кодтой – иугæндзон рог дымгæ иу мыггагæй, иу артæй байуаргæ цæрджытæн (уыдонæй уыдысты, Мелитон кæм схъомыл, уыцы стыр фæрнджын бинонтæ дæр) сæ алы дзырд дæр бынатмæ хæццæ кодта…

Ирон лæджы фидауцджын миниуджытæй æххæст уыд Мелитоны фыд Хъазиты Реуаз (Резо, Ресо). Æгъдауджын уæвыныл, адæмы уарзын æмæ сын лæггад кæныныл сахуыр кодта йæ бирæ сывæллæтты. Уæдæ фæндаггоны сæ фæрсты æнæрхъуыдыйæ нæ ауадзын та уыд уазæгуарзаг хæдзарвæндадджы æнæхæлгæ фæтк.

Иры сæрæндæр, фæразондæр æмæ кæрдзындæттондæр сылгоймæгтæй иу, Мелитоны мад Куыдзион (Сено), йæхи бирæ сывæллæтты размæ ныййарæг мадау рæвдыдта, хæдзары цы цыппар æнахъом сидзæры æрæййæфта, уыдоны, стæй йе ‘мкъайы æфсымæры æртæ сидзæр

лæппуйы. Фæсхæст дæр ма сæ хæдзары дзæвгар рæстæг уыдысты, цалынмæ сæхæдæг хæдзардарджытæ не систы, уæдмæ. Æвадат ран, æххормаг æмæ тыхст рæстæджы уый уыдис Куыдзионы уды стыр фарн æвдисæн.

Ирон фысджыты хистæр фæлтæрты тыххæй фæзæгъынц: «Царды скъола сын уыд Ныхас». Мелитонæн та царды скъола уыдысты чысыл хъæуы царды фæлтæрддзинадæй хъæздыг цæрджытæ: мыггаджы лæгтæ – иуæй иннæ уæздандæр æмæ лæгдæр, уæззау зондыл хæст цæстуарзон хистæртæ æмæ коммæгæс сæрæн фæсивæд, зæрдæхæлар, цингæнаг дзырдарæхст зæронд устытæ æмæ лæггадгæнаг чындзытæ… Ам мыггаджы кæстæртæ уыдысты иу мады зæнæгау.

Æрдз, йæ аивдзинæдтæ уаргæйæ, рæдауæй бæргæ равдыста йæхи ацы бынæттæм, фæлæ сæм амæндтæуарæг ælгъин разынд: 90-æм азты гуырдзыйы ницæйагдæрты амæттаг бацис гыццыл райдзаст хъæу. Æрцыд ыл, зæронд устытæй-иу сæ рæсугъд, фæлæ æвадат ран истæуыл фæтыхсгæйæ æнæрхъуыдыйæ «æдзæрæг фæу», зæгъгæ, цы ‘лгъыст схауд, уый: лæгхор «уазджытæ» ныппырх кодтой уазæгуарзаг цæрæнбынæттæ, дзуарбадæнтæ, фехæлдтой сыгъдæг суадæттæ, амардтой, йæ къона ныууадзын кæй нæ бафæндыд, уыцы уæздан æмæ кусаг зæронд Иосебы. Суанг ма бæрзонд къуыбырыл, цыма сæ фæстæ кæй ныууагътой, уыдоны хуыздæр уыныны, хæрзаудæн сыл кæныны охыл æрбынат кодтой, уыйау цы уæлмæрдтæ уыд, уыдоны ингæнты цыртытæ (дуртæ) дæр фæхастой. Аластой Мелитоны фыд æмæ йæ фыдыфсымæр Рутены цыртытæ дæр. Цыбыр дзырдæй, фыдракæнд хæрзаудæныл фæтых…

Кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та – рæхуыст: бинонтæ иуы амондæй фæцæрынц, зæгъгæ, æвæццæгæн, ахæм уавæрты фæзæгъынц. Сæ фыды фæстæ кæрæдзи фæдыл цæрынхъуагæй се ‘нусон дунемæ фæцыдысты Мелитоны æртæ æфсымæры – сæ иуæй иннæ сæрæндæр, адæймагуарзондæр. Йæ сидзæрты хуræй нæ бафсæст хоты рæсугъддæр æмæ сæрыстырдæр, æнафоны идæдз Женя… Æмæ сæ алкæй æнамонддзинад дæр йе ‘гъатыр фæд уагъта æвзонг фыссæджы зæрдæйыл.

Фæлæ гæнæн нæй, цард дæр йæ фыдвæлварæнтæ тыхджынтыл æвзары, лæмæгъы ауурдынæн та цы хъæуы, зæгъгæ! Хъысмæты цæфтæн бафæразын дæр лæгдзинад у. Зонд æмæ хъару хъæуы, цард адæймаджы цы уавæрты сæвæра, уым цæрын базонынæн. Æмæ ссардта Мелитон дæр цæрын базонынæн фæрæз – куыст.

Куыст, фæллойы тыххæй бирæ куырыхон хъуыдытæ загъд æрцыд: «царды фæрæз», «фарны фæрæз», «æртæ фыдбылызæй – æрхæндæгæй, мæгуыр цард æмæ фыдракæндæй – ирвæзыны фæрæз» æмæ а. д. Мелитонæн дæр куыст у йæ иузæрдион цæдисон æмбал. Уый фæрцы кæны йæ уæззау хæссинаг рогдæр.

Поэт, прозаик, публицист, драматург, литературæиртасæг, филологон наукæты кандидат, Ирыстоны Фыдджыты цæдисы æмсæрдар Хъазиты Мелитоны ном нæ чиныгкæсджытæн рагæй зындгонд у, йæ фыст уацмыстæ æхсызгонæй кæсынц, куыд хистæртæ, афтæ кæстæртæ дæр. Уымæн æмæ сæ автор æвдисы царды рæстдзинад йæ сагъæстæ æмæ цинтимæ.

Фæстаг цалдæр азы Хъазиты Мелитон зæрдиаг фæллой кæны ирон литературæ иртасыны хъуыддаджы дæр. Мидисджын монографитæ ныффыста Хетæгкаты Къостайы, Дзанайты Иваны, Гаглойты Федыры, Джусойты Нафийы, Булкъаты Михалы, Ходы Камалы, Кокайты Тотрадзы, Джыккайты Шамилы сфæлдыстадыл. Цымыдисаг æмæ ахадгæ сты йæ фыст чингуытæ ирон литературæйы историйæ. Йæ удвæллойы ахадгæ бæркадæй æхсызгонæй пайда кæнынц скъолаты ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ, университетты ахуыргæндтæ, аспиранттæ æмæ студенттæ.

Зарæгæй куыд фæзæгъынц, адæймагимæ йæ царды райдианæй йæ царды кæронмæ æмдзу кæны, зæгъгæ, афтæ Мелитоны уацмыстæм дæр адæймаг, сывæллонæй ныхас æмбарын куы райдайы, уымæй зæронды бонмæ æхсызгонæй хъусы, æхсызгонæй сæ кæсы.

Сывæллæттæн цы дзæвгар аргъæуттæ, æмдзæвгæтæ, радзырдтæ æмæ пьесæтæ ныффыста, уыдон алы азты мыхуыры рацыдысты хуызджын нывтимæ хицæн чингуытæй: «Рувийы балц» (1983), «Дзыхыкъæбæл» (1987), «Дæ сау чызг» (1988), «Гæдила паддзах» (1990), «Саг» (2000), «Æппæлой мыст» (2002).

Студенты бонты æрыгон адæймаджы цардыл цы уацмыстæ снывæста, уыдоныл кæд дæс æмæ дыууиссæдз азæй фылдæр рацыд, уæддæр сæ персонажтæ бирæ цæмæйдæрты сты абоны студентты халдих: фæлварæнмæ бацæттæ кæнынæн ма сын не сфаг вæййы иу бон; студент фæлварæны дыууæ исгæ нæ ракæны, ахуыргæнæг ын æй сæвæры; алцыдæр фæзоны, фæлæ цæмæндæр фæлварæны йæ зæрдыл ницыуал фæлæууы. Уæд дæр æмæ ныр дæр бæллиццаг усгуртыл нымад сты, сæ мыздæй уæлæмæ сæ къухы исты кæмæн æфты, уыдон æмæ а. д. Ис сæм хицæндзинæдтæ

дæр: ныры студенттæн сæ царды уавæртæ бирæ хуыздæр сты, фæлæ, ахуырыл зæрдæйæ чи у, уыдоны нымæц зынгæ фæкъаддæр; зонынц, диплом куы райсой, уæддæр сæ, цы дæсныйадыл ахуыр кодтой, уый, чи зоны, æппындæр ма бахъæуа (фæлæ ацы æфсæнттæ арæх баст вæййынц абоны æхсæнадон цардарæзты къуыхцытимæ).

Аив литературæ адæймагæн цардыл ахуыр кæныны егъау фæрæз у, кæуылты ахады йæ хъомыладон тых, æмæ Мелитоны уацмыстæ æвзонг чиныгкæсæгæн æххуыс сты адæймаджы бæллиццаг æмæ æнæзæрдæзæгъгæ миниуджытæ уынынæн, хи бахъахъхъæнын цы уавæртæй хъæуы, уыдон иртасынæн. Уырны мæ, Мелитоны уацмысты чиныгкæсæг чызджытæй исчи фендзæн, фыдæнхъæл æй чи фæкæндзæн, уыцы «сæрæн» лæппуйы (бирæ рæуæууæнк æвзонг чызджыты фæкæнынц фæсмойнаг рæсугъд рог машинæты рогсæр æмæ уæззаудзыпп хицæуттæ), лæппутæй та исчи фендзæн, бинонты æмæ йын адæмы раз йæ сæр чи ‘руадзын кæндзæн, уыцы саурæсугъды.

Егъау бынат ис фыссæджы сфæлдыстады, æхсæнады хуымæтæг кусæг лæгæй чысыл бæрзонддæр чи схызт, уыдоны царды уаг æмæ фыдуынд митыл ныхасæн дæр.

Фыссæджы уацмыстæ ахуыр кæнынц æцæгдзинæдтыл, царды бæрзонд аргъ кæныны аккаг цы у, уый уыныныл, уæлдайдæр йæ уацаутæ «Алмас», «Сызгъæрин уадындз», «Фыдæмбæлæг» Сано», «Мæ мæгуыр фыд», «Æнæвдæлон» æмæ æнд. Алывæрсыг у сæ тематикæ йæ уацмысты æмбырдгæндтæн дæр: «Фæлдзæуæн рæстæг», «Чызджы зæрдæ», «Алмас», йæ новеллæты цикл «Æууæндын Адæймагыл», «Чырыстийы фæдзæхст», йе ‘мдзæвгæтæ æмæ радзырдты æмбырдгæндтæ «Хæстарыд Ирыстон», «Алдымбыд», «Цатыр», «Фæдис».

Нигер Горькийы тыххæй афтæ загъта: «...зондджын адæймаг, курдиатджын адæймаг стыр адæмы «уæхсчытыл» куынæ лæууа, уæд никæдæм зыны». Уанеты Владимир дæр, Хостыхъоты Зинæйы сфæлдыстадыл дзургæйæ, зæгъы: «…хъыгагæн, бынтон чысыл адæм стæм, æмæ нæ хорз дунейы арæнтæм нæ ивылы…» Ахæм хъуыдытæм æрцæуæн ис, Хъазиты Мелитоны уацмыстæ кæсгæйæ дæр. Зæгъæм, Мелитоны уацау «Алмас» Джек Лондоны «Урс ссыр»-æй («Белый клык»), Гавриил Троепольскийы «Саухъус урс Бим»-æй («Белый Бим черное ухо») æмæ Чингиз Айтматовы «Плаха»-йæ дæлдæр не ‘рлæудзæн. Мæ ныхæсты рæстдзинадыл æнцонæй сразы уыдзысты, цыппар уацмысы дæр чи бакаст æмæ бакæса, уыдон.

Цы уацмысты кой скодтам – Джек Лондоны «Белый клык», Гавриил Троепольскийы «Белый Бим черное ухо», Чингиз Айтматовы «Плаха» – уыдон иууылдæр æрцыдысты экранизацигонд, æмæ та ам дæр, гыццыл адæмыхæттытæн сæ уавæртæ къуындæгдæр кæй сты, уый бæлвырдæй разынд. Нæхи литературæ кæсынмæ дæр рæвдз не стæм, фаг нæм нæй лæмбынæг хъуыдыгæнæг литературæиртасджытæ, æгæрыстæмæй, литературон критиктæ дæр. Цырддзаст вæййы бирæ хатт нæ литературон критикæ хорз уацмысы искæй къахвæдтæ кæнæ æрмдзæф агурынмæ. Суанг Айтматовы «Плаха» кæд рацыд мыхуыры, уый бæрæггæнджытæ дæр фæцис, æмæ сæ уд се ‘муд æрцыд, йæ роман дзæвгар фæстæдæр фыст кæй æрцыд, уыцы фактæй… Хъазиты Мелитонмæ, хорз кæй фыссы, уый тыххæй се ‘лвæст кæрдтæ дзæгъæлы ист фесты.

«Хистæр кæм нæй, уым кæстæр ма агур», – зæгъы ирон æмбисонд. Мелитонæн уыд фæзминаг хистæртæ ирон литературæйы. Иу фæлтæр нæ, фæлæ цалдæр фæлтæры хистæртæ, æмæ сын уый дæр разынд аккаг кæстæр.

Джыккайты Шамил Джусойты Нафийы 70 азы юбилеймæ газет «Рæстдзинад»-ы йæ уац «Хæрзгæнæг»-ы фыста: «Нафи у хуымæтæг лæг æмæ хъомысджын ахуыргонд, хуымгæнæг æмæ рухстауæг, поэт æмæ гражданин. Йæ уæзданзинад ын дæтты ахæм хъару, æмæ цæргæ-цæрæнбонты у лæггадгæнæг æмæ зиууон, зиуы та йæ бон у кусын дæр æмæ зарæг сисын дæр. Йæ хистæртæн кæстæр у, йæ кæстæртæн – хистæр. Нæ классиктæн бæстон раиртæста се сфæлдыстадон бынтæ æмæ сын уымæй бакодта кæстæр æмæ фæдоны лæггад. Йæ кæстæртæн у зондамонæг æмæ ныфсдæттæг æмæ сын уымæн кæны хистæры æгъдау». Ацы ныхæстæ æнæ дызæрдыгæй зæгъæн ис Хъазиты Мелитоны сфæлдыстадон портрет аразгæйæ дæр. Уымæн хорз æвдисæн у йæ «Ирон литературæйы истори» æхсæз чиныгæй.

Фыссæджы цард æмæ сфæлдыстад ахуыр кæныны фæрстытыл чи кусы, уыдоны хъуыдытæ æнгæс сты, зæгъгæ, бирæхатт фыссæгæн йæ уацмысты персонажтæ, йæ арæзт фæлгонцтæ йæхи удыхъæд афтæ æххæстæй раргом кæнынц, æмæ йын уыцы нысанимæ йæ царды хабæрттыл дзурын æппындæр ницæмæнуал фæхъæуы. Мелитон дæр ис уыцы фысджыты номхыгъды. Зæгъæн ис хæрз цыбырæй, йæ райгуырæн хъæуы цæрджыты уды сконды цыдæриддæр хорзæй уыд, уыдон ардз схай кодта Мелитонæн дæр (уæззау зонды хицау, сæрæн, уæздан, сыгъдæгзардæ, уазæгуарзаг…), цыма йын ардз афтæ фæдзæхста, цæрын кæмæн нæ бантыст, уыдоны

бæсты дæр цæрын базон, дæ райгуырæн хъæуæн йæ ном сæфын ма бауадз. Æмæ фыссæг æххæст кæны уыцы фæдзæхст æнæсайд куысты фæрцы. Гыццыл пырх æдзæрæг хъæуы рæсугъддзинад хъуыдыйы баззад цæстытыл ауайынæн, йæ ном, йæ цæрджыты фæлгонцтæ та цæрынц Хъазиты Мелитоны уацмыстæй бирæты…



ХЪАЗИТЫ Мелитон

ХÆРÆМ НÆ ИУГОНД ИРЫ ЗÆХХÆЙ АРД

НЕ ‘ВЗАГ

Табу æмæ дын кад,
Уæлмигъбадæг Хуыцау.
Ирон дын уыд æрвад,
Табугæнæг хуындзау.

Нæ ис æмæ нæ бис
Нæ кодтам демæ дих.
Нæ исбонмæ иблис
Нæ уæндыдис æд сих.

Нæ мадæлон æвзаг…
Æрвгæрæттæм – йæ нæрд,
Æмæ фæкуыдта знаг –
Ныддардта нæм йæ кард.

Кæны нæ, Хуыцау, дих
Нæ æвзаг ‘мæ дæуæй.
Бынтыбырæджы сих
Цæуы æгæр цæуæй.

Ысæххæст нæм йæ къух,
Ыстонид нын нæ уд.
Йæ бæрзæй йын ныздух,
Нæ къæхты бын – йæ худ.

Куыд ыл рахæта дуг,
Куыд атона йæ маст!
Куыд басур уа йæ туг –
Кæнæд йæхицæй хъаст.

Æмæ цæрой кæдмæ
Нæ хъæстæ æмæ не ‘взаг,
Йæ уадултæ уæдмæ
Хæрдмæ фæтонæд не знаг!

* * *

Байрæзт Ир æрдзæ æнусты.
Цардæй байрад тохы, куысты.
Сагælвæст – нæ уонг, нæ астæу,
Судзгæ зынг стæм хъазты астæу!

Баззад диссагæн нæ уонгдых!
Никуы нæ сайы нæ хотых.
Рафæлдахæм саг, дзæбидыр,
Зæдтимæ æмхуынд стæм иууыл.

Афтæ размæ тæх, саг ирон,
Хохаг дæ æви быдирон –
Хурæй рухсдæр у нæ фидæн,
Гъемæ йын нæ удтæй фидæм!

ДЗÆБИДЫР

Хуры цæст рæвдаугæ
Хохы цъуппыл сæмбæлд,
Папитæ нымайгæ…
Былы сæр мæнгæвæрд –

Дзæбидыр ælвæстсы.
Цыма никуы ницы –
Хауынæй нæ тæрсы.
Сæр бæрзонддæр сисы.

Хур хæцы йæ тынтæй
Дзæбидыры сытыл.
Дзæбидыр йæ сытæй
‘Рцауындзæг ис тынтыл.

Афтæмæй фæлгæсы
Дардыл хохы бардуаг.
Ницæмæй нæ тæрсы
Сомыгæнæн сайраг!..

Ехх! Мæ зæрдæ, ма кæн,
Ма мыс уыцы бонтæ.
Афтæ баззад махæн, –
Нал ыстæм æвзонгтæ.

Ма скæнæм фыдохæн
Царды ристæ стыртæ.
Дзæбидыræн тохæн –
Йе ‘лвæст сайраг сытæ!

ЙÆ АХСÆНЫ ПАТРИОТ

Историйыл бæтты нæ ис, нæ бис –
Нæ сæхъис бæндæн иудагъæй кæм не ‘ххæссы,
Кæны йæ уым дыдагъ, фæлæ сæхъис
Къæрид кæрцы æмпъызт фæччитæ не ‘мбæхсы.

Нæ уæзгуытæ ныддих кæныныл загъд
Кæны, хæры йæ сау хуыниз.
«Фылдæр зынæм!..» – йæ хъæлæсы ныссагъд.
«Фылдæр исæм!..» – дыгæйттæ дæйын сахуыр ис.

Дыууæ артмæ дæ дыууæ фарсы тав! –
Бæсты фесæфты ахæмы дон не змæнты.
Фыдæлты фарн дæ над ахсæнæн дав –
Тæлфы æрмæстдæр ахæм бæллиц йе змæлды.

Æмæ, ай-гъай, æвæлмон цардæй цæр:
Нæ Иртæй иумæ знаджы къух куы ‘рбаххæссы,
Куы йæ хъæуы лæгæвзарæны сæр,
Уæд уый æдасæй иннæ Иры бамбæхсы!

СТЫР, БÆРЗОНД ХУЫЦАУ

Ир – Едемы къæртт –
Цыма зæды бал.
А фарн зæххыл ын
Не ссардзынæ ‘мбал.

Алы бæрзæнд нæм
У зæды бадæн,
Алы дзæнæт къуым –
Кувæн дауджытæм.

Гъемæ кувæм дæм,
Стыр, Бæрзонд Хуыцау!
Дыууæ Иры ‘хсæн
Ма згъал сау хуыр, сау…

Бахуд уый бæсты
Махмæ дæр, Хуыцау.
Баиугонд Ирæй
Систæм дын, Хуыцау,
Систæм рухс хуындзау.

НЫХМÆВÆРДТЫТÆ

Адæймаджы сæрыл
цæстыты ‘хсæн фындз æрзади –
гъæйтты дуджы макуы
ма фæтар кæной кæрæдзи…

Адæймаджы сæры
дыууæ фарсыл хъустæ ‘рзади –
алырдæм æххæссой,
макуы хъыгдарой кæрæдзи…

Уе ‘гæр калат, хæхтæ,
Ирæй Иры ‘хсæн сис айсут –
мах, нæ ирон адæм,
баиумæ нæ былыцъæрттæ хæрæм.

ЦХИНВАЛ – 1

Ирыстоны тæхгæ стъалы,
Фæрнджын æмæ хæстон горæт,
Фыдызнагæн тых чи ары,
Адджын мын дæ, æмтуг æрвад.

Цхинвал, Цхинвал,
Цхинвал, мæ бон,
Тæмæнтæ кал
Æхсæв уа, бон!

Цъæх арвы бын дæ фатау раст.
Дæ амонд уыд уæлæрвтыл баст.
Уæларвæй нæм цы амонд каст, –
Нæ фыдызнаг – æгады саст!

Цхинвал, Цхинвал,
Цхинвал, мæ бон,
Тæмæнтæ кал
Æхсæв уа, бон.

Дæ амонд уыд цъæх мигъты ‘мбæхст,
Куыд райхæлдтæ хæсты фæстæ!
Æнусбонтæм у фарныл хæст!
Уæнт фарнхæссæг дæ цæргæстæ!

Цхинвал, Цхинвал,
Цхинвал, мæ бон,
Тæмæнтæ кал
Æхсæв уа, бон!

ЦХИНВАЛ – 2

Ирыстон у дзæнæт бæстæ.
Цхинвал ысси йæ рухс зæрдæ.
Кæуылты сты нæ хорз фæзтæ!
Фæлгæсынц дæм нæ рагъсæртæ.

Цхинвал, Цхинвал, мæхи Цхинвал –
Мæ уды ныфс, мæ уды ‘мбал!
Цхинвал, Цхинвал, Цхинвал – мæ уарзт,
Дæ цæстытæй – мæ хурыскаст!

Нæ амонд у Цхинвалыл баст –
Цъæх Леуахийы стыр зарæг.
Уæларвæй нæм цы амонд каст!
Дæ фæрцы систæм хорз цæрæг.

Цхинвал, Цхинвал, мæхи Цхинвал,
Мæ уды ныфс, мæ уды ‘мбал!
Цхинвал, Цхинвал, Цхинвал – мæ уарзт,
Дæ цæстытæй – мæ хурыскаст!

Дæ амонд уыд цъæх мигъы ‘мбæхст.
Ног райгуырдтæ тыхы фæстæ!
Мæхи Цхинвал – нæ фарныл хæст!
Дæ кадыл фыст – мæ ныхæстæ.

Цхинвал, Цхинвал, мæхи Цхинвал,
Мæ уды ныфс, мæ уды ‘мбал!
Цхинвал, Цхинвал, Цхинвал – мæ уарзт,
Дæ цæстытæй – мæ хурыскаст!

ХЪАЗИТЫ Мелитон

ÆУУÆНДЫН АДÆЙМАГЫЛ

Радзырд

Æхца мæм уыд. Фагæй уæлдай нæ зæгъдзынæн. Чи зоны, фаг дæр нæ уыдысты. Фæлæ фыр мæстæй мæ дæндæгты хид фæкæлы, йæ уæлæдарæсы къæс-къæсмæ йæ сæр æврæгътыл хафгæ чи рацæйцæуы, æхца æнæмæт зыгъгъуытт чи бакæны, лыстæджытæ нæ хъæуы, зæгъгæ, йæ къух куыдфæндыйы уагъд чи акæны, æрттиваг галуантæ чи сыскъæры, гауызтæй сæ чи байдзаг кæны, афтæмæй сыл йæ къах чи никуы ‘рæвæры, йæ хæдзары фарсыл бакъуркъауæвæг тъыгуыцы куыдзы цард чи фæкæны, уыдонмæ.

Мæ ныхас зæлдагуафæгау рауайа, мæ намысыл къæм ма абадайы тыххæй нæ зæгъын – хæлæг сæм кæнын, зæгъгæ, мæ зæрдæмæ никуы ныдздзырдтон. Зонын, æхца бæрц холы у – цас дзы фылдæр ратонай, уыйбæрц иннæтæ сæ гуыбыны хъуыр-хъуырмæ тынгдæр хъусдзысты.

Фæлæ ныр мæнмæ дæр уыд æхца. Сæр зилыны фаг. Иудзæвгар схъæлбæрзæйæ ацæрыны фаг. Мæ цалдæр азы куысты мызд – гонорар. Æцæг сæ мæ сæр æххæст нæма разылд. Мæ уд дисæй мард: цæмæн мæ хъæуынц уыйбæрц æхца?

Нæ мæ фæндыд мæхиимæ быцæу кæнын. Нæ мæ фæндыд ныхъхъуыды, ныссагъæс кæнын, мæ зæрдæйы ирд равг халын. Уыдтæн хъæлдзæг. Хъæлдзæг æмæ æппæтхъом. Аходæныл судзаджы фæрсты рахызтæн, æмæ мæ сæр гæзæмæ кодта зилæгау. Мæхицæн æй уырнын нæ кодтон, зæрдæйæ хатыдтæн: мæ дзыппыл сармадзаны нæмыг сæмбæлд, мæ буарæй æрду атонын нæ бауыдзæн йæ бон.

Уый мыл цы худæг æфтыдта!

Ноджы развæлгъау мæ цæстытыл уад мæ «хæлæртты» кæнгæ мидбылхудт, ме ‘рмттæй фæйнæрдæм пæррæстытæгæнæг гæххæттын цъæх мæргътыл куыд тайынц сæ цæсты фиутæ… Рагæй фæстæмæ дæр мын мæ лæгдзинад хадзытау мæ дзыппæй барстой. Ныр сыл худтæн…

Уый цух ма уыдтæн, шофыр хъæлдзæг ныхæсты голлаг разына!

– Хах-ха-ха!..

– Хох-хо-хо!..

Машинæ схуыста размæ.

Æвиппайды зæрдæйы тæгтæ арæдывта йæ цæлхыты цъæхснаг хъыллист… Сылгоймаджы цъæхахст…

Цæхгæр ныззылдыстæм. Машинæйы раззаг авгыл мæ ныхы тъупп фæцыд. Мæ амондæн бакодта æрмæст мæсты худт. Машинæйы авг. Уæддæр мæ сæр фестад куыройы цалх. Йæ зилынæй куы фенцад, уæд мæ хъуыды фыццаг цы ацахста, уый – сылгоймаджы зонгæ, тарст цæстæнгас. Нæ машинæмæ прожекторау ныккомкоммæ фæндаджы хъусæй. Стæй сылгоймаг къабузджын бæласау цæнгтæтыгъдæй рафæлдæхт нæ размæ. Йæхи уæзæй. Æвналгæ йæм ничи фæкодта. Цыма йыл цыдæр дæлион дымгæ радымдта...

Адæм фæндаджы хъæбæрыл æддæг-мидæг ауадысты. Тарст каст, тарст рауай-бауай кодтой. Кæрæдзи сæрты астæуырдæм ивæзтой сæ къубæлттæ.

Ныр æй зонын, машинæйæ сонт гæпп ракодтаин. Уæд æй нæ фæхатыдтæн. Адæмы ‘хсæнты мæ цонгдыхы фæрцы мæхицæн фæндаг айгæрдын баци мæ бон.

Мæхи кар, йе ‘взонджы бонтыл ма дæндагæй ныззæгælуæвæг сылгоймаг асфальты хъæбæрыл хуыссы уæлгоммæ. Йæ сæр – йе уæхскмæ дыдагъ. Йæ цъæррæмыхстытæ, уæздан, гæзæмæ цыргъ æфсæрыл йæ былы кæронæй æруад туг. Чидæр ын йæ зæронд модæйыл хуыд пъалтойы фæдджийæ йæ зæнгтæ æрæмбæрзта. Уæддæр йæ уæрджыты цур зыны йæ капрон цъындайы скъуыд. Йæ цæг алыгъд. Кæйдæр æнæмæт арм æй кæрæдзимæ фæхæцын кодта ставд сынчытæй.

Мæ зæрдæ ныдздзынæзта. Йæхи ныххоста риуы къултыл. Мæ чысыл раздæры цинæвдылд уд ныккодта уазал дыз-дыз. Мæ тарст цæстæнгас та йæхи аппæрста сылгоймаджы цæсгоммæ, æгæр раджы банцъылæг цæсгоммæ. Ныфсмард цæсгоммæ.

– Ды йæ федтай, нæ?! Ды йæ федтай! Йæхи æрбаппæрста мæ машинæйы бынмæ! Руль ма фæзылдтон… Уæддæр ыл снидзæвд…

Шофыр мыл æрбахауд. Згъалы йæ цæссыг.

Æз та…

Къорд азы размæ дæр ма цардтæн æххуырст хатæны.

Мæ фысымты сыхæгтæм дæр фатеры цардысты мад, фыд æмæ сæ иунæг чызг-бындар. Фыд – ацæргæ, мадзура лæг. Йæ къухтæ цыма йæ дæрдджын, даргъвæдджи къандзолы дзыппытæй сза-

дысты. Йе ‘рмттæ йын уæле никуы федтон. Йæ хауд тæнтæ-иу сæ балхъывта. Райсом раджы-иу гуыбыр-гуыбыр фæцæйуад куыстмæ. Изæрæй-иу йæ фæндаг ракодта дуканийыл, йæ дæларм-иу æрцæйдавта ногконд дзул.

Мад – къæсхуыртæ, рæстæмбис, йе ‘мкъайæ бæрæг æвзонгдæр сылгоймаг. Бакастæй, дыккаг хатт кæй фæдыл акæсай, уыдонæй нæ уыд. Æхцацух, цардцух æййæфта, уый йæ фыццаг бакаст, йæ уæлæдарæсæй дæр бæрæг уыд. Уыдонæй йæ цы нæ фæци, уый æвзагæй баххæст кодта. Йе схъæлзæнг, тæлмастæу æвзонг чызг-бындар Хангуассæ-иу модæйыл хуыд дарæс, бæрзондзæвæтджын туфлиты къæскъæсгæнгæ, мидбылхудгæ горæтмæ куы фæцæйцыд, уæд-иу йæ фæдыл æнæ рауайгæ нæ фæуыдаид. Сыхы устытæй йæ цæст искæуыл æрхæцыд, зæгъгæ, ныуурæдтаид æй. Цыма Хуыцау йæхицæн ницыуал ныууагъта, Хангуассæйы номимæ сæ уый фыццаг скодта, суагъта-иу йæ сæрдыгон æвзаг.

– Йæ гыцци – йæ нывонд! Мæ чызг йе ‘мбалмæ фæцæуы. Институтмæ сæхи цæттæ кæнынæй сæ мæдты удтæ схаудтой.

– Кусгæ дын никуы кæны?

– Гъæй, мæ мард фен! Мæ иунæг чызг-бындары къапеччытæм æрхаудтæн?! Фæлтау мæ хъуыры хус къæбæр макуы ныххизæд. Мæ чызг-бындар хъуамæ адæмы ‘хсæн дидин æфтауа. Хъуамæ сахуыр кæна!

Уыцы фысымтæй раджы ралыгътæн. Нæ горæт стыр нæу, фæлæ мæ сыхæгтыл мæ цæст никуыуал æрхæцыд.

Фæстæдæр иу чындзæхсæвмæ бахаудтæн. Тæккæ фæззæджы тæмæны. Нæ хæхбæсты фæззыгон къæвдайы ‘ртах стджыты фæхизы иннæрдæм. Уым арв дæлæмæ æрхаудта. Фæсивæд дæр хæдзары уæрæхдæр хатæн сæхи бакодтой. Мыст йæ къæдзил кæм расæрфтаид, уый дзы нал уыд, зæгъин, фæлæ исчи, рæсугъд ирон æмбисонд дзурын, куы фенхъæла. Хæдзары цъыфæйдзаг гауыз-астæрд сæ никæмæ зынд. Уæддæр нарты симд самадтой. Нарты симд, мыййаг, нæ кафыдысты, уымæн нæ зæгъын. Чызгæй-лæппуйæ, чи кæй цонгыл куыд фæхæст, тымбыл-цæгæй æрхæцыдысты сæ кæрæдзи уæхсчытыл. Уыдон мидæгæй – æндæр цæг. Æртыккаг цæджы астæу уынгæг зиллаччы кафыны амонд кæмæ хауд, уыдон – амонджынты-амонджындæр. Фæндыр, гуымсæг æмæ уадындзы цъæхснаг зæлтæм чепенагæнæгау кодтой.

Кафджытæй кæйдæрты зыдтон. Сæ тæккæ бухъзæрдыл уыдысты. Кафыны зæрдæ мæм ис æви нæ, уымæй мæ афæрсыны аккаг не скодтой. Ацахстой мын мæ цæнгтæ. Семæ мæ айстой. Æддаг цæгæй мæ мидæггаг цæг акодта скъæфæгау. Стæй мæ иу бæрзонд рæсугъд чызг скодта хъæбысгæнæгау. Айста мæ йæ разæй. Æртæ цæджы астæу аззадыстæм сæмæнау. Йæ гагуыты гæзæмæ зивæггæнаг æрттывд, йæ уадулты сырхæй бæрæг уыд – фæлæууыд судзагыл. Уый йын йæ зæрдæ ноджы схъылындз кодта.

Ирон кафт нæ кодтам, уый зонын. Шейк дæр нæ кафыдыстæм. Æниу нын не уæнгтæ айвазæн нæ уыд. Цы кафæм, расыг фæсивæды ‘хсæн мæ ууыл ахъуыды кæныны бон нæма фæци. Чызг мæм фæкаст зонгæйы хуызæн. Мæ хъуыдыйы йæ ахстон æмæ йæ мæнæ базыдтон: Хангуассæ у. Нырма – фыццагау рæсугъд. Æцæг, йæ тæлмастæу фестæвддæр. Йæ уадултыл фыд рахæцыд.

«Чындзы ацыд…» – мæ хъуыды кæронмæ нæма ахæццæ, – чызг февнæлдта йæ модæйыл хуыд пиджакгонды дзыпмæ. Уыцы сæртæг музыкæ, фæсивæды чыр-чыр æмæ дзолгъо-молгъойы ‘хсæн мæ хъус ацахста гæххæттын ног æхцаты къæр-къæр. Ауыдтон ма, йæ пырхармæй фæндырдзæгъдджытæм фæцæйтахтысты сырх гæххæттытæ.

Ирон хъазты фæндырдзæгъдæгæн «мæнæ дын æхца æмæ мын ацæгъд» загътаис, æмæ дæ ныхас стыр туджы пырхæнтæ расайдтаид. Фæндырдзæгъдæг йæ сæрмæ ахæм худинаг не схастаид. Уымæйдæр, сылгоймаджы армæй!..

Æнæмæнг мæ зæрдæйы тыхст мæ цæсгомы фыстыл разынд. Фысымты лæппу йæ бакаст. Баххæст мæм йæ нуарджын арм:

– Мæ уазæг… Мæ уазæджы уал мын рауадзут!

Фæстæмæ ма иу каст фæкодтон. Музыкæйы зæлтæм. Бæрæг та фæрæвдздæр сты. Хангуассæйы пырхармæй та сырх гæххæттытæ æрмахуыр бæлæттау фæцæйтахтысты фæндырдзæгъдджытæм.

Кæм мыды къусыл бады, йе ‘мкъай кæм царвы ленк кæны? Мæ зæрды уыд зонгæтæй искæй афæрсын. Мæ былтæ уæлдай змæлд фæкæныны бон мæ нæ фæцис – æрбауайæггаг, нуазæн, «къулбадæг ирон» фынджы æгъдæуттæ…

Ныр цалдæр азы фæстæ йæ уæды цардæфсæст цæсгом æрбалæууыд мæ зæрдыл, йæ зæронд модæйыл хуыд дæрдджын пъалто, йе скъуыд цъында, йæ тæригъæддаг тугамæхст цæсгоммæ кæсгæйæ.

– Рынчындонмæ!.. Машинæ!..

– Ныртæккæ! – тарст шофыр тарст адæмы ахаста йæ разæй.

Хангуассæйы систон мæ хъæбысы. Æвæццæгæн æй йæ цæфтæ сагайдтой. Схъæрзыдта. Зивæггæнгæ тыхконд бакодта йе стыр сау цæстытæ.

– Баххуыс мын кæн! – йе ‘дых цæнгтæ ацауындзæг сты мæ хъуырыл.

Йæ дæрдджын ныллæгзæвæт урс дзабыртыл рынчындонмæ не схæцыд мæ цæст. Сæ зæвæттыл, цæмæй фæбæрзонддæр уыдаиккой – резинæ хуыд. Сæ фидыц цыма уыцы резинæйы гæппæлтæй тæрсгæ фæкодта.

Мæ зæрдыл та æрбалæууыд, кæддæр-иу йæ тасгæ гуыр куыд сæрбæрзондæй рацæйхаста… Йæ пырхармæй æрмахуыр бæлæттау сырх гæххæттытæ куыд тахтысты музыкæмæ… чысыл раздæр машинæйы мæ дзыппы ныфсæй дидинæг куыд æфтыдтон…

Мæ зæрдæ фæтарст цæмæйдæр. Ме уæнгтæ баихæнриз кодтой. Мæ дзыппы æхцатæ фестадысты фынæй кæлмытæ. Стæй райхъал сты. Базмæлыдысты. Бавнæлдтой мæм дæндагæй.

Мæхи ма баппæрстон дохтырыл.

– Дзæбæх æркаст æм куы уа… ис хостæ… зынаргъ сты… – дохтыр мæ бары цæстæнгасæй – фестъæлфдзынæн зынаргъы коймæ.

Чи йын дæн, уымæй мæ нæ бафарста.

Мæ дзыпп та базмæлыд хицæн, удæгас буарау. Хъуамæ мæ уды кондмæ гæсгæ батыхстаин. Фæндыд мæ мæхи атонон… мæ дзыппæй. Æвæццæгæн та фæивта мæ хуыз.

Рæстæмбис, нæрст дохтыры хуыз дæр фæивта. Йе ‘рфгуытæ фæтар сты. Æнæмæнг, æхцайы коймæ фæтарстæн, фенхъæлдта.

– Бацархайдзыстæм… – базивæг кодта дзурынмæ.

Йæ хъæлæс уазал уыд. Уазал æмæ уæззау. Фыццагау ныфсджын нæ разынд.

Ме уæнгтæ йæм ныррызтысты. Мæ ныфс мын ма амара – фæтарстæн. Фæтарстæн æмæ йын йæ цонг ацахстон.

Мæ зæрдыл ма хорз лæууыд, ме ‘ннæ арм мæ хæлафы дзыппы разылд. Дохтыры урс халатмæ сарæзта йæ ных. Йæ цæст ыл андæгъд. Дохтыræн. Мæ ризгæ армыл. Армыдзаг кæрдæггъуыз гæххæттытыл дæр.

– Дохтыр…

– Ма тыхс! Æппæтдæр уыдзæнис нывыл! Фæкæс-ма-иу, уæдæ!

Йæ цæстыты æрттывдмæ куыд фæивта йæ хъæлæс дæр! Дохтыры хъæлæс. Уыд ныфсджын. Æппæтхъом.

Цыма дзы тæрсгæ кодтон – рынчындонæй лыгътæн хуыснæгау. Мæ дзыпп уыд мæ буарыл æндæгъд æмæ мын мæ зæрдæ арсы сойæ сæрдæгау кодта. Уæддæр мæхи ластон ауыæттæм. Сыгъд мæ цæсгом. Сыгъд æмæ йæ уынгты цæуæг адæмæй æмбæхстон. Сыгъд, мæ дзыпп удæгас буарау кæй нал змæлыд, уыцы низ дохтырыл кæй бафтыдтон, уымæй. Судзы ныр дæр. Мæ цæсгом. Фæлæ дохтыры ныфсджын хъæлæс нæма бамыр мæ хъусты: «Æппæтдæр уыдзæнис нывыл! Фæкæс-ма-иу, уæдæ!»

Æууæндын ыл. Дохтырыл нæ. Уый йæхæдæг дæр хостæ… æхцайыл æууæнды. Æз Адæймагыл æууæндын. Æууæндын Адæймагыл. Хангуассæйæн йæхиуыл.

Уадз, салам дæр мын ма зæгъæд. Фæлæ йæ фенон… Нывыл. Йæ дæрдджын пъалто, йе ‘мпъызт цъындайы дæр. Æрмæст… хъысмæтæй йæм цы ныллæгзæвæт урс дзабыртæ æрхаудта, уыдон зæвæттыл уæлдай резинæтæ хуыд куынæуал уа.

Æууæндын Адæймагыл. Хангуассæйæн йæхиуыл.



Мелитон йæ хæлæрттимæ. 2023 аз

ЦÆГÆРАТЫ Максим

ДЗЕРАССÆЙЫ ФÆЗЗÆГ

Документалон уацау

I. КÆДДÆРЫ ФÆЗЗÆГ

Афæдзы афонтæй фæззæгæй фылдæр никæцы уарзы Дзерассæ. Ома йæ зæронды кары бацыди, уый тыххæй нæ. Кæй зæрдæ нæ фæцин кæны уалдзæджы æрцыдыл!

Кæй риуы не ссудзы уалдзæджы уарзондзинад. Фыццаг дидинæг. Фыццаг кæрдæджы хал. Цъиуты фыццаг цъыбар-цъыбур.

Кæнæ сæрд... Дыргъты уæзæй бæлæсты къæс-къæс. Райсомы æртæхæй æхсад дидинæгджын уыгæрдæнтæ. Гоппон цъиуы зæрдæхъалгæнæг зарджытæ. Стæй, денджызы уылæнтау фæйлауæнтæ чи хæссы, уыцы мæнæуы хуымты сæрмæ гакк-гуччы иугæндзон катай: «Гакк-гукк, уæ чызджы мын раттут»... Иу дзырдæй, уарзы Дзерассæ, цин кæны афæдзы афонтæй алкæцыйы æрцыдыл дæр ныр цыппæрдæс æмæ æртиссæдз азы. Фæлæ фæззæг... Уый уæлдай хъулон уарзтæй уарзы. Стæй хуымæтæджы нæ...

Раджы уыд уый. Тынг раджы. Уæд колхозтæ дæр нæма уыдысты. Æвæджиау хорз рæстæг ахаста – адæм сæ фæззæджы фæллой бафснайдтой, уæддæр ма хур йæ цæстыдзагæй касти, хъарм дымгæ кодта. Æрмæст райсомы халас æвзист доны пырхæнтæй æрттывта æрæгвæззæджы таугæрдæгыл, хæдзæртты æмбæрзæн дуртыл.

Иу ахæм райсом фыд райхъал кодта йæ гыццыл чызджы.

– Быдырмæ мемæ цæуыс? – бафарста йæ фыд.

Чызг йæ цæстытæ аууæрста æмæ йæ сæр разыйы тылд бакодта.

– Цы та сфæнд кодтай? Хуыссын æй бауагътаис, – бахъуыр-хъуыр кодта мад.


– Уæрдоны дæр афынæй кæндзæн, – дзуапп радта фыд, – æрмæст мын мæ кæрц рахæсс...

Фыд æмæ мадæн дыккаг зæнæг уыдысты Дзерассæ æмæ йæ фаззон Аслæнбег. Хистæр гыццылæй амард, æмæ уымæ гæсгæ фаззæттыл дыууæйæ дæр уæлдай æнувыд уыдысты.

Фыды кæрц афтæ фæлмæн æмæ хъарм уыди, уæрдон æй афтæ сабыр уызта, æмæ чызг уайтагъд афынæй. Фыды æнкъард зарæг, бæхы цæфхæдты къæрцц-къæрцц ма йæм кæцæйдæр дардæй хъуыстысты.

Дзерассæ райхъал карст нартхоры хуымы кæрон. Бæх чысыл

æддæдæр кæрдæгыл хызти. Фыд хуымы астæу лæууыд æмæ арвы цъæхы цыдæр агуырдта. Æвæццæгæн æй хур хъыгдардта, æмæ галиу къух ныхыл сæвæрдта. Уый касти хърихъуппытæм. Уыдон цæуылдæр схъомпал сты, тарст хъæр кодтой, сæ мидбынат зылдысты. Стæй дзы цалдæр фæкъорд. Хæхты ‘рдæм нал, фæлæ Арыхъы ‘рдæм аздæхтысты. Иннæтæ сæ фæдыл ныххал сты. Фыд æрмæстдæр уæд бафиппайдта, чызг уæрдоны гуыффæйы куыд лæууыд æмæ хърихъуппыты фæдыл куыд касти, уый. Æрбацыд æм.


Бæдтиаты-Дыгуры Дзерассæ

– Райхъал дæ? – йæ къухæй та хурауун акодта, афтæмæй йæ афарста фыд. – Кæсыс да-а-лæ рагъы сæрмæ, се ‘мбæлттæй иу фæсте баззад, æмæ йæм аздæхтысты...

– Æвæццæгæн, бафæллади, – ныуулæфыд чызг.

– Æвæццæгæн, – сразы фыд. – Вæййы, алы хърихъуппыты балы дæр вæййы ахæмтæ. Сæ базыртæ нæма сфидар вæййынц, фæндæгтæ нæма фæзонынц. Стæй уæд сæхæдæг балы разæй цæуын байдайынц...

Чызг хъуыста йæ фыды ныхæстæм, касти хърихъуппыты фæдыл, стæй æрæджиау бафарста:

– Æмæ ам цæуылнæ лæууынц? Кæдæм тæхынц?..

Фыдæн æхсызгон уыд, чызг æй афтæ кæй бафарста, уый, æмæ сывæллоны къæбæлдзыг сæрыл йæ къух æрхаста, фæлмæн хъæлæсæй загъта:

– Ам дæр баззаиккой, фæлæ... Ам зымæг уазал вæййы. Кæдæм тæхынц, уым та хъарм у. Уалдзæджы та сæ фæстæмæ ардæм хъæуы...

– Уазал куынæуал уа, уæд?..

– О-о...

– Æмæ уæд, хъарм кæм у, уым цæуылнæ цæрынц? – йæ фыдмæ та хæрдмæ скаст чызг.

Фыд фæкъуыхцы, стæй æрæджиау загъта:

– Куыд дын æй зæгъон, нæ зонын... Цæвиттон... Гуыргæ ам ракæ-

нынц... Æмæ кæм райгуырынц, уыцы бынæттæ рох нæ кæнынц... Зынаргъ сын вæййынц... Бамбæрстай?

Чызг исдугмæ цæуылдæр аджих, стæй бафарста:

– Дард у уыцы хъарм бæстæ?..

– Дард...

– Æмæ куынæ бафæраза, уæд та?

– Кæмæй зæгъыс?

– Фæсте чи базади, уымæй.

– Бафæраздзæн. Нæ йæ ныууадздзысты. Кæсыс, ныххæццæ йæм сты. Ракодтой йæ семæ. Ахсæв искуы хæхты сæ фæллад суадздзысты æмæ та боныцъæхтыл сæ фæндаг адардзысты.

Хърихъуппытæ нал зындысты. Æрмæст ма дард кæцæйдæр сæ «хъуырруй-хъуырруй» хъуысти. Чызг сæ арвы цъæхы агуырдта, афтæ йæм касти, цыма ныртæккæ фæстæмæ раздæхдзысты, иу хатт ма æрзилдзысты сæ сæрты, стæй, фæсте чи баззад, уыцы хърихъупп йæ базыртæ батилдзæн, йæхи æвзагæй æрдзурдзæн чызгмæ: «Тæрсгæ ма кæн... Æз бафæраздзынæн. Æртæхдзынæн та иннæ аз»...

Фыд æрбахаста æртæ нартхоры æфсиры. Æвæццæгæн, уæрдоны цалх кæуыл атылд æмæ зæххæй кæй скъахта, ахæм æртæ æфсиры. Сæ цъыфтæ дæр сын нæ асыгъдæг кодта, афтæмæй сæ уæрдоны гуыффæйы арæхстгай æрæвæрдта, бæх сифтыгъта æмæ атагъайы ‘рдæм араст сты. Уым иучысыл æрдузы доны былмæ хæстæг æрлæууыдысты. Бæх нал суæгъд кодта.

– Куыд дæ фæнды, мыртгæтæй уал райдайæм æви мугæтæй? – чызгмæ хин каст бакодта фыд.

Чызг йæ мæллæг уæхсчытæ базмæлын кодта, мыртгæ зыдта, фæлæ, мугæ цы уыди, уый нæ зыдта æмæ бæлæстыл йæ цæст ахаста.

Мыртгæтæй райдыдтой. Æмдымбыл, фыр задæй дæлæмæ састи, ахæм бæласы раз æрлæууыдысты. Фыд къалиу æртасын кодта, мыртгæйы сырх-сырхид пуцалтæ куыд тонгæ сты, уый чызгæн бацамыдта æмæ ма дæ дзы хъæуы, нал – ахæм уæззау бæстытæ дзы æртыдтой, æмæ сæ чызг тыххæй бахаста уæрдонмæ. Нæ сæм фæлæууыд, кæд чысыл туаггомау уыдысты, уæддæр сын хорз фæцис. Йæ рустæ дæр ма дзы самæста.

Мугæтæм хæстæг нæ бауагъта фыд чызджы, – йæ гыццыл хæмпус æнгуылдзтæ æгæр æвгъау уыдысты мугæты сындзытæн. Æрмæст йæ чырынтæ къабайы фæдджиты рæвдз скъæфта, фыд кæй тыдта, уыцы мугæтæ уæрдонмæ. Фыд ын кæй равзæрста, ахæм цалдæр мугæйы хæргæ дæр бакодта. Фæцыдысты уыдон дæр йæ зæрдæмæ. Стæй ди-

динджытæ... Быдираг алыхуызон дидинджытæ. Дардмæ цæуын сæм куынæ хъуыди, мыййаг. Цыма сæхæдæг сæхи дзыхæй куырдтой, мæн æртон, æз хуыздæр тæф кæнын, зæгъгæ. Чызгæн йæ хъæбысы тыххæй чи цыд, ахæм баст дзы æртыдтой. Сæ бынтæ сын æмхуызон алыг кодта фыд. Рæсугъд сæ бабаста хуымæллæджы мæцкъорæй.

– Тæрсын, исчи дын сæ куы байса, уымæй, – йæ сау рихиты бын зына-нæзына бахудти фыд.

– Нæ, никæмæн сæ ратдзынæн, – дидинджыты æхсæнæй сæрттывтой йæ дыууæ сатæгсау цæсты чызгæн. – Æрмæстдæр дзыццайæн...

– О, æрмæстдæр уымæн, – сразы та фыд æмæ уæззау къахдзæфтæй пыхсмæ бараст, йæ ныхас ма райхъуыст: – Дидинджытæ уал ратон... Æз ныртæккæ фездæхдзынæн...

Æмæ, æцæг, фыд уайтагъд фæстæмæ фездæхт – йæ нымæтхуды дзаг хъæддаг кæрдотæ æрбахаста, гуыффæйы къуымы сæ æркалдта æмæ тыхстхуызæй загъта:

– Фыр задæй дæлæмæ сæттынц... Згъæлынц... Сæфынц дзæгъæлы. Ницы кæны, æз æмæ та сæм ды фæстæдæр æруайдзыстæм. Уæдмæ мыртгæйы дæр уазал ныццæвдзæн, кæрдо та йæ тæккæ рæгъæдыл уыдзæни æмæ... Цъиуты, мыстыты фаг дæр ма дзы баззайдзæн...

– Цъиутæ?.. – ныддис кодта чызг. – Уыдон дæр мыртгæтæ хæрынц?..

– Хæрынц, хæрынц... Хъæддаг фæткъуы, хъæддаг кæрдо, дзедыр... уидзынц мæнæуы гагатæ, кæрдæджы мыггæгтæ... Хъæдтæ, быдыртæ къæбицæй уæлдай не сты. Уæлдайдæр фæззыгон, – дыргъæй, халсарæй, хорæй куы сцæттæ вæййынц, уæд.

Фыд йæ сæр бæрзонд систа, атагъайы хъæды бæлæсты бур-бурид дарæс æрæгвæззæджы хуры тынтæм тæмæнтæ куыд калдта, уымæ æдзынæг касти, стæй сывæллонмæ æргуыбыр кодта, дидинджыты басты йæ фындз фæцавта æмæ ныллæг хъæлæсæй загъта:

– Ахæм диссæгтæ никуы и...

Астымæй рахызтысты. Суадæттæм хæстæг сæ хъустыл æрцыд:

– Да-а-зо!.. Фысым ба-а-кæ!..

Уыдон уыдысты хъæуы мыдгæстæ. Дыууæйæ къуыбырыл лæууыдысты æмæ сæ худтæ тылдтой. Дазо сæ базыдта. Аздæхта йæ бæх уыцырдæм.

– Ай дæ хæдзардарæг дæр демæ куы и, демæ, – ныццин кодтой чызгыл.

Фыд æфсæрмдзастæй дзуапп радта:

– О-о... Бас кæй басудзы, уый доныл дæр фу кæны. Уæ фарн бирæ, фæлæ мæ цуры куы вæййы, уæд мæ удæн...

– Æмбарæм дæ, дæхи фæндиаг дзæбæхæй бахъомыл уæд, – фыды ныхас ærдæгыл аскъуыдта сæ иу.

– Ærмæст ма йын бирæ кæстæртæ куыд уа, афтæмæй!.. – бафтыдта йыл иннæ.

– Хуыцауы бафæндæд! – æмхъæлæсæй загътой се ‘ппæт дæр.

Лæгтæй иу ауади, уайтагъд мыды къус, дзулы цыппæрæм хаимæ фездæхт æмæ сæ чызджы къухы фæсагьта. Чызг ныфсæрмы, йæ фыдмæ скасти. Фыд æм йæ цæстæй ацамыдта, ахæр, æфсæрмы ма кæн, зæгъгæ, стæй загъта:

– Хуыцау уæ барæвдауæд... Адджын æмæ кадджын цард фæкæнут...

Уæдмæ, чысыл раздæр йæ худ чи тылдта æмæ Дазомæ чи хъæр кодта, уый æд мыды фæзгъæр сæ уæлхъус февзæрд.

– Ай та дын мæ хай! – фæзгъæрыл йæ дыууæ къухæй хæцыд, афтæмæй сывæллоны раз дзуццæджы фæтъæпæн и лæг.

Фæзгъæр æртæ дихы акодтой, бедрайы йæ нывæрдтой, алчи дæр дзы йæ арфæйы ныхас загъта чызгæн. Фыдмæ бакæсын – кæд дзургæ ницы кодта, уæддæр йæ цинæйдзаг, худгæ цæстытæй каст фысымтæм. Йе ‘рдхæрдтæн куыд хуыздæр раарфæ кодтаид, уымæн ницыуал зыдта.

Фыды ærдхæрдты цинтæ баззадысты чызджы зæрдæйы. Уыцы мыды хуызæн адджын мыд никуыуал бахордта Дзерассæ. Стæй, фыды зæрдæйы улæфтæй чи райгуырд, уыцы ныхæстæ: «Ахæм рæсугъддзинад, ахæм диссæгтæ никуы и...»

Уый æцæг афтæ у. Æвæццæгæн, уымæн байгом кæнын кодта фыд йæ мæлæты хæдразмæ уаты рудзгуытæ. Бæлæсты сыфтæм, арвы цъæхмæ афтæ зыдæй уымæн касти.

II. КУВÆДЖЫ КУЫВД

Кувæджы куывд ærцыд Дыгуры Дазо æмæ Хъуыдинæйыл: сæ гыццыл сауцæст Дзерассæ æмæ Аслæнбеджы фæстæ сын райгуырд фырыхъулты хуызæн æхсæз лæппуйы æмæ ærтæ чызджы. Кæхцытæ, номæвæрдтæ, куывдтæ – Хъахъхъæдуры хъæубæстæ арфætæм цыдысты Дазойы хæдзармæ. Куыд нæ цин кодтаиккой фыд æмæ мад сæ цоты цинæй! Мыдыбындзыты чыргъæдау бон-изæрмæ йæ уынæрæй не ‘нцад кæрт. Сæхи хуызæн сæ куыстыл, фæллой кæныныл ахуыр кодтой мад æмæ фыд. Цыдысты быдырмæ, карстой хос, кодтой хуым, ластой суг. Се ‘ппæтыл кæм æххæссыдаиккой фыд æмæ мад – аззадысты-иу сывæллæттæ дзаумахъуаг дæр, фæлæ сæ хъуагдзинæдтæ, сæ тыхстытæ никуы

фæуæлахиз сты сæ зæрдæбын худт, сæ рæсугъд зард, сæ аив кафт æмæ сæ уæздандзинадыл. Хотæ сæ сæртæ бæрзæндты хастой сæ авд æфсымæрæй, æфсымæртæн сæ цыппар хойы хуызæн сæрæн, зæрдæхæлар æмæ хæдæфсарм никуы уыди канд Хъахъхъæдуры нæ, фæлæ æгас Иры дзыхъхъы дæр. Сыгъдæгæй, æфснайдæй цыдысты лæппутæ се ‘мгæртты æхсæнмæ, уæлдай буц уыдысты хъæубæстæ Дыгуры авд æфсымæры цыппар хойæ.

Ис иу ахсджиаг миниуæг ирон хъæуты. Стæй канд ирон хъæуты нæ. Лæгджын, лæппуджын хæдзарæн йæ кад дæр æндæр вæййы. Уæлдайдæр, ахæм хæдзары кæстæртæ раст фæндагыл æвæрд куы вæййынц, хорз зонд, хорз æгъдауыл хæст куы вæййынц, уæд.

Ахæм хæдзæрттæ, ахæм бинонтæ вæййы алы хъæуы дæр. Уыдис ахæм хæдзæрттæ Хъахъхъæдуры стыр хьæуы, æмæ уыдонæй иу уыди Дыгуры Дазойы хæдзар дæр.

Æмæ куыд нæ! Авд фырты æмæ цыппар чызджы цы хæдзарæй рахиза, уал худгæ хуры кæй сæрмæ кæса, уыцы хæдзарæн æнæ фенгæ кæм ис? Ахæм бинонтыл адæм сæ цæст куыннæ хъуамæ æрæвæрой? Хъæуы чызджытæ æфсонмæ-‘фсонты сæ рудзгуыты бынты куыд нæ хъуамæ ауайой, кауы сæрты аивæй кæртмæ куыд нæ хъуамæ бакæсой. Кæнæ хъæуы лæппутæ. Агуырдтой-иу уыдон дæр исты æфсон – сæ цæстыты судзгæ æнгасæй-иу асыгътой Дазойы цыппар чызджы зæрдætæ.

Хъæуы хистæртæм дæр-иу, кæй зæгъын æй хъæуы, уыди сæхи сусæг нысантæ, сæхи сусæг бавналæнтæ. Чызг кæмæ уыд, уый Дыгуры лæппутæм йæ цæст дардта, лæппу кæмæ уыд, уый та – чызджытæм.

Афтæ у цард. Уæздан хæстæг, цæрæг хæдзар алкæй дæр хъæуы. Ахæм уыд Дазойы хæдзар дæр. Уыйбæрц æфсымæрты хæдзармæ æнцон бахойæн нæ уыд. Стæй хатгай хъавæгæй æхсæг фæраздæр вæййы.

Дазойы хæстæг æрвадæлтæ чызг æрвыстой Ставд-Дуртæм, хæсгæ та йæ кодтой Æрчъеккатæ. Къухылхæцæджы кад æрхауди Бæдтиаты лæппумæ, Харитонмæ.

Уыди фæззыгон хур бон. Хъæуæй фæсте ничиуал баззад – Хъахъхъæдур стырæй-чысылæй æрæмбырд сты Дыгуры хæдзармæ. Иууылдæр æнхъæлмæ кастысты чындзхæсджыты ссыдмæ. Дыгуры чызджытæ рагацау уынгтæ ныммарзтой, кæртытæ, саратæ бафснайдтой, фæкастысты æфсинтæм фынгтæ æвæрынмæ. Æрвадæлты чызджыты æхсæн цæст нæ хæцыд Дазойы хистæр чызг Дзерассæйыл – рогæн згъордта иу ранæй иннæмæ, йæ саулагъз тымбыл цæсгомыл хуры хæрдгæ тынтæ хъазыдысты.

Дазойы фарс чидæр басхуыста:

– Ды та, ды?.. Алцы дæр афоныл фидауы. Æрæджы, дам, кæйдæр минæвæртты куы раздæхтай. Афтæ у?..

– Хъарсы фидар æнæ иу гæрахæй истой æмæ...– цыма йæ фарсмæ чи бадти, уый нæ, фæлæ æндæр искæмæн лæвæрдта дзуапп, уыйау загъта Дазо æмæ йæ чызджы фæдыл кæсгæ баззади.

– Уый та куыд? – ныддис кодта лæг.

– Куыд вæййы, афтæ. Сæхицæй сæ къулбадæг ныхæстæ фæраздæр сты. Мах – афтæ. Мах – уфтæ...

Лæг йæ сæр батылдта:

– Вæййы... Вæййы ахæм къуыдиппытæ.

– Вæййы, – сразы Дазо.

Уыцы сахат уынджы тигъæй фæндыры цагъд, къухæмдзæгъд æрбайхъуыст. Сывæллæттæ сæ размæ ныххæррæтт ластой. Уынг адæмæй айдзаг. Дыгуры хистæртæ æгасцуай загътой сæ уазджытæн.

Дыдзы хуры тынтæ ма хæхты цъуппытыл тарбынсырх уаддзæгтæй сыгъдысты, афтæ чындзæхсæв йæ тæккæ тæмæны бацыд. Хистæртæ тагъд нæ кодтой æмæ алы ног рæгъæн дæр, æз рæсугъддæр радзурон, æз дæсныдæр нызароныл сæхи хъардтой. Уазджытæн æмбæлæггæгтæ, уазджытæн сæрмагонд нуазæнтæ, сæ бинонты, сæ туг, се стæджы цæрæнбонтæ – ницы рох кодта хистæртæй. Кæстæртæ хъазты лæууыдысты. Сарайы бын ælыгæй сæрст, донæй пырхгонд зæххыл цæкуытау хæрдмæ хаудысты, сæ къæрццæмдзæгъд хъæуы сæрты дард кæдæмдæр тахти.

Чындзæхсæв боныцъæхтæм ахаста. Уазджытæ цæуыны къахыл ныллæууыдысты. Каст ма уыди чындзмæ. Раст гъе уыцы сахат æрцыди, Дазойы чызг æнхъæл кæмæн нæ уыди, уыцы хабар: хæдзарæй æрхизæны хæрхæмбæлд фæци къухылхæцæгимæ.

«Мæ сусæг зарæг дын хъæрæй кæнын æмæ мын бахатыр кæн... Цæуын, фæлæ мæ уд ам уадзын... Ма йæ бафхæр», – загъта лæппу æмæ æрбайсæфт.

Ссыгъди чызг. Иу дзырд дæр нал сфæрæзта. Сагъдауæй баззад асины къæпхæныл. Ничи уыд сæ цуры. Ничи сæ фехъуыста. Фæлæ цы загъта? Цæй уды кой кодта?.. Æрхызт асинтæй. Агуырдта лæппуйы адæмы ‘хсæн. Никуы йыл æрхæцыд йæ цæст. Йæ буар сыгъд, афтæмæй бацыд хъазты кæронмæ. Чызджытæй кæуылдæр йæхи бауагъта.

– Уазал сдæ, цæуыл зыр-зыр кæныс? – афарста йæ чызг.

Ницы йæм суæндыд. Æрмæст йæ хæд фæстæ йæ хъустыл æрцыд æрдæбоны хъæлæс.

– Лæппутæ, рæвдз, чындзы рахонын хъæуы!..

Чидæр ын йæ цонгыл ныххæцыд, дзуры:

– Къухылхæцæгæн иу кафт!.. Фæндыр!.. Харитонæн иу кафт!..

Лæппутæ йæ алыварс амбырд сты. Тыххæй йæ ласынц хъазты астæумæ.

– Мæнæн мæ кæфтытæ нырма разæй сты... Уастырджийы ардыстæн... Стæй ацы хъæуы... Цомут, хистæртæ махмæ кæсынц, – хъæрæй загъта къухылхæцæг, æмæ та йæ цæстыты судзгæ фаттæ Дзерассæйы зæрдæйыл сæмбæлдысты.

Ничи сæ базыдта. Ничи сыл фæгуырысхо. Æрмæст дыууæ зæрдæйы баззад уыцы райсом уыцы диссаджы сусæгдзинад. Сусæг сагъæстыл бафтыдта чызджы зæрдæ. Хъæуæй нал ауагъта лæппуйы уд.

Фæци фæззæг. Аивгъуыдта зымæг. Йæ рады дæтты хъæр, кæрдæджы цъæх, фыццаг дидинæджы адджын тæфимæ æрбалæууыд рагуалдзæг.

Æрæгвæззæгæй рагуалдзæгмæ... Æгæр даргъ рæстæг уыди уый. Чи зоны, чызгмæ-иу ахæм хъуыды дæр февзæрди: «Лæппутæ ахæм ныхæстæй фылдæр цы акæнынц. Асыгъта зæрдæ, æхсæвы мæйдары иу æрттывд фæкодта, стæй ахуыссыд... Ферох дзы сты йæ ныхæстæ»...

Рæдыди чызг. Йæ ныхæстæ дымгæмæ чи дардта, ахæм нæ уыди Бæдтиаты æнæрцæф лæппу. Чи зоны, кæд зымæгон æхсæвты уынгæй цы бæхы къаххъæр хъуысти, уый Харитоны бæх уыди? Кæд-иу хатгай сыхы куыйтæ афтæ хъазуатæй Харитоныл рæйдтой? Кæнæ рудзгуыты бынмæ уыцы сусæг къахдзæфтæ... Кæд, мыййаг, уынджы ахæмæй æппындæр ницы уыди? Кæд сæ чызг йæхæдæг йæ сæнтты сныв кодта? Чи зоны... Фæлæ лæппу «йæ уд» афтæ бирæ куыд ныууагътаид! Æмæ иу рæсугъд уалдзыгон изæр Дыгуры Дазойы дуармæ сæ бæхтæй æрфистæг сты минæвæрттæ. Фæцис сын хъæуæй хæрзгæнæг.

– Уазæг нæ уадзут, Дазо? – хъæлдзæгæй загъта хæрзгæнæг.

– Уазæг – Хуыцауы уазæг, – дзуапп радта хæдзары хицау. Стæй чысыл фæстæдæр, уазджытæ фынджы уæлхъус куы æрбадтысты, хæрзгæнæг се ‘рбацыды сæр куы схъæр кодта, уæд иуцасдæр джихæй баззад. Ныхъхъус. Иу бон йæ хистæр чызджы фæдыл ахæм уазджытæ кæй фæзындзæн, уый зыдта. Фæлæ уæддæр... Чи сты?.. Цы сты?.. Чызг цы зæгъдзæн?

Фыд стыхст. Цыма йын йæ чызджы уыцы сахат хæссынмæ хъавыдысты, уыйау йæ зæрдæ æрбауынгæг. Йæ цæстытыл ауад, фарон се ‘рвадæлты чызгæрвысты къухылхæцæгæй цы саулагъз лæппу рауай-бауай кодта, уый. Йæ зæрдæмæ фæцыди лæппу. Йæ дзыхыныхас, йæ сæрæн фезмæлд, цыма хион уыди – арæхстджын алцæмæ дæр. Æрмæст æм

чысыл къæйныхгомау фæкаст. Уæвгæ уый ницы кæны. Нæлгоймагæн фидауы чысыл къæйных уæвын. Лæхъир хыссæйæ дзул нæрсгæ нæ кæны.

Минæвæрттæ, Хъарсы фидар æнæ иу гæрахæй байсынмæ чи хъавыд, ахæмтæ нæ разындысты. Сæ хæрзгæнæг хорз зыдта, арсимæ кæрдо цæгъдын æнцон кæй нæу. Уый уæзданæй, фæлмæн ныхасæй архайдта хæдзары хицауы зæрдæ балхæныныл. Уазджытæ дæр афтæ – сæ хæрзгæнæджы разæй сæ ныхас никæмæй схауд.

Фæцыдысты уазджытæ фысымы зæрдæмæ. Хъаст ницæмæй ахастой уазджытæ дæр фысымæй. Ирон æгъдау куыд амыдта, афтæмæй ахицæн сæ фыццаг фембæлд.

– Гъы, куыд дæм кæсынц нæ хъуыддæгтæ? – уазджытæ куы ацыдысты æмæ бинонтæ иунæгæй куы баззадысты, уæд бафарста Дазо чызджы мад Хъуыдинæйы.

Мад йæ къæхты бынæй ныуулæфыд, йæ лæгмæ бакасти æмæ загъта:

– Хуыцау æй хорзæн фæкæнæд... Кæс, кæд нын хæстæгæн бæззынц, уæд... Æрмæст чызг... Йæ фæндоны сæрты ахизай, уый мæ нæ фæнды.

Фыд иуцасдæр ницыуал сдзырдта. Йæ къæхты бынмæ æдзынæг кæсгæ баззад. Æппынæрæджиау загъта:

– О, былæй кæй аппарæм, ахæм чызг нын нæу, не ‘фсин. Афæрс æй... Куыд хуыздæр у, афтæ бакæнут.

Мад уыцы æхсæв ницы загъта йæ чызгæн, æрмæст æм райсомæй фæдзырдта, æрбадын æй кодта йæ фарсмæ, дардæй райдыдта:

– Алцæмæн дæр афон и, мæ гыццыл къона. Цард йæхионтæ домы...

Чызг йæ цæстытæ доны разылдта, мады дæллагхъуыр атыхст, æмæ йæ хæкъуырцц райхъуыст:

– Сымах куыд зæгъат, афтæ...

Уыцы бонæй раст æртæ къуырийы рацыд, афтæ Бæдтиаты Харитоны чындзхæсджытæ Хъахъхъæдуры Дыгуры Дазойы дуармæ æд зард, æд фæндыры цагъд сæ бричкæтæй, сæ саргъы бæхтæй æрфистæг сты.

III. СТАВД-ДУРТЫ УАЛДЗÆГ

Ставд-Дурты колхозы бригадир Бæдтиаты Харитонмæ уыди кæхцы куывд. Харитон æмæ Дзерассæ куывд кодтой сæ фыццаг лæппу Шмелæн.

Бирæ рæсугъд куывдтытæ баззади ирон адæмæн сæ рагфыдæлтæй. Фæлæ дзы, æвæццæгæн, кæхцы куывдæй рæсугъддæр æмæ хъæлдзæгдæр куывд зынтæй разындзæн. Лæппуйы куывд – афтæ дæр ма йæ хонынц.

Афæдзæй-афæдзмæ, хъæубæсты ноггуырд кæмæ рантысы, уыдон сæ туг, се стæгмæ хонæг арвитынц, æрзилынц хъæубæстыл, стæй иугай хонджытæ нæ – дæсгай æмæ ноджы фылдæр хонджытæ. Иры хъæуты кæмдæриддæр. Горæты. Уыцы иу бон. Цард лæджы стыр номимæ дарддæр чи ахæсдзæн, бæстæйы хъысмæт сомбон йе уæхсчытыл кæмæн æрæнцайдзæн, уыцы ноггуырды номыл сæрмагонд куывдтæ, арфæты дзæбæхдæрты, зарджыты рæсугъддæрты сæрмагонд бæрæгбон. Ног чъыræйцагъд хæдзæрттæ, хæрзæфснайд уынгтæ.

Ацы бонмæ æрхæссынц хæрæфырты лæвар дæр. Байраг... Уый дæр лæппуйы номыл. Уæлдай буцæн æй фæхæссынц бинонтæ уыцы байраджы, æмæ дзы рауайы хæдзардарæг: кæм уæрдоны бæх, гутондар, кæм та – бинонты ном дугъты разæй хæссæг.

Байраг нæ арвыста уыцы бон йæ хæрæфыртæн Дыгуры Дазо. Фæлæ кæхц… Йæ цæгатæй уыйбæрц кæхцытæ кæмæ фæхастой, йæхæдæг уыйбæрц кæхцыты куывдтæ чи фæкодта, уыцы Хъуыдинæ куыд нæ сцæттæ кодтаид кæхц йæ хистæр зæнæджы фыццаг хъæбулæн. Куыд нæ ныццыдаид уæззау хуынтимæ.

Уым райста Хъуыдинæ йæ хъæбысмæ фыццаг хатт йæ хъæбулы-хъæбулы... Уым бамбæрста хъæбулы фыццаг хъæбулы ад.

Лæппу цыма рагæй зыдта йæ мадымады, уыйау йæхи баппæрста Хъуыдинæйы хъæбысмæ, йæ дæллагхъуыр амбæхст.

– Диссæгтæ! Куыд ыл ныттыхсти, – ныддис кодтой цалдæрæй.

– Туг, мæ хуртæ, туг... Хуымætæджы нæ акæнынц, сывæллон зæрдæ зоны, зæгъгæ. Ничи йæм кæсы, æддæмæ дзы куыд нæуал комы, – бафтыдтой йыл иннæ сылгоймæгтæ æмæ сывæллонмæ алырдыгæй сæ къухтæ тылдтой, истой йæ сæхимæ.

Никæмæ дзы бакуымдта. Æрмæст æппынæрæджиау йæ фыдымадмæ йæхи баппæрста.

Иуцасдæр сылгоймæгтæн æндæр дзырд нал уыд, ног чындзы митæм дард кæуылдæрты адзæгъæл сты, чи йæхицæй æмбисонд хаста, чи – йæ зонгæтæй.

Хъæуы ас адæмæй фæсте ничиуал баззади уыцы бон, йæ хуын, йæ арфætимæ Бæдтиаты дуарæй чи нæ бакасти. Нæ сæ ферох Дзерассæйы мад Хъуыдинæ дæр. Йæ чызг хъæубæстæн афтæ адджын кæй фæци, бинонтæ йæ афтæ тынг кæй бауарзтой, уый тыххæй арфætæ кодтой Хъуыдинæйæн. Бæдтиаты хистæртæ та – уæлдайдæр. Нозт дæр сæм хæццæ кодта, фæлæ уазæг... Уый се ‘ппætæй рæвдауинагдæр уыди, æмæ йæм фынгмæ фæ-

дзырдтой. Йæ чызджы æфсин дæр йемæ, афтæмæй. Æмæ ныхасы дзæбæх фæсте нал баззад. Дыгуры мыггаг Бæдтиатæн цы стыр лæвар бакодтой, уымæй мыггаджы хистæртæ сæ сæр бæрзæндты куыд хæссынц, Хъуыдинæйы чызг йæ фæлмæн ныхасæй æнæхъæн мыггаджы дæр кæрæдзиуыл куыд бæтты, йæ цæхх-йæ кæрдзын æвгъау куыд никæмæн кæны, мæнæ хæдзары хистæр, Харитоны мад Дзего, йæ чындзы æрцыдæй абонмæ куыд фæногдæр, йæ чындзмæ чызджы номæй куыд дзуры...

Æмæ цынæ хуызы æппæлыдысты сæ чындзæй, стæй, кæй хæдзары схъомыл ис, уыцы ныййарджытæй Бæдтиаты хистæртæ. Хъуыста сæм Хъуыдинæ. Æмбæрста, ахæм заман ахæм ныхæстæ кæй фækæнынц, уый. Фæлæ уæддæр йæ цæсгом сыгъди, йæ зæрдæ дардта йæ чызгыл.

Æхсæвы уым баззадысты Дыгуры хуындзæуттæ. Мад чызгмæ асидт, хицæнæй йын загъта:

– Бузныг, мæ чызг... Дæ фыд мæ фæрсдзæн, æмæ, цы фехъуыстон, цы федтон, уыдон ын радзурдзынæн. Уадз, æмæ сæ уый дæр зона.

Мад æндæр ницыуал сфæрæзта, ныккасти йын йæ цæстытæм, æнахуыр фæлмæн хъæлæсæй бафарста:

– Тынг бафæлладтæ?

– Куынæ, – бахудти чызг æмæ йæ мады русыл йæ судзгæ рус аввæрдта, стæй тагъд-тагъд кæдæмдæр азгъордта.

Сывæллон йæ мадымады хъæбысы бафынæй.

...Иуахæмы Бæдтиаты ног чындзы хъусыл æрцыд кæйдæр ælхыскъ ныхас: «Нæ бригадир адæмы быдырæй уæлæмæ нæ уадзы, йæхи ус та йæ хæдзары бады»... Дыккаг бон йæ сывæллоны йе ‘фсины бар ныууагъта, йæ лæгæн дæр ницы загъта, афтæмæй быдыры балæууыд. Куыста, фæсте никæмæй зад, се ‘взæгтæ æгæр кæмæн куыстой, уыдон-иу йæ фæдыл хæлиудзыхтæй баззадысты.

– Сихæрттыл-иу уæддæр абæрæг кæн дæ сывæллоны. Тæригъæд у, – дзырдтой йын хистæр устытæ.

Никуы бахаста йæ сæрмæ йе ‘мбæлтты ныууадзын. Æрмæст-иу изæрæй фæскуыст иннæты разæй фæцагайдта, йе ‘мбæлттæ ма-иу æрдæгфæндагыл уыдысты, афтæмæй-иу уый хъæуы балæууыди. Рувджытимæ цыди рувæгæй, ссивджытимæ – ссивæгæй, мæнæугæрдæнты – мæнæугæрдæгæй.

О, мæнæугæрдæгæй! Уыцы мæнæугæрдæнтæ ма ныр дæр йæ зæрдыл лæууынц Дзерассæйæн. Мæнæутæ сæ тæккæ цæттæйæ уыдысты. Дыууæ-æртæ боны ма, æмæ сын тас уыдис нызгъæлынæй. Хъæу зиуы

рацыдысты. Сылгоймæгтæ æд æхсырфытæ хицæн хуымы кæрон æрлæууыдысты, æз фæраздæронæй бавнæлдтой. Фæкарстой бон-изæрмæ, изæрæй банымадтой, чи цал уыгæсы æркарста, уый. Кæроны сыхаг иу гуыппырсар сылгоймаг æмæ бригадиры къæсхуыртæ, ныллæггомау бинойнаг Дзерассæйы уыгæстæ разындысты æмхуызон, иннæтæй æртыгай уыгæстæ фылдæр. Дыууæйæ чи фæразæй, уый цæмæй сбæрæг кодтаиккой, уый тыххæй æртыгай уыгæстæ хицæнтæй абарстой. Уыгæстæ æмхуызон разындысты.

– Хæрæгсаст! – загътой хистæртæ æмæ сæ дыууæйæ дæр размæ ракодтой, фæйнæ мæнæуы æфсиры сын сæ къухты ныссагътой.

Дыккаг бон Дзерассæйæн йе ‘фсин загъта:

– Чындз, мæ къона, афтæмæй бирæйы фаг не суыдзынæ. Разæй цæуын зындæр у...

Чындз бахудти:

– Бæргæ, разæй куы фæуыдаин... Фæлæ мæ Токиан уæлдай къахдзæф нæ ауагъта...

– Арсы хуызæн сылгоймаг... Ды та... Йæ ауон куы æрлæууай, уæд зынгæ дæр нал фæкæндзынæ, – загъта æфсин æмæ чындзмæ бакаст.

– Гъо... Мæ фæстæ æцæг арсы футтытæ кодта. Æфсиртимæ мын мæ къах куы рацахса, уымæй старстæн æмæ лыгътæн, уæдæ цы кодтаин, – бахудт та чындз, фæлæ йæм йæ ныхæстæ æгæр хиппæлой фæкастысты, æмæ, Токиан хуымы кæрон уыгæсыл куыд бахауд, чындз, амардтай мæ, зæгъгæ, уæлдæф тыхныхъуырд куыд кодта, уый радзурын нал бауæндыд. Фæстæдæр Токиан йæхæдæг радзырдта хабар Дзерассæйы æфсинæн.

Кад фæлгъаугæйæ нæу. Кад æрмæст куыстæй, æгъдауæй, цæсгомæй ис ссарæн. Уыцы стыр миниуджытæй хайджын уыд Дзерассæ дæр, йæ мад, йæ фыды хæдзарæй сæ рахаста, сыгъдæгæй сæ равдыста Бæдтиаты хæдзары, Ставд-Дурты хъæубæсты. «Адæмы цæст уынаг у», «Æнцонæй ницы ис царды». Зыдта уыцы зонды ныхæстæ Бæдтиаты ног чындз æмæ йæ номæн авгау æрхауынæй тарсти. Уæлахиз кодта йæ зынтыл, йæ тыхстытыл. Уыдысты уыдон дæр. Хурыл дæр ма мигъы къæм куы æрбацæуы. Фæлæ йæ фарсмæ лæугæ хох, цæугæ мæсыгау лæууыди йæ цардæмбал Харитон. Кæм тызмæгæй, кæм сæ фыццаг сывæллонау худгæбылæй, æдзух йæ къухтæ зæххы тæф кæмæн кодтой, ахæмæй.

Разы уыдысты сæ цардæй Харитон æмæ Дзерассæ. Фæзынд сын дыккаг фырт, æртыккаг...

Цы ма вæййы амонд. Цæр, кус, хъомыл кæн дæ кæстæрты. Хистæр

лæппу цумахъом фæци. Дыккаг йæ къахыл згъоры. Æртыккагæн йæ цыппар мæйы йæхи фесты. Ныридæгæн йæ худынæй йæхи уарзын кæны, йæ къухты баст куы феуæгъд вæййы, уæд авдæнхъæдмæ лæбуры. Цыфæнды фæлладæй дæр ссу дæ куыстæй, иунæг худт дæм бакæнæд, дыууæ хистæры дæ размæ разгъорæнт, астæуккаджы гуылæвзаг ныхас дæ хъустыл æрцæуæд, æндæр уæнгты фæллад цыдæр æрбавæййы, арвыл иу мигъы цъупп нал аззайы. Райсомæй дæр афтæ. Хистæр фыдæн лæгъстæтæ байдайы, æз дæр демæ быдырмæ цæуын, зæгъгæ. Искуы-иу хатт æй акæны фыд йемæ. Бæрæгбон вæййы уæд лæппуйæн. Быдыры цы диссæгтæ федта, фыд ын суадæтты кæсæгтæ куыд æрцахста, бæхыл æй куыд сæвæрдта... Æмæ цынæ фæдзуры дыккаг бон лæппу йе ‘мбæлттæн.

– Райсом дæр быдырмæ цæуæм, – æппæлыди лæппу.

Фæлæ уыцы райсом нал æмæ нал хæццæ кодта. Нал æвдæлд фыды быдыræй хъæумæ. Искуы-иу хатт ма-иу тæхгæуадæй æрбауад. Уый дæр æнафоны. Сывæллæттæ-иу бафынæй сты, афтæ. Райсомæй-иу бон цъæхтæ дæр нæма кодта, афтæ-иу фæстæмæ фæраст. Сывæллæтты чи хъал кодта уыцы афон, æмæ-иу сæ уæлхъус хатыр курæджы лæуд акодта, йæхинымæр-иу цыдæртæ сдзырдта æмæ-иу йæ фæндагыл фæраст.

– Лæппуйæн, мемæ дæ быдырмæ кæндзынæн, зæгъгæ, зæрдæ куы æвæрдтай... Афæрсы мæ, – иуахæмы лæджы зæрдыл æрлæууын кодта Дзерассæ.

– Акæндзынæн æй, быдырты йæ фæрахон-бахон кæндзынæн. Æрæфы былтыл фæзилдзыстæм... Ныр та уал... Æнхъæлдæн æмæ мын байræджы. Алырдыгæй та ныхасæппарæн сисдзысты, нæ бригадиры йе ‘фсинæй йæ къах нал хаста, зæгъгæ.

Харитон кæртмæ ратагъд кодта. Йæ фæдыл рахызт Дзерассæ дæр.

Бон гæзæмæ цъæхтæ кодта. Скæсæнырдыгæй арвыл нарæг фæлурс уаццæгтæ фæзынд.

– Лæппутæ куы райхъал уой, уæд-иу сын мæ бæсты дæр ахъæбыстæ кæн. Хъусыс, фæрсгæ сæ кæндзынæн, – йæ бæхыл саргъ аввæрдта, афтæмæй бæхы сæрты Дзерассæмæ бакаст Харитон.

«Кæстæрæй-иу райдай» зæгъынмæ ма хъавыди Харитон, фæлæ йæхи баурæдта.

Уæдмæ Харитон йæ бæх фæцагайдта, кæртæй ахызт, æмæ ма бæхы къæхты хъæр уынгæй æрбайхъуыст.

Иуцасдæр йæ лæджы фæдыл кæсгæ баззади Дзерассæ. «Куыст... Кæд дзы бафсæддзæн, нæ зонын, – бон дæр сын нал фаг кæны. Сæ бæрæгбонтæ дæр быдырмæ ахастой...»

Бæхы къæхты хъæр кæмдæр аскъуыд, сыхы уасджытæ кæрæдзи цæстмæ сæ удтæй арт цагътой, уæддæр ма сæ пæлæхсар тута бæласы бын лæууыди Дзерассæ æмæ йæ цæстытыл уади, ныртæккæ йæ лæг бригадмæ куы схæццæ уа, уæд сылгоймæгтæ кæрæдзимæ цæстамонæнтæ куыд кæндзысты, уый. Чи зоны, исчи йын хъазгæмхасæн уайдзæф дæр бакæна, æвæццæгæн ныл Дзерассæйы зæрдæ истæмæй худы, æндæр Харитоны æнæ чъиритæ нæ рауагътаид, зæгъгæ. Сарæхсдзæн сæм. Ссардзæн сын дзуапп. Хъуамæ сын афтæ дæр зæгъа: мæныл сæ нæ бауæндыди, йæхæдæг уæм зындзæни, зæгъгæ. Æмæ уый рæдыд ныхас нæ уыдзæн. Нæ фæсайдзæн йæ лæджы ныхас. Суайдзæн сæм уæззау хуынимæ. Фондз азы размæ цы чъиритæй æппæлыдысты, уыдонæй ноджы хуыздæр чъиритимæ.

Дзерассæйы зæрдыл æрбалæууыд уыцы уалдзæг. Рувæнты рæстæг уыд, æнхъæлдæн. Уæддæр афтæ æнæвдæлон уыдысты адæм. Æхсæвæддæйыл ацыдысты быдырмæ. Фыццаг лæппу уæд райгуырди. Дыууæ къуырийы дæр ыл нæма цыди, афтæ Харитон, йæ мады коммæ дæр нæ бакасти, мыггаджы хистæрты дæр нæ бафарста, мах хъæумæ куывды бадынмæ не ‘вдæлы, зæгъгæ, йæ бригады станы фæскуыст йæ фыртæн куывд скодта. Уым ыл сæвæрдтой ном дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, Харитоны хивæнд ми хъæуы хистæртæй бирæты зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ, ахæм заман куыд вæййы, афтæ алы ныхæстæ кодтой.

Сусæгæй бирæ фæкуыдта Дзерассæ дæр. Шмел ном йæ зæрдæмæ нæ фæцыд. Æрмæст æй хъæр никæмæн скодта. Чи зоны, æндæр исты номмæ æнхъæлмæ касти Харитон йæхæдæг дæр, фæлæ ном æвзаргæйæ нæу. Уый афтæ куынæ уаид, уæд, æвæццæгæн, Куыдзыгус, Саукуыдз, Гæбыла, Бындзи ном ничи сæвæрид йæ фыртыл. Стæй мад æмæ фыд кæддæриддæр ссарынц, сæ хъæбулыл æппæтæй рæсугъддæр чи фидауы, ахæм буц ном.

Ахæм буц ном ссардта Дзерассæ дæр йæ хистæр хъæбулæн – Лæппу.

Уымæй хуыздæр ыл иу ном дæр не сфидыдта.

Дуары хъæр фæцыд. Дзерассæ фестъæлфыд. Фæкаст хæдзары ‘рдæм. Лæппу асинтыл æрхызт. Цыбыр хæлафы. Йæ цæстытæ æууæрдгæ къулауунмæ бацыд. Мад æм ницы сдзырдта.

IV. СÆР ДÆ БАХЪУЫДИ, ДЗЕРАССÆ!

Ставд-Дурты гыццыл хъæу раджы райхъал уыцы сæрдыгон райсом. Кусæг адæм царди хъæуы. Цæрæг хъæуыл нымад уыди. Æмæ, хур

йæ был нæма сдардта, хъæуы уасджытæй бирæтæ сæ уаст нæма фесты, афтæ кæртыты, цæхæрадæтты, уынгты адæм змæлын байдыдтой. Райсомы сыгъдæг уæлдæфы дзæбæх хъуыстысты æхсыры бедраты уынæр, адæмы хъæлæстæ. Тынгдæр та:

– Дæ райсом хорз, Бабуца...

– Кæй райсом у, уый хорзæх дæ уæд, Дунетхан...

Уыцы арфæтæ алыхуызон нæмттимæ тахтысты иу кæртæй иннæмæ, зылдысты хъæуы уынгты, рæвдыдтой зæрдæтæ.

Хуыцаубон уыди, æмæ, æвæццæгæн, адæмы арфæтæ дæр уæлдай дзæбæхдæр уымæн фидыдтой. Хъæуы зиан æндæр ницы уыди, æмæ адæм сæ хæдзартты зилæнтæ кодтой. Ирон хæдзары та зилæнтæ нæй, цы? Алкæй фаг дæр дзы разыны куыст. Суанг ма сывæллæттæ дæр цумайы лæдзджытæ фестынц. Æрæфы доны былмæ дæр сæ нал февдæлы. Тæккæ хинайæн рæстæг... Чидæр дзултæ фыхта. Чидæр саргъы бæхыл фермæйы ‘рдæм афардæг. Чидæртæ, сæ къухты чумæдантæ, афтæмæй Стыр фæндагæй хæрды ‘рдæм фæзылдысты. Цавæрдæр сусæг зардæй зарыдысты. Мæнæуы дзаг æфсиртæй хъазыди райсомы сыгъдæг уддзæф. Цъиутæ цин кодтой райсомы хурыскастыл. Быдырæй дымдта сатæг фæлмæн дымгæ, йемæ хаста быдираг дидинджыты тæф.

Хур бакасти Бæдтиаты рудзгуытæм дæр.

Йæ хæдзары зилæнтыл уыди Дзерассæ дæр. Стурты хъоммæ аскъæрдта, сывæллæттæн хæринаг радта. Горæтæй æрцæуинаг уыд Харитон. Æртыккаг мæй райдыдта, горæтмæ йæ æфсæддон ахуыртæм куы акодтой, уæдæй нырмæ. Дысон дæр æм фенхъæлмæ касти. Æмбисæхсæвтæм фæбадти. Абон дæр афтæ. Æнхъæлмæ йæм касти сæ хистæр Темырболат дæр. Æхсæвы йæм куы ницы хабаргæнæг фæци, уæд йæхæдæг райсомæй бæрæггæнæг бацыд. Дзерассæ йын, дысон Харитоны æрцыдмæ цы æртæ чъирийы скодта, уыдон йæ цуры æрæвæрдта. Тиу куыддæр нуазæн йæ къухмæ райста, афтæ сыхæгты чызг хъæргæнгæ æрбазгъордта.

– Хæст... Хæст райдыдта!.. Елхотæй æрбадзырдтой...

Темырболат сагъдауæй баззад, йæ нуазæн фæстæмæ æрæвæрдта. Сыстад. Хъæрзæгау загъта:

– Хуыцау сын æй ма ныббарæд... Сæхи сæртæ дзы басудзæнт.

Чъиритæй комдзаг дæр не скодта, афтæмæй тагъд-тагъд уынгмæ ацыд.

Дзерассæ, цы æрцыди, уымæн исдугмæ ницы бамбæрста. Стæй уынгæй кæуын куы æрбайхъуыст, уæд ма тыххæй сфæрæзта:

– Мæ арт куыд бауазал... Æнхъæлдæн æмæ бабын стæм, – æмæ уынджы ‘рдæм атындзыдта.

Адæм алырдыгæй згъордтой. Зæрондæй, ногæй. Сывæллæттæ дæр афтæ: хæст цы у, уымæн æмбаргæ дæр чи ницы кодта, уыдон дæр хистæрты фæдыл згъордтой. Сылгоймæгтæй иуæй-иутæ хъæрæй куыдтой, цæуыл, уымæн сывæллæттæ ницы æмбæрстой æмæ, кæуыл кæуынц, зæгъгæ, сæ алывæрсты ракæс-бакæс кодтой.

Сылгоймæгтæн уыди, цæуыл куыдтаиккой, уый. Бирæтæн дзы сæ дарджытæ, сæ хъæбултæ уыдысты æфсады. Чи – афицерæй, чи та – службæйы. Стæй а уалдзæджы æфсæддон ахуыртæм кæй акодтой, уыдон.

Сахат дæр нæма рацыд, афтæ Ставд-Дурты гыццыл хъæуæй иу дæр фæсте нал баззад – хъæусоветы раз уынджы адæмæй къух бакæнæн нал уыди. Хъæусоветы сæрдар Таболты Бетъре устыты сабыр кодта:

– Кæйдæр загъдау, ехсы къæрцц, бæхы хуыррытт дæр куы никуыцæйма хъуысы, уæд хъæу уæ сæрыл цы систат? Адæмы цæмæн тæрсын кæнут?..

Стæй, æвæццæгæн, йæ ныхæстæ йæхи зæрдæмæ дæр нæ фæцыдысты æмæ фæлмæн хъæлæсæй лæгъстæгæнæгау дзырдта:

– Бахатыр кæнут... Нырма бæлвырд хабар... Мæнæ районæй исчи зындзæни... Ныр та уал, курын уæ... Фидар фæлæуут... Стæй хæст бирæ нæ ахæсдзæн... Уыцы удхортæн цы хъæуы, уый бакæндзыстæм. Нæ хъæбатыр Сырх Æфсад сын сæ куыдзы мукъутæ ныссæтдзæни...

– Тынг раст дын зæгъы. Рагацау цы ныцъцъиувæдис дæ? Кæд гæды ныхас у, уæд та, – Дзерассæйæ чысыл æддæдæр уайдзæфтæ кодтой кæмæндæр.

– Тæккæ арæныл мын и... Уырдыгæй мæм фыста йæ фæстаг писмотæ. Уæ дæ мад дæ афтидæй аззайа, кæд цы Гитлер дæ...– нæ сабыр кодта сылгоймаг.

Ныддур Дзерассæйы зæрдæ. «Удæгас адæймагыл кæуын нæ фæтчы». Кæддæр фехъуыста уыцы ныхæстæ йæ мадæй. Æмæ кæронæй лæууыд. Адæм куыд дзолгъо-молгъо кодтой, уымæ хъуыста. Æдде бакæсгæйæ афтæ зынди, цыма уый æппындæр ницы мæт уыди, никæмæн тарсти. Афтæмæй та... Йæхи мадзæнæг æфсымæртæ... Харитон... Йæ афицер тиу кæмдæр Молдавийы арæнтыл...

«Афонмæ сывæллон йæхи кæуынæй амардта», – йæ сывæллоны авдæны фынæйæ кæй фæуагъта, уый йæ зæрдыл æрбалæууыд Дзерассæйæн, æмæ сæхимæ фæцагайдта.

Кæртмæ куы бахызти, уæд, æцæгдæр, сывæллоны кæуын йæ хъустыл ауад. Базгъордта йæм. Райхæлдта йæ. Сывæллон йæ кæуынæй фенцад. Æрмæст йæхæдæг... йæхæдæг йæ кæуын нал баурæдта. Æрдæбон-

сарæй тыххæйты кæй фæурæдта, уыцы судзгæ цæссыгтæ ихуарæгау ныггæр-гæр кодтой. «Лæгты Дзуар, нæ бæлццæттæ – де уазæг!» – тыххæй ма сфæрæзта æмæ, цыма сывæллонæн æрхауынæй фæтарсти, уыйау æй йæхимæ хæстæгдæр æрбалхъывта.

Нал ацыд Дзерассæ хъæусоветмæ. Æрмæст уынгмæ цалдæр уады ракодта, хъæусоветæй чи здæхти, уыдоны фарста. Цы йын загътаиккой, цæмæй йын барухс кодтаиккой йæ зæрдæ, сæхæдæг къаддæр тасы чи нæ уыди, уыдон? Дзырдтой, чидæр горæтæй æрцыд, фæлæ уый дæр махæй уæлдай ницы зоны хабæрттæн. Фæндагыл кæмæйдæр цы фехъуыста, уымæй дарддæр. Дзырдтой, уæлæсыхы læппутæ фарастæй, хæстмæ цæуæм, зæгъгæ, сæхимæ дæр ницы схъæр кодтой, афтæмæй Елхотмæ куыд афардæг сты... Ахуыргæнджытæ цыппарæй Бетъремæ курдиæттæ куыд балæвæрдтой, хæстмæ нæ арвитут, зæгъгæ. Дзерассæйæн йæхи чи фарста, ахæмтæ дæр дзы разынди.

Сыхæгты устытæ кауы сæрты цалдæр хъæры æрбакодтой:

– Ницыма хъуысы?

– Харитон дæр нæма зыны?..

– Нæма, – цыбыр дзуапп лæвæрдта Дзерассæ.

Суанг изæрдалынгтæм хъæуы уынгтæ се змæлдæй нæ банцадысты. Хæст кæм æмæ кæм цыди, фæлæ йæ маргæйдзаг нæмгуытæ æхситт кодтой гыццыл ирон хъæуы сæрмæ дæр. Йæ судзагæй сыгъта хъæуы цæрджыты зæрдæтæ.

Уыцы æхсæв кæдæй-кæдмæ фæсыгъди Ставд-Дурты хъæусоветы фæтæгены цырагъ! Æнхъæлдæн, боны цъæхтæм. Сыгъди, æхсæвы мæйдаримæ тох кодта, йæ кæстæрты мæтæй уынджы кæуыл æрбабон, уыдоны зæрдæтæм рухсы цъыртт уагъта.

Нæ бафынæй уыцы æхсæв Дзерассæ дæр.

«Æрцæудзæн... Ау, æнæ йæ сывæллæтты фенгæ куыд хъуамæ ацæуа? Зæгъдзæн йæ хицæуттæн. Бамбардзысты йæ. Уырдыгæй ардæм цастæ æруаинаг у», – зæрдæтæ æвæрдта йæхицæн æмæ уынджы бæласы бын лæууыди, хъуыста алы сыбыртмæ дæр, йæ цæстытыл уадысты цавæрдæр сау æндæргтæ. Цыма алы хæдзары дуармæ дæр чидæр лæууыд æмæ уый дæр æнхъæлмæ касти кæйдæр æрцыдмæ.

«Æрцæудзæн... Æнæ мах фенгæ никуыдæм акомдзæн», – дзырдта йæхицæн æмæ бæласы бын бандоныл æрбадти. Афынæй. Йæ хъустыл сывæллоны кæуын æрцыд. Чидæр æм йæ номæй дзырдта. Чидæр æй цæмæйдæр фарста. Æнхъæлдæн, йе ‘фсымæртæй. Стæй æфсымæртæ

сæхæдæг фæзындысты. Се ‘ппæт дæр – саргъы бæхтыл. Харитон дæр семæ. Дзургæ дæр æм ницы скодтой – йæ рæзты афардæг сты. Хъæр ма кодта сæ фæдыл. Æрмæст ма дзы иу фæстæмæ ракаст. Цыдæр дзырдта, фæлæ йын йæ ныхæстæн ницы бамбæрста Дзерассæ. Æфсымæртæй кæцы уыд, уый дæр нæ базыдта. Стыхст. Фыр хъæрæй ныффæсус. Йæхи хъæрмæ фехъал. Хъæу раздæрау æдзæмæй лæууыд. Æрæф хъæрзыдта.

Нæ фæзынд уыцы æхсæв Харитон. Нæ фæзынд дыккаг, æртыккаг бон дæр. Хъæуæй йын йемæ кæй акодтой, уыдонæй дæр ничи фæзынди. Стæй чидæр фæхабар кодта, райсом сæ хæстмæ кæнынц, зæгъгæ. Йæ сывæллæтты йæ файнусты бар ныууагъта Дзерассæ æмæ хъæуы устытæй цалдæримæ фæдисы уадæй ацыдысты горæтмæ. Фæзылдысты горæты къуымты, фæцагуырдтой сæ бæлццæтты. Æрæджиау сын чидæр загъта, æфсæнвæндаджы станцæйы сты, зæгъгæ. Бæргæ ма фæтахтысты станцæмæ, фæлæ байрæджы кодтой, – ацыд поезд чысыл раздæр.

Утæппæт дзыллæйы астæу лæууыд Дзерассæ. Куыдтой сылгоймæгтæ. Чи хæкъуырццæй, чи та æрмæст ставд цæссыгтæй. Кæдæмдæр згъордтой фæндаджы дыууæ сау таджы. Дыууæ сау калмы хуызæнæй. Сæ фæдыл касти Дзерассæ дæр, се ‘рвадæлты лæг Темырболаты сусæгæй гæр-гæр кодтой йæ цæстысыгтæ.

Ардыгæй ардæм сæ сæ бинонты феныны бон кæм нæ фæци, уым, æвæццæгæн, кæмдæр тынг æхсызгон хъæуынц, – загъта Темырболат æмæ йæ ныхасыл бафтыдта: – Чындз, мæ хур, кæуынæй ницыуал... Цом... Сæ уаргъ махыл æрæнцад, æмæ йын бафæразын хъæуы.

Дзерассæ станцæйы кæмæйдæр базыдта, йе ‘фсымæрты хистæр Аслæмбег дæр уыцы поезды Харитонимæ кæй ацыд, уый.

Бонмæ бирæ нал уыди, афтæ Ставд-Дурты сылгоймæгтæ Кæрдзыны станцæйы рахызтысты Алагиры уæзбын поездæй. Хæссинагæй сæм ницы уыд, æмæ райсомы сатæджы Стыр фæндагыл ауырдыг кодтой.

Æрдз йæ кæнонтæ кодта. Сылгоймæгты рыст, сусæг сагъæстæм æй ницы хъуыддаг уыди. Терк раздæрау йæ уæззау уылæнтæй хъазыди. Райсомы уддзæфмæ сусæг сыбар-сыбур кодтой бæлæсты сыфтæртæ.

Цалдæр хатты ныхæстыл афæлвæрдтой сылгоймæгтæ. Ницы сын дзы рауад. Æгæр уæззау уыдысты сæ хъуыдытæ. Æгæр æмхæццæ кодтой сæрымагъзы. Æгæр уæззауæй æрæнцадысты ныридæгæн се уæхсчытыл.

Дзерассæйæн йæ сæрæй нæ цух кодтой Темырболаты ныхæстæ: «Сæ

уаргъ махыл æрæнцад»... Ома, сæр дæ бахъуыд, Дзерассæ. Бафæраздзынæ? Уыйбæрц хъару дæм разындзæн? Стæй ныфс?

Дзерассæйæн йæ буар дыз-дыз кодта уыцы хъуыдытæй.

V. ХИ МАДЫ РÆВДЫД

Фæззыгон цъæх мигъ æрбадти Елхоты станцæйыл. Изæрдалынгтæ. Бæрзондгомау къæсхуыртæ саулагъз лæппу æнахуыр адæймаджы ракæс-бакæс кодта, станцæйы ма цы иугай адæймæгтæ зынди, уыдонмæ. Никæй дзы зыдта. Йæхи йын чи зыдта, ахæмæй дæр дзы ничи уыди.

– Бахатыр кæн, хорз ус, ам Ставд-Дуртæм кæуылты хуыздæр бахæццæ уон? – æфсæрмытæгæнгæ афарста иу ацæргæ сылгоймаджы.

– Уæлæ Стыр фæндагыл, – дзуапп радта сылгоймаг. – Иунæг дæ?

– Иунæг...

– Ацы мигъы иунæгæй... Стæй æхсæвтæ мæйдар сты. Фæлтау дæлæ элеваторыл дæ фæндаг акæн. Ставд-Дурты лæгтæ уырдæм нартхор фæласынц, æмæ дзы кæд искæуыл амбæлис, – загъта сылгоймаг æмæ лæппуйæн йæ рахиз къухæй ацамыдта, элеватормæ кæцырдæм цæуын хъæуы, уый.

Лæппу сылгоймагæн бузныг загъта æмæ уынджы уырдыгмæ фæраст. Йæ амондæн ма Ставд-Дурты чырæдзаутæй иу галуæрдон ныййæфта.

Замманай дзæбæх лæг. Лæппу кæмæ цæуы, кæй лæппу у, уый куы базыдта, уæд æй йæ хъæбысы ныккодта. Йæ фæндаггæгтæй ма цы цыхты къæртт æмæ кæрдзыны къæбæр аззад, уыдон ын радта æмæ йæ йæ уæрдоны сбадын кодта. Цалынмæ Стыр фæндагмæ хæццæ кодтой, уæдмæ сыл æрталынг.

Мигъ нæ сыстад. Уыцы уымæлæй бадти лæппуйы уæхсчытыл. Галтæ афтæ уæзбын цыдысты, æмæ лæппумæ афтæ касти, цыма сæ мидбынат цоппай кодтой. Рæстæгæй-рæстæгмæ сæм уисæй æвзыста хицау, кæд, мыййаг, фынæй баисты, зæгъгæ.

Лæг дзырдта:

– Уæдæ, зæгъыс, Саламы лæппу дæ, нæ?.. Юрик... Табу Хуыцауæн, æгайтма уыцы хъаймæтæй раирвæзтæ. Нæхи зæххыл сæмбæлдтæ. Æз, мæ хур, дæ фыд Саламимæ æфсымæры цард фæкодтон. Уый мæнæй кæстæр уыди, фæлæ Кæсæгмæ, Стъараполмæ балцы арæх цыдыстæм. Афицер куы сси, уæд хъуыды кодтон, фæстæмæ дæр мæм нал фæкæсдзæн, зæгъгæ. Фæлæ фæрæдыдтæн, ахæм уды хицау нæ разынд Салам. Фæстаг хатт ма хæсты хæд размæ куы ссыди, уæд мæ бацагуырдта. Æрæфы былмæ иу уæрыкк аластам. Физонджытæ фæкодтам. Æрымы-

сыдыстæм нæ кæддæры фыдуаг митæ. Суанг ма дæ мад Фæрнионы куы хастам, уыцы бон дæр. О, диссаджы бон уыди уыцы бон. Цыма йæ тынг дардæй хастам – иу сыхæй иннæмæ! – уыйау цалдæрæй саргъы бæхтыл сбадтыстæм. Адæм ныл сæ цæст æрæвæрдтой. Уæлдайдæр – дæ мадыфыд Долæтмырзæ. Æвæццæгæн, йæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыдыстæм, æмæ нын хъазты астæумæ хуын рахæссын кодта. Фысы йас гогыз, æртæ чъирийы, бæгæныйы кæхц. Хуымæтæджы арфæтæ нын фæкодтой. Гæнæн нæй, мæ хур, Юрик, Хуыцауы ныхмæ нæ бон ницы у. Æвæццæгæн, дæ мадæн, рухс дзæнæты бада, хуыздæр амонд не сныв кодта. Уынгæ дæр дæ нал фæкодта, мæгуыр. Йæ мад дæр афтæ. Йæ цæрæнбон бирæ уæд Дзерассæйæн. Йæхи хъæбулау дæ барæвдыдта. Ныр дæр дæ хъулон нæ фæкæндзæн. Ахæм мад æмæ фыды къухæй нæ рацыди. Махæн дæр нæ бон цы уа, уымæй нæхи нæ раласдзыстæм.

«Нæ раласдзыстæм» ... Уыцы фæстаг дзырдтæ ма дард кæцæйдæр йæ хъустыл æрцыдысты лæппуйæн, стæй лæджы зæронд кæрцы фæдджийы бын афынæй.

Галтæ сæ цыды кой кодтой. Чидæр тагъд кæй кодта, кæмæдæр йæ бинонтæ æнхъæлмæ кæй кастысты, кæуылдæр кæрцы фæдджи æрдæгæй дæлæмæ æххæсгæ дæр кæй нæ кодта, уый æрдумæ дæр нæ дардтой.

Лæппу бынтондæр ныттымбылтæ, кæрцы фæдджи æриваз-æриваз кодта. Лæг кæрц раласта, лæппуйы дзы батыхта. Æрхызт уæрдонæй. Уисæй февзыста галтæм æмæ, кæд мæ уазал нæ бацæуид, зæгъгæ, гæппытæгæнгæ, йæ къæхтæ фæндаджы хъæбæрыл хойгæ галты фæдыл згъордта.

...Уыцы бон нартхор тонынмæ уыдысты Дзерассæитæ. Мит куы рауара, зæгъгæ, хъæуы адæмæй куыстæн бæзгæ чи уыди, уыдон се ‘ппæт дæр быдырмæ ацыдысты. Уыцы уазал дымгæмæ нартхор фæтыдтой суанг изæрдалынгтæм. Сыхæгты бар ныууагъта Дзерассæ йæ сывæллæтты. Куыста, фæсте никæмæй зади. Æрмæст сывæллæттæ... Йæ зæрдæйæ нæ цух кодтой. Æмæ адæм сихор хæрдыл куы æрбадтысты, уæд йæ къæбæр йæ дæларм акодта æмæ тæхгæуадæй хъæуы балæууыд. Фæстæмæ куы æрбаздæхт, уæд бирæты уырнгæ дæр нæ кодта, хъæуы уыди, уый.

Фæлладæй æрбацыд изæрæй Дзерассæ. Хуылыдзæй. Хъуг æрдыгъта, сывæллæттæн хæринаг радта, бафынæй сæ кодта æмæ хуыссæны бахауд. Йæ хуыссæн æм афтæ хъарм æмæ фæлмæн рагæй нал фæкаст. Уайтагъд афынæй.

Чидæр дуар хоста. Йæ мидфынæймæ йæ хъуыста Дзерассæ. Цыма

уымæ нæ, фæлæ æндæр кæмæдæр хостæуыд. Цыма дард кæцæйдæр хъуысти. Сыстад. Кæртмæ рацыд. Фæрсы:

– Чи дæ?..

– Æз дæн... Юрик...

– Чи, чи?

– Дзерассæ, æз дæн... Нæхи Юрик...

– Мæ хæдз-дзар куыд уыди!.. Юрик, зæгъыс?

Фыр цинæй дуары къæбæлыл нал хæст кодта Дзерассæ, куыд æй фегом кодта, уымæн дæр ницыуал бамбæрста.

Лæппу куыдта. Йæ мæллæг уæхсчытæ хæрдмæ фæхау-фæхау кодтой. Куыдта Дзерассæ дæр. Йæ цæссыгтæ гæр-гæр кодтой лæппуйы фæсонтыл.

– Æгайтма дзæбæх дæ... Æгайтма нæхимæ дæ...– йæ комы тæфæй хъарм кодта Дзерассæ лæппуйы къухтæ. – Цом мидæмæ... Тынг суазал дæ? Дæ буар гæдыхъæдау куы ризы.

– Дзибыл мæ уазал кæнын нæ бауагъта. Йæ кæрцы мæ стыхта, – Дзерассæйы хъæбысæй куы феуæгъд, уæд йæ мидбылты бахудти лæппу.

– Кæй Дзибыл? – хынцфарст æй акодта Дзерассæ.

– Нæхи хъæуккаг, Томæты... Йæ галуæрдоны мæ сбадын кодта. Йæ кæрц мын раласта. Йæ фæндаггæгтæй мæ хорз федта. Цыхт æмæ кæрдзын. Ахæм адджынæн сæ бахордтон æмæ...

– Йæ цæрæнбон бирæ, дæу чи барæвдыдта, – загъта Дзерассæ æмæ лæппуйы фæдыл хæдзармæ бахызт.

Лæппу хæдзары къуымты йæ цæст ахаста, ныллæг хъæлæсæй бафарста:

– Кæм сты?

Дзерассæ уаты ‘рдæм йæ сæрæй ацамыдта.

Лæппу уаты дуарыл бахызт. Цырагъы мынæг рухс сывæллæтты сынтæгыл хъазыд. Уыдон, цыма бæстыл æппындæр ницы æрцыди, уыйау æнæмæтæй хуыссыдысты. Иуцасдæр сæм æдзынæгæй фæкасти лæппу, хистæры русæн аба кодта æмæ йæ къæхты ælгътыл фæстæмæ рацыд.

– Хуыссынц, – йæ цæстытæ æнахуыр æрттывд кодтой, афтæмæй загъта Юрик.

Чысыл фæстæдæр йæ фыды кæстæр æфсымæр Харитоны зæронд пъалто йе уæхсчытыл, йæ къæхтæ хъарм доны, йæ къухы æхсыры къус, иннæйы нартхоры кæрдзын, афтæмæй пецы фарсмæ бадти æмæ дзырдта йæ хабæрттæ Юрик.

...Гыццыл лæппу ма уыди Юрик, Дзерассæ Бæдтиатæм чындзы куы æрцыди, уæд. Йæ цыппар азы дæр ыл нæма сæххæст сты. Йæ мады,

мæгуыр, зонгæ дæр нæ кодта. Йæ фыдымад æй йæ комы комдзагæй схаста. Дзерассæ ма ног чындз уыди, афтæ йæ иу бон йе ‘фсин йæ фарсмæ æрбадын кодта, лæппуйы мады хабæрттæ йын фæкодта, стæй йын æрæджиау загъта:

– Чындз, мæ хур, адæймагæн Хуыцау æгæр цыбыр бонтæ радта. Мæнæн дзы бирæ нал баззад. Курын дæ, фæдзæхсын дын: ацы сывæллоны дæхионтæй макуы фæхъулон кæн. Мады æхсыры цъыртты хъæстæ чи нæ фæвæййы, уый мæгуыр у. Сидзæры номæй йæм исчи сдзура, уый дæ сæрмæ макуы æрхæсс...

Хуыцауы раз ард бахæрды хуызæн баззадысты йæ зæрдæйы уыцы ныхæстæ Дзерассæйæн. Хорз ус уыди йе ‘фсин. Нымад адæймаг. Йæ абоны цардæй йæ райсомы бонмæ рæсугъд фæндæгтæ чи кодта, ахæм адæймаг. Æмæ уый æвзæр куыд сахуыр кодтаид лæппуйы. Дзырдтой, кæддæр, дам æй уæлмæрдты йæ мады ингæны фарсмæ ссардтой. Ам цы ми кæныс, зæгъгæ, дам æй куы фарстой, уæд, дам сын афтæ: «Мамайы агурæг рацыдтæн».

Æцæг афтæ уыди, уый хъæуы бæлвырд ничи зыдта. Кæй дзыхæй рацыд, уый дæр не сбæрæг. Ныхас та топпы фатæй уæлдай нæу – иугæр ирвæзгæ скæнæд, æндæр ын раздахæн нал вæййы.

Æрцыдысты уыцы ныхæстæ фыдымады хъустыл дæр æмæ йæхинымæр хъуыды кодта: «Раст æй цæуылнæ радзурынц? Æз æй мæхæдæг куы скодтон. Йæ мады ингæн ын мæхæдæг куы бацамыдтон. Æви исчи афтæ хъуыды кæны, æз ын æвзæр дæн, раст зондыл æй нæ ардауын. Æмæ уæлмæрдтæм тæргай алыгъди?.. Рæдийы, афтæ чи хъуыды кæны, уый. Ахæм лæппу нæу мæ лæппу. Йæ мады ингæн чи ферох кæна, ахæм дæр нæ уыдзæн».

Фыдымад бирæ нал ацард. Бафыста йæ хæс Хуыцауы раз. Лæппу баззади Дзерассæйы æвджид. Хъазыди сыхы лæппутимæ, цин кодта йæ ног дарæсыл, куыдта, лæппутæй-иу æй исчи æнæхъуаджы куы бафхæрдта, уæд. Дзерассæмæ та-иу афтæ касти, кæд йæ мад, йæ фыдымады мысы æмæ уымæн кæуы. Æмæ-иу лæппуйæн зæрдæлхæнæнтæ кодта, йæ сусæг æвæрæнтæ-иу скалдта.

Фæзынд Дзерассæйæн йæхи фыццаг лæппу. Бамбæрста хъæбулы ад. Йæ зæрдæмæ арфдæр айста сидзæры хъысмæт. «Нæ, нæ, – авдæны уæлхъус-иу куы æрбадти, уæд-иу йæхинымæр хъуыды кодта Дзерассæ, – сидзæр æй нæ бауадздзынæн, ме ‘фсины фæдзæхсты сæрты нæ ахиздзынæн»...

Стæй йæ сывæллон иуæндæс мæймæ къахыл куы ауад, уæд æй Дзерассæ Юричы аххос кодта.

– Афонмæ дæр ма йæ цыппæртыл хилид, Юрик ын куынæ уыдаид,

уæд, – æппæлыд Дзерассæ устытæн. – Мæхи йæм уыйбæрц кæм æвдæлди, фæлæ Юрик... Сахуыр ыл сывæллон æмæ, Юрик искуыдæм ацыди, зæгъгæ, уæд кæуын сисы. Æмæ та уæд «гаккæй»… Бæгъæввадæй...

Хæсты размæ Юричы фыд Салам дыккаг бинонты хъуыддаг бакодта. Ссыд сæхимæ, йæ фырты йæхимæ кæнынмæ. Дзæбæх фæкуыдта Дзерассæ, Юрик цы райсом цыди, уыцы райсом. Суанг хъæугæронмæ фæцыдысты сæ фæдыл. Юрик Шмелы къухыл хæцыд, Дзерассæйы уымæл цæстытæм скæс-скæс кодта, йæ былтæ змæлыдысты. Цыма Шмелæн цыдæр зæгъынмæ хъавыд. Цыма дысон-бонмæ хъæбысхъæбыс кæй фæхуыссыдысты, уый сын фаг нæ уыди.

Харитон сæрыстырæй цыди йæ афицер æфсымæры фарсмæ. Цæуылдæр зæрдиаг ныхас кодтой. Салам ын Ираны сæрмæ хъæды ‘рдæм йæ къухæй цыдæр амыдта. Дыууæйæ дæр уыцырдæм кастысты. Цæмæй зыдтой, дыууæ æфсымæрæн уыцы райсом сæ фæстаг фембæлды райсом кæй уыди, уый. Кæнæ Юрик... Цæмæй зыдта, дыууæ азы фæстæ йæ сармадзаны нæрын æмæ бомбæты æхситтæй æхсæвы мæйдары фæстæмæ лидзын кæй бахъæудзæн, йæ фыды сау хабар йæхицæй кæй фæраздæр уыдзæн æмæ Бæдтиаты къæсæртæ кæй ныххойдзæни, уый.

Юрик йе ‘хсыр цымд фæци, ныссæрфта йæ къухтæ, сыстад, Дзерассæмæ бакаст, ныллæг хъæлæсæй бафарста:

– Папæйæ писмо нæ уыди?..

Дзерассæйæн йæ буар ауазал. Юрик æй йæ фыдæй кæй фæрсдзæн, уый зыдта æмæ фæцарæхст:

– Куынæ... Нæ уыди...

Лæппу ныуулæфыд, тасмæ февнæлдта.

– Фæлæуу... Мæхæдæг æй акалдзынæн.

Юрик йæ коммæ нæ бакаст.

VI. «МАСТЫ СТЪÆЛФÆНТÆ»

Адæм алы ныхас кодтой:

– Немыц Мæлгъæвæджы рæгътæ бацахстой, – хуылфмæ дзурæгау дзырдтой иутæ.

– Налцыкмæ сæ бирæ нал хъæуы, – цавæрдæр озрекаг лæджы ныхæстæ фæзмыдтой иннæтæ.

Ахæм дзурджытæ дæр дзы уыди:

– Мах немыцæй ницы хæсджын стæм. Нæ фыдæлтæ дæр сæ ницы

хæс дардтой. Сызгъæрин къахæнтæ нæй нæ хъæуы. Нефты æвæрæнтæ дæр афтæ. Нартхор нæм зайы, æмæ уый æндæр ран дæр ссардзысты. Цæмæн сæ хъæуæм? Цы нæм агурынц? Елхотæй цы зæгъыс, уый зæгъ. Æфсæнвæндаг. Элеватор. Æрджынарæджы дæгъæл...

– Иугæр Елхотмæ куы схæццæ уой, уæд сæ махмæ дæр хъæуы, – нæ разы кодтой чидæртæ.

– Ацы цъыфты... Бæхуæрдон нæм тыххæйты куы цæуы... Хуыцау сæ ма æрбауадзæд, фæлæ куы цæуой, уæддæр Мыртазатыл. Кæнæ Стыр фæндагыл...

– Мыртазатыл дæр нæ æмæ Стыр фæндагыл дæр! – фидарæй дзырдтой æртыккæгтæ. – Не ‘фсæдтæ сæ не ‘рбауадздзысты. Æндæрæбон æмбырды цы æрвыст лæг дзырдта, уымæ нæ хъуыстат? Стæй Æрæфы былгæрæтты æмбæхстæй чи лæууы, уыцы сармадзантæ та?

Худæн дæр нæ уыди адæмыл. Алы кæмттæй æрлыгъдысты ардæм цард агурæг. Равзæрстой цæрынæн æвæджиауы ран Ирыстоны дæтты рæсугъддæртæй иу – Æрæфы былгæрон. Æнæхæрд зæххытæ, мыртгæджын æмæ хъæдæй æхгæд атагъа, бæзджын уыгæрдæнтæ æмæ уæрæх фосхизæнтæ... Суанг судзины онг фембырд кодтой, цæрынæн сæ цыдæриддæр хъуыди, уыдон. Аргъ кодтой сæ лæгдæртæн, уайдзæф кæнын сæ бон уыд, сæ сыхаг хъæуты цæсты сæ чи æфтыдта, уыдонæн. Адæмы рæнхъы цыдысты сæ кæстæртæ. Стæй, хъæуы ном чи хаста, хъæуы фидæн æнхъæлмæ кæмæ касти, уыдонæй иу дæр нал аззад хъæуы. Мæй дæр æххæст нæма рацыд, афтæ цалдæр хæдзары дуæрттæ ныххоста сæ дарджыты сау хабар. Сæ зæрдæты сусæг тарстимæ æнхъæлмæ кастысты сау хабармæ алы хæдзары дæр.

Уæлдæфы арæхæй-арæхдæр зынын байдыдтой нæ хæдтæхджытæ. Æхсæвы мæйдары хъæуысæрмæ сæ уæззау гуыв-гуывæй не ‘нцадысты. Кæмдæр Кæсæджы ‘рдыгæй хъуысти сармадзанты нæрын. Стæй иу хъуынтъыз фæззыгон райсом Озречы ‘рдыгæй хъæуыбынты æрбалæгæрстой, цæфтæ чи ласта, ахæм уæрдæттæ, бричкæтæ. Иу дæс æмæ ссæдзы бæрц уыдаиккой.

Хъæу сæ размæ рафæдис сты. Чи – йæ цыхтимæ, чи – йæ къæбæр æмæ йæ авджыдзагимæ. Бæстытæй, тугæйдзæгтæй сæм кастысты уæрдæтты гуыффæтæй хæрз æрыгон лæппутæ. Иу дзы тыххæйты рабадт, йæ былты змæлдæй сæм цыдæр дзырдта. Кæд зонгæ исчи у, зæгъгæ йæм сылгоймæгтæй иу хæстæг бацыди, цыдæр æм дзуры:

– Ацырдыгон нæу, – фæстæмæ дзуры сылгоймаг.

– Афæрс-ма йæ, кæд махонтæй искæуыл сæмбæлдысты, мыййаг, – хъæр кæны устытæй чидæр.

– Фæрсын æй, фæлæ... Хъусæй нæ хъусы, мæгуыр...

– Цæмæй йæ базыдтай?..

– Мæнæ йæ фарсмæ чи хуыссы, уый загъта.

Никуы федтой хъæуы адæм уыйбæрц цæфтæ. Алы уæрдоны дæр дыууæйæ, æртæйæ. Сæ фылдæр, рабадын йæ бон кæмæн нæ уыди æмæ йæ цæфты судзгæ рыст йæ дæндæгты къæс-къæсæй сабыр чи кодта, ахæмтæ. Сæ зæрдæйы тугтæ сæм ныккалдысты сылгоймæгтæн. Цыма сæ исчи садзгæ ныккодта, уыйау æдзæмæй кастысты уæрдætты фæдыл, сæ цæстытыл уадысты сæхи лæгтæ, сæхи фырттæ.

Цæфты размæ рацыд Дзерассæ дæр. Уæвгæ йæ дардмæ цæуын нæ хъуыди – сæ тæккæ рæзты кæрæдзи фæдыл ныххал сты уæрдæттæ, тагъд кодтой.

«Кæд искуы махонтæ дæр...» – сæры магъзы зилдух кодта уыцы хъуыды. Сырдта йæ Дзерассæ, æндæр хъуыдытыл йæхи ирхæфста. Фæлæ æдых, æнæбон уыдысты уыцы хъуыдытæ. Харитон, йе ‘фсымæртæ, йæ тиуы раз.

Уыцы бон ма Æрæфыл æрбахызт ноджыдæр æртæ чырæйы. Уыдон дæр уæззау цæфтимæ.

Æвæццæгæн, бынтон дзæгъæлы нæ уыдысты, афтæ чи дзырдта, сызгъæрин къахæнтæ нæм куынæ и, цы ми нæм кæнынц немыц, зæгъгæ, уыдоны ныхæстæ. Афтæ хъуыдыгæнджытæ фæци иннæ хъæуты дæр. Æмæ Елхотæй, Змейкæйæ, Æрыдонæй, Красногорæй, горæтæй дæсгай бинонтæ ныххæррæтт кодтой Ставд-Дуртæм. Чи – йæ хæстæджытæм, чи – йæ зонгæтæм. Хъæу æрлидзæг адæмæй байдзаг.

Фæфыдæнхъæл сты адæм. Сентябры кæрон иу мигъæй æмбæрзт райсом немыц æрбатыдтой, Æрæфы былгæрæтты цы фидæрттæ уыди, уыдон. Танктæ, уæззау сармадзантæ, машинæтæ, фистæг æфсæддонтæ, зæхх сæ быны рызти, афтæмæй хъæуы бынты, Бæдтиаты рæзты тагъд кодтой Æрджынарæджы ‘рдæм. Кæцæйдæр æхстой нæ сармадзантæ. Хъæуысæрæй хъуысти автоматты къæр-къæр. Змейкæйы ‘рдыгæй фехæлд цалдæр бомбæйы. Хъæуы сæрты æхситгæнгæ æрбатахтысты æртæ хæдтæхæджы.

Немыц хъæу бацахстой.

Уыцы бон скъоладзаутæ скъоламæ нал ацыдысты. Нал ацыдысты дыккаг, æртыккаг бон дæр... Хъæуы коменданты дзырдмæ гæсгæ салдæттæ зылдысты хæдзæрттыл, скъолайы кæртмæ хастой сынтæджытæ, гобæттæ, бастæ, тастæ, бедратæ. Ракалдтой, скъолайы цыдæриддæр уыди, уыдон.

Цалдæр боны фæстæ скъола байдзаг, Елхоты ‘рдыгæй кæй ластой,

уыцы немыцаг цæфтæй. Афицертæн – хицæн уæттæ, сынтæджыты фæлмæндæртæ, хуыссæнты дзæбæхдæртæ, кæрчыты нарддæртæ.

Хъæуы зыбыты иунæг куыройы аргъæутты кæфхъуындарау æрбадти фыдуаг, фыдзæрдæ немыцаг ефрейтор. Йæ цæстытæ – гæдыйы цæстыты хуызæн, æхсæв дæр ын сырды цæстытау æрттывтой. Хъæуы адæмæй йæ бирæтæ фæсномыгæй сælавыр дæр хуыдтой. Æмæ, æцæг, иу бакастæн сælавыры хуызæн уыди – ныллæг ных, гуыбыр фындз. Роцъо та йыл æппындæр нæ уыди.

Куыроймæ афтидæй цæуæн нал уыди. Æнæ карк, æнæ цыхт, æнæ царв æмæ æйчытæ ссинаг нал истой, йæ «хуынимæ» двайнойы авг чи хаста, уыдоны рады лæууын нæ хъуыди.

Куыд дзырдтой, афтæмæй ефрейтор æмæ хъæуы комендантæн иу хæдон дæр уæрæх уыди. Комендант та – разæй худгæ чи кодта, фæсте та счъилы нуæрттæ чи дзæнгæл ласта, ахæм уыд. Цыбыргомау, фидæрттæ арæзт, йæ фындзы хъæл – саст. Йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй кæддæр боксæй хæцыд. Хæсты размæ дыууæ хатты уыди Уæрæсейы. Къуыхцытæгæнгæ дзырдта уырыссагау. Æппæлыд уырыссаг боксæй хæцджытæй. Йæхæдæг та æмбырд кодта хъæуы коммунистты номхыгъдтæ. Æмбырд дæр сæ æркодта. Æхсæвы сыл куыд разилдзæн, Атагъамæ сæ куыд акæнын кæндзæн, уым сын куыйты цагъд куыд ныккæндзæн... Алцы дæр ын хъуыдыгонд уыд. Æрмæст тагъд нæ кодта. Чысыл ма, стæй Дзæуджыхъæу сæхи бауыдзæн, æмæ сæ уæд агæрах кæндзæн. Уæлдæр бынат ын ратдзысты.

Ницы рауад коменданты сæнттæй. Иубон æрбацыд йæ куыстмæ. Уыцы номхыгъдтæм ма иу хатт куы æркæсин, зæгъгæ, рафæлдæхта йæ гæххæттытæ, ракъахта стъолы лæгъзтæ. Фæсидти пъæлицæйагмæ.

– Чи уыди ам? – мæстыйæ бафарста комендант.

– Ничи... Мæ рæстæджы ничи... Кæд мæ размæ...

Пъæлицæйаг зыдта, комендантыл цы бæллæх æрцыди, уый. Цыдæр амæлттæй номхыгъд йæ къухы бафтыд, куы йæм æркæсин, зæгъгæ, куыддæр гæххæтт райхæлдта, афтæ тыргъæй коменданты къæхты хъæр æрбайхъуыст. Пъæлицæйаг гæххæтт атымбылтæ кодта æмæ йæ йæ дзыхы баппæрста. Цалынмæ комендант хæццæ кодта, уæдмæ гæххæтт хъуыры аивгъуыдта.

Немыцæгтæ дыууæйæ пъæлицæйаджы акодтой, кæмдæр æй сбæгънæг кодтой, фæцагуырдтой гæххæтт, куы ницы ссардтой, уæд сæ комендант, номхыгъдтæ чи сарæзта, уымæ арвыста.

Лæг сæхимæ нæ разынд. Цалдæр боны размæ кæуылдæрты йæхи хохмæ айста.

Йæ сау фæндтæ йæ хъуыры фæбадтысты Ставд-Дурты комендантæн.

Мæйдар æхсæв уыд. Сау мæйдар æхсæв. Афтæ йæ хоны уæды иуæндæсаздзыд лæппу, ныр булкъоны цин кæмæ и, химион наукæты кандидат Мæскуыйы æфсæддон академийы чи у, уый – Бæдтиаты Юри. Æмæ уыцы мæйдар æхсæвты Ставд-Дурты хъæуы цы масты стъæлфæнтæ сыгъди, уыдон ногæй йæ зæрдыл æрлæууын кодта. Кæй зæгъын æй хъæуы, немыцы рæстæг Ставд-Дурты бирæ хабæрттæ æрцыд. Уыдис дзы, æцæг лæгдзинад чи равдыста, лæгсырдты ныхмæ лæгæй-лæгмæ чи æрлæууыди, ахæмтæ. Разынд дзы ахæмтæ дæр, йæхи уд адæмы рыст, адæмы хъизæмæрттæй хистæр чи скодта, знаджы раз йе рагъыл чи атылди. Фæстæдæр дзуапп радтой уыдон дæр адæмы раз, æнусмæ ælгъыстагæй баззадысты сæ нæмттæ.

Куыд загътон, афтæмæй Юрийыл иуæндæс азы йеддæмæ нæма цыд, немыц Ставд-Дуртæ куы бацахстой, уæд. Цастæ йæ бон уыд... Æгъатыр, саузæрдæ уыди цыфыддæр знаг. Байхъусæм ма Юрийæн йæхимæ.

«...Немыц нын æппæты фыццаг амардтой нæ дыууæ куыдзы. Куыддæр кæрты дуарæй æрбахызтысты, афтæ нæ хъулон къæбыла сæ размæ разгъордта. Æнахуыр адæмы куы федта, уæд бæстæ йæ сæрыл систа. Бæрзондгомау, къæсхуыртæ немыцаг, цыргъ роцъоджын, йæ фындз сынкъ рæхойæны хуызæн, йæ къах дард фæхаста æмæ йæ цырыхъхъы фындзæй къæбылайы уыциу риуыгъд нылласта. Къæбылайы хъистхъистмæ йæ фыдбылызæн стыр куыдз цæхæрадонæй кауы сæрты уыциу сæррæтт æрбаласта. Немыцаг йæ дамбацамæ фæлæбурдта, кулдуары фæстæ амбæхст æмæ куыйтыл ралæууыд. Цыппар гæрахы фæд-фæдыл. Немыцаг, цыма Хъарсы фидар басаста, уыйау йæ дамбацайы хæтæл йæ былтæм схаста, ныффу дзы кодта, стæй йæ лыстæг æнгуылдзæй куыдзы ‘рдæм ацамыдта:

– Убирайт!..

Мах æнцад лæууыдыстæм. Шмел къæбыламæ касти, йæ кæуын йæ былалгъыл, афтæмæй. Æз æм мæ цæстæй ацамыдтон, æнцад, мацы дзур, зæгъгæ.

– Убирайт! – дыккаг хатт загъта немыцаг.

Дзерассæ йæхи нал баурæдта:

– Маргæ сæ ды куы акодтай, убирайт дæр сæ дæхæдæг скæн...

Немыцаг йæхи схъулæттæ кодта:

– Шнель, шнель!.. Бистро...

Немыцаг дуары ædде фæци.

– М‘ арт куыд бауазал... Лæппуйы ном та цæмæй зоны? – йæ хуыз фæцыд Дзерассæйæн.

– Мæгъа, – дзуапп радтон æз Дзерассæйæн.

Куыдз æмæ къæбылайы цæхæрадоны баныгæдтам. Шмелæй иу ныхас дæр не схауд. Æрмæст цæхæрадонæй куы æрбаздæхтыстæм, уæд Дзерассæйы бафарста:

– Закаты къæбылайы дæр маргæ кæндзæн?..

– Нæ зонын, – йæхи та бакъултæ кодта Дзерассæ.

– Ма тыхс, мах дын Юрикимæ ног къæбыла ссардзыстæм. Æццæй нæ, Юрик?

Æз мæ сæр разыйы тылд бакодтон.

– Хъулоны хуызæн?

– Уымæй рæсугъддæр...

Хъулон уыди нæ хъазæнхъул, нæ хæлæртты-хæлардæр. Æнæ мах иу минут дæр нæ фæрæзта. Йæ сусæгæй-иу искæдæм куы ацыдыстæм, уæд-иу уайтагъд нæ уæлхъус февзæрд, фыр цинæй ма-иу нын цы акодтаид, уый нал зыдта. Цинтæ кæнынмæ та ахæм дæсны уыди æмæ диссаг. Йе рагъы нуæрттыл-иу атылд, йæ фæстаг къæхтыл-иу слæууыд, гæппытæ-иу систа.

Дыккаг райсом кæртмæ куы рацыдыстæм æмæ Хъулон нæ размæ куынæуал разгъордта, уæд сагъдауæй баззадыстæм.

– Æвзæр немыцаг у... Æндæр къæбылаты нæ марид, – цыма йæхицæн дзырдта, уыйау загъта Шмел æмæ мæм хæрдмæ скасти.

– Æвзæр лæг... Бирæгъæй дæр æвзæрдæр, – нæ уæлхъус февзæрди Дзерассæ. – Дысон уазæгдонмæ ацæуыны бæсты тæккæ къæсæрыл...

Дзерассæ мæ аивæй иуварсырдæм акодта, мæ хъусы мын дзуры:

– Ракъах-ма лæппуйы... Цæмæй йæ зоны ацы немыцаг?..

Шмел йæ сæрæн ницы зыдта. Уыцы бон нæ ахуыргæнджытæй иуæй базыдтон, «шнель» цы у, уый.

– Мæ фыдбылызтæ – сæ хай... Æз та дысон-бонмæ катæйттæ кæнын, – йæ цæсгом ныррухс Дзерассæйæн æмæ лæгъстæтыл фæци: – Уæхи хъахъхъæнут... Фæстæмæ сæм мацы дзурут...

Немыц хъæуы куыдз нал ныууагътой – ныццагътой сæ. Стæй уасджытæ... Сæ цуан уыдонæй райдыдтой. Цалдæр боны фæстæ хъæуы куыдз сræйæг нал уыди, уасæджы уаст дзы нал хъуыст.

Хъæу ænæ уасæджы уаст, ænæ куыдзы рæйд... Никуы федтой адæм ахæм диссаг æмæ къуырмайау фесты. Дзырдтой, зæгъгæ, дам, чидæр Ираны хъæуæй куыдз æрласта, скъæты йæ бабаста, фæлæ... Куыддæр йæ рæйын райхъуыст, афтæ йæ немыц агæрах кодтой. Хъæу хасты хуызæнæй баззад.

Мæ чингуытæ цары бамбæхстон. Уыдоныл нал уыдыстæм. Стæй скъола... Уый махмæ нал æвдæлд. Аивтой хъæусоветы ном дæр. Уым æрбадти немыцаг комендант йæ фæсдзæуинтимæ. Куырой дæр адæммæ нал æвдæлд. Немыц æм сæхæдæг кæцæйдæр ссинаг ластой машинæты.

Колхозы фæллой картофæй, нартхорæй, дыргъæй немыцæн баззадысты. Хъæуы адæмæй йæ къæхтыл лæууынхъом чи уыди, уыдон быдырмæ тардтой. Уаргæ бон у, дæ сывæллæттæ иунæг сты, – нымады дæр сæм нæ уыдысты уыдон. Ластой хъæуы нартхор дзаг машинæты. Æхсæвæй-бонæй йæ зилынæй не ‘нцад хъæуы куырой. Ластой уырдыгæй дæр ссады голджытæ, сæ фæрстыл цавæрдæр немыцаг дамгъæтæ фыст, афтæмæй. Кæдæмдæр ластой, сæ рынчындоны чи марди, уыцы салдæтты дæр. Æрмæст уыдон – æхсæвыгæтты. Адæмы сусæгæй.

Нæ куыйты нын чи амардта, уыцы салдат, фæрсгæ дæр никæй бакодта, афтæмæй йæ дыууæ æмбалимæ уатмæ балæгæрста. Мах хæдзармæ ратардтой. Фрицтæ, – афтæ хуыдтой нæ «уазджыты» – цы изæр æрбацыдысты, уыцы æхсæв суанг фæсæмбисæхсæвтæм сæ зарынæй, сæ дзолгъо-молгъойæ нæ банцадысты. Райсомæй уат скъæты хуызæнæй ныууагътой æмæ кæдæмдæр ацыдысты.

Дзерассæ мæм фæдзырдта. Уаты астæу мæрдджыны лæуд кодта, афтæмæй йæ баййæфтон.

– Адон хуытæ куы сты, хуытæ, – загъта уый. – Ныр адоны фаджыстæ мæрзон æви быдырмæ цæуон?..

– Быдырмæ!..– срæдывта мæ маст æмæ кæртмæ разгъордтон. Уыцы сахат нæ «уазджытæй» исчи мæ размæ куы фæуыдаид, уæд ын дур йæ тæккæ ныхыл ныццавтаин.

Нæ амондæн немыцæгтæ уыцы изæр æрæгмæ æрбацыдысты. Æрæгмæ ссыди быдыræй Дзерассæ дæр. Нæ «уазджытæ» нæхимæ не сты, уый куы базыдта, уæд тагъд-тагъд уаты смидæг, стъол афснайдта æмæ хæдзары бандоныл йæхи æруагъта, йæ къæхты бынæй ныуулæфыд:

– Кæуылты тахтæн, уымæн зонгæ дæр ницы кодтон... Уæ мæтæй... Афонмæ сæ, зæгъын, уыцы ницæйаг...– цыма ныл исты хорз æрцыд, уый хуызæн тагъд-тагъд дзырдта Дзерассæ æмæ йæ къухтæм æркаст. – Мæ къухтæ ахсон... Æз уæ ныртæккæ истæмæйты афсаддзынæн...

Уайтагъд къæбицæй тæбæгъты уынæр райхъуыст.

Немыцæгтæ кæд æрбацыдысты, уый мах нал базыдтам. Дзерассæ куыд дзырдта, афтæмæй сыкъадзæф уыдысты. Хæринаг дæр нал бацагуырдтой.

Нæ «уазæг» бынтондæр йæ цæсгом суагъта. Æнæ карчы фыд, æнæ хъайла нал фæрæзта. Хъæртæ, æртхъирæнтæ. Йæ цумайæ та бынтон нæ бон нал уыд. Хъæуа-нæ хъæуа, уæддæр йæ цуры лæуу, кæдæм дын зæгъа, уырдæм згъор. Мæ удхæссæг дзы федтон.

Иу райсом та, уæдæ мыл кæд фриц нæ фембæлид, зæгъгæ, тыргъты рахъуызыдтæн. Асинтыл æрхизон, зæгъгæ, афтæ йæ хъæр мæ хъустыл æрцыд.

– Чистит... Хорошо чистит!..

Йæ цъыфæйдзаг цырыхъхъытæ мын мæ размæ æрбаппæрста, дзабырсæрфæн щеткæ æмæ мын кремы къопп мæ къухты фæсагъта. Цы гæнæн ма мын уыди, æмæ цырыхъхъы хъусы мæ галиу цонг фæцавтон, сыгъдæг кæныныл балæууыдтæн. Цырыхъхъæн йæ цъыфтæ нæ ныссæрфтон, афтæмæй йыл крем ныххафтон. Крем мын иу цырыхъхъы фаг дæр не сси. Фриц мæм, æвæццæгæн, уаты гом дуарæй йæ хъус дардта, йæ кремæн ын цытæ бакуыстон, уый федта æмæ мæ уæлхъус алæууыд, сæхирдыгонау мыл стъæнг-тъæнг ласта, стæй мæ йæ къахæй ахæм цæф фæкодта, æмæ асинтыл уырдыгмæ атахтæн. Мæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Фæстæмæ йæм фæзылдтæн, дзабырсæрфæн щеткæ йыл уыциу цæф нылластон, кæм ыл сæмбæлди, уый дæр нал федтон, афтæмæй быруйы сæрты мæхи фехстон. Куы мæ, зæгъын, фехса, æмæ быруйы рæбынты гуыбыр-гуыбыр фæцагайдтон. Дард нæ алыгътæн, куыройы раз мæ дыууæ салдаты баурæдтой. Нæ сыхæгты зæронд лæг Албегаты Будти сæ разы лæууыд, йæ худ йæ къухы, афтæмæй салдæттæн иронау цыдæр дзырдта. Куыд бамбæрстон, афтæмæй зæронд лæг лæгуæрдонæй куыроймæ ссинаг æрбаласта, салдæттæ йын йе ссинаг раппæрстой, йæ уæрдоны йын миномет æмæ минæты асыкк сæвæрдтой. Зæронд лæг кæй ницы ахæццæн, уый бамбæрстой æмæ, сæ амондæн, æз сæ размæ фæдæн.

Баифтыгътой мæ Будтийы уæрдоны. Ахъæр мыл кодтой. Иу дзы цыдæр загъта, иннæ йыл худæгæй бакъæцæл. Иуцасдæр куы рауадтæн, уæд мын чидæр мæ уæрдон размæ фесхуыста. Фæстæмæ йæм ракастæн. Ныггуыбыр, уæрдоныл йæ дыууæ къухæй æнцади, афтæмæй мæ фæдыл цыди зæронд Будти.

Мæ хид мæ къæхтыбынæй калд. Къуыппыты, дзыхъхъыты фæластам немыцы миномет суанг хъæуы кæронмæ.

Цалдæр боны нæхимæ нал ссыдтæн. Бæдтиаты мыггагæй ма хъæуы баззади æрмæстдæр иунæг Темырболат, æмæ уыдонмæ бамбæхстæн. Темырболаты стыр уæрмы сæхи æмбæхстой нæ мыггаг се ‘ппæт дæр. Ссæдзы бæрцæй.

Изæрæй мæм Дзерассæ уырдæм фæфæдис ис. Йæ хуыз фæцыди, афтæмæй мæ фæрсы:

– Исты фыдуаг ми бакодтай, мыййаг?

– Ам æй уадз, – загъта Темырболат.

Дзерассæ ницыуал сдзырдта, ацыд.

Цалдæр боны Темырболаттæм баззадтæн. Иубон цыдæр хъуыддаджы фæдыл нæхимæ ныууадтæн. Минут дæр нæ афæстиат дæн, афтæ кæртмæ æрбахызт дæргъæй-дæргъмæ стæвдтæ немыцаг. Йæ фарсмæ – йæхи хуызæн стыр куыдз. Йе ссыртæ урс-урсидæй æрттывтой. Немыцаг фрицты уатмæ бацыд, фæтæгены графин рахаста.

«Кæдæм æй хæссыс?.. Фриц æй мах æфсон фæкæндзæн», – зæгъынмæ хъавыдтæн немыцагæн, фæлæ мæм куыдз ахæм сонт каст фæкодта, æмæ мæ дзых схæлиу кæнын дæр нал суæндыдтæн.

Дзерассæ быдыры уыди, æмæ йын йе ‘рцыдмæ суг ныссастон, немыцæгтæ йын сæ куыд нæ федтаиккой, афтæ сæ фæсдуар самадтон. Æвæццæгæн, æгæр афæстиат дæн – кæрты дуармæ хæрхæмбæлд фестæм фрицимæ. Мæ галиу хъусæй мæ ацахста. Ахæм риуыгъд æй скодта, æмæ мæм афтæ фæкасти, цыма мæ хъус йæ къухы аззади. Ныхъхъæр кæнын нæ бауæндыдтæн, æрмæст ын йæ къухыл дæндагæй ныззæгæл дæн. Феуæгъд мæ кодта. Скъæтмæ балыгътæн. Уый – мæ фæдыл. Дамбаца мæм ныддардта. Мæхи скъæты къулмæ нылхъывтон. Дамбацайы хæтæл мæм иу æрттывд фæкодта, стæй мæ рахиз хъусы фæрсты, цъыззытт, зæгъгæ, цыдæр æрбатахт. Самандуры къæрттытæ мæ цæсгомыл æрбакалдысты. Скъæты дуармæ – кæйдæр сау æндæргтæ... Æндæр ницыуал федтон, ницыуал бамбæрстон...

– Лидзгæ! – мæ хъустыл æрцыд Къубалты лæппу Батрадзы тарст хъæлæс.

Ралыгътæн.

Фæстædæр куыд базыдтон, афтæмæй нæм лæппутæ кæцæйдæр кастысты, гæрах куы фæцыд, уæд немыцагыл сæхи ныццавтой, скъæты талынгмæ йæ баластой æмæ йын уырды над фæкодтой.

Ничи базыдта, фрицæн йæ сæры хъæбæртæ чи фæхоста, уый. Йæхæдæг дæр не схъæр кодта, уыцы бæллæхтæ йыл талынг скъæты кæй æрцыдысты, уый.

Уыцы бонты ма иу над æрцыди. Куыройы. Сусæгæй нæ. Адæмы раз. Цæвиттон, куыройы хицау йæ чемыл нæ уыд уыцы бон – хъæртæ кодта адæмыл, æфхæрдта сæ. Зæронд устытæй иуы карк йæ зæрдæмæ нæ фæцыд æмæ йын æй кæдæмдæр ныззыввытт кодта. Ус æм цыдæр сдзырдта. Ефрейтор æм фæмæсты æмæ йæ асхуыста. Ус, мæгуыр, размæ бахауд. Адæм схъæлæба кодтой. Хъæуы куырд – ацæргæ лæг Уарзиаты Амыла – йæхи нал баурæдта, немыцагмæ бацыд, йæ фыйфыйаджы йас къухæй йын ахæм цæф нылласта, æмæ ефрейтор сæрбихъуырæйттæгæнгæ куыройы бын бамидæг. Загъд-замана систа, лæбурдта. Тыхтæй-амæлттæй йæ басабыр кодтой адæм.

Æз мæ бынат аивтон. Мæ мадыфыд Долæтмырзætæм балыгътæн. Уым дæр зæронд æнгуз бæласы бын уыди арф ныккæнд.

Иубон комендант дзырд радта, цæмæй лæппутæ æмæ чызджытæ изæрæй киномæ æрæмбырд уыдаиккой, уый тыххæй. Æризæр. Немыц клубмæ хæстæг æрцæттæ кодтой сæ машинæтæ. Дзæгъæлы! Иу дæр не ‘рбацыд киномæ, – пъæлицæйæгтæй чидæр гадзрахатæй рацыд немыцыл: кæйдæр хъусы бацагъта, уæхи бамбæхсут, Германмæ уæ ласынц, зæгъгæ.

Бæзджын цъæх мигъ йæхи нылласт æруагъта хъæуыл. Æрæгвæззæджы цыбыр бон йе ‘мгъуыдæй раздæр ахуыссыд. Нытталынг бæстæ, ныссабыр. Æрмæст ма дард кæмдæр Æрджынарæджы ‘рдыгæй сармадзанты иугай гæрæхтæ хъуыст. Стæй уыдон дæр банцадысты. Уæззау уынæргъæ кæртмæ æрбатылдысты дыууæ стыр машинæйы. Нæ ныккæнд йæ бындзарæй ныррызти. Афтæ мæм фæкасти, цыма ныртæккæ ныккæнды сæр нал бауромдзæн æмæ нæ сæ быны ныцъцъист кæндзысты. Мæ мадыфсымæр Костяимæ кæртмæ рацыдыстæм, æнгуз бæласы аууон æрæмбæхстыстæм.

Машинæтæй æрхызтысты цалдæрæй. Дыууæ дзы уыциу цыдæй уатмæ бацыдысты. Иннæтæй иу кулдуары раз æд автомат æрлæууыди. Чысыл фæстæдæр уатæй райхъуыст цавæрдæр æнахуыр хæр-хæр, иугай ныхæстæ, стæй уырыссагау: «Внимание, говорит Москва!»

– Радио! – ныццин кодта Костя æмæ мын мæ цонгыл фæхæцыд, йæ фæдыл мæ уæрммæ бадавта. Долæтмырзæйæн ницы схъæр кодтам, къуымы батымбыл стæм. Костя мын мæ фарс басхуыста:

– Цы амалæй къухы бафта? – фæрсы мæ.

– Чи?..

– Сæ радио... Сс... Зæронд фынæй нæу, – йæ былтæ мын мæ хъусыл

сæвæрдта Костя. – Хъусыс, райсом исты æрхъуыды кæндзыстæм. Æрмæст – сым дæр макæмæн. Хъусыс?..

– Хъусын, – дзуапп радтон æз.

Æвæццæгæн, мæ ныхас æгæр хъæрæй фæци, æмæ Долæтмырзæ йæ лыстæны базмæлыд. Æнæбары хуыфт скодта.

Мах кæрцы бын аныгъуылдыстæм, хъыпп-сыпп дæр нал скодтам.

Райсомæй Костяйæн йæ пълан цæттæ уыд, Долæтмырзæйы гыццыл хырхимæ сусæгæй бабырыдыстæм пъолы бынмæ... Немыцæй уаты куы ничи уа, уæд пъол скъæртт кæндзыстæм æмæ радио рахæсдзыстæм.

Цалдæр боны фæхуыссыдыстæм пъолы бын. Машинæтæ-иу боныцъæхтыл кæдæмдæр ацыдысты, æрмæст хъахъхъæнæг, цыма нын нæ фæндтæ зонгæ кодта, уыйау хæдзарæй никæдæм цыд. Куыддæр-иу машинæтæ феддæдуар сты, афтæ-иу афицерты уаты фæмидæг, нæ фыдæнæн-иу радиойы йæ куыст скодта. Цавæрдæр зарджыты скъуыддзæгтæ, сылгоймæгты, нæлгоймæгты иугай ныхæстæ... Цыма сын исчи Долæтмырзæйы хырхæй сæ хурхытæ лыг кодта, уыйау сæ хæр-хæр цыди. Бон-изæрмæ æнæрæнцойæ. Изæрæй дæр афтæ. Куыддæр-иу афицертæ уаты дуарæй бахызтысты, афтæ-иу радиойы ныхас райхъуыст.

Мæсты кодтам. Уæлдайдæр Костя. Фæлæ иубон... Хъалагъур та иунæгæй баззад. Радио хъæрæй дзургæ ныууагъта, йæхæдæг кæртмæ рацыд æмæ уым цыдæртæ архайдта. Уыцы сахат радиойы хæр-хæр чысыл фæсабыр. Чидæр дзырдта: «Октябры цытджын революцийы фондз æмæ ссæдз азы номыл кадджын æмбырд нымайын гомыл... Ныхасы бар ис мидхæсты хъæбатыр Дзæрæхохты Хадзымуратæн...»

Ныннæрыд къухæмдзæгъд. Стæй райхъуыст Хадзымуратæн йæхи хъæлæс: «Нæ бæстæты алы рæттæй мæнмæ фыссынц мæ раздæры хæстонтæ... Курынц мæ, цæмæй нæ зæронд гæрзтæ райсæм æмæ ærлæууæм Гитлеры лæгсырдты ныхмæ. Бæргæ, фæлæ кæстæртæ нæ разы кæнынц, æгæр, дам, фæзæронд стут... Æз сидын нæ хъæбатыр кæстæртæм: цæвут фашистон цъаммарты! Мах дæр фæсте нæ баззайдзыстæм...»

Хъалагъуры уæззау цырыхъхъыты къупп-къупп æрбайхъуыст хъæдын асинтыл, фæмидæг афицерты уаты. Ныхæстæ хæр-хæры бын фесты.

Мæ фæдыл! – ме уæхск мын æркъуырдта Костя æмæ пъолы бынæй рабырыдыстæм.

Уыцы изæр Темырболаты ныккæнды уыди æцæг бæрæгбон.

– Æндæр ма цы загътой?

– Ацы ænаккæгты кæд фæтæрдзысты, уый тыххæй ницы дзырдтой?

– Уæдæ, зæгъут, немыц Дзæуджыхъæуы не сты, нæ?..

Æмæ нæ цæмæй нæ фарстой сылгоймæгтæ.

Дзерассæ йæхи нал баурæдта, мæ размæ æрбацыд, ныллæг хъæлæсæй мын дзуры:

– Кæм дæ, уый дæр мын куынæ загътай...

Иннæрдыгæй мын мæ дыс æриваезта Шмел. Хæрдмæ мæм скасти:

– Æз дæ никуыдæмуал ауадздзынæн...

– Хорз, – йæ зæрдæ йын алхæдтон.

– Чындз, мæ хур, марадз-ма исты радав. Бæрæгбон кæй у, уый дæр нæ куы ферох, – Дзерассæмæ фæдзырдта Темырболат æмæ мын ме уæхскыл йæ уæззау къух æрæвæрдта. – Сталины загъдау, уыдзæни мах сыхы дæр бæрæгбон...

Декабры дыккаг æмбисы зымæг йæ тæмæны бацыд. Мит уарыд. Бындыртæ урс-урсид адардтой. Бæлæсты хихтыл чырс бадти. Æрæфы сæрмæ ауыгъдæй лæууыди бæзджын цъæх мигъ. Ныссалдысты фæндæгтæ, гыццыл дæттæ. Æрмæст хъæуы куырой йæ куыст кодта – æхсæвæй-бонæй зылдысты йæ уæззау фыдтæ, фыхти, хъуырдухæн кодта дон куыройы нарæг нучы. Раздæрау бегарайы цыдысты хъæуы цæрджытæ сæ галуæрдæтты, сæ ифтыгъд хъуццыты фарсмæ мигъæй æмбæрзт Атагъамæ. Ластой уырдыгæй суг скъолайы кæртмæ, стæй та сæ хæдзæрттæм.

Комендантмæ йæ фыццаг бонты «уæздандзинадæй» мур дæр ницыуал баззад. Мæсты кодта. Сдзырд æм нал уыд. Тыхстхуыз уыдысты афицертæ дæр. Æрмæст уыдон ницы дзырдтой.

Иуизæр мæ Костя йемæ акодта.

– Иу хъуыддаг ис. Сусæг хъуыддаг, – дардыл райдыдта Костя æмæ мын мæ цæстытæм комкоммæ ныккасти. – Зындзинады куы бахауай, уæд нæ фæтæрсдзынæ?..

Костя мын ахæм ныхæстæ кæндзæн, æз уый æнхъæл нæ уыдтæн æмæ йæм хæлиудзыхæй баззадтæн.

– Ды мемæ куы уай, уæд нæ фæтæрсдзынæн, – æрæджиау загътон æз.

Уæдмæ Костяйы æрдхорд Дауиаты Матвей дæр æрбацыд, мæ къух мын райста.

– О, Юрик... Сырх Æфсады командир Бæдтиаты Саламы фырт Юрик, – бахудт Матвей æмæ йæ хызын æрæвæрдта. – Авд... Фаг уыдзысты?..– Костямæ йе ‘рфгуыты бынты бакасти Матвей.

– Уыдзысты – дзуапп радта Костя æмæ йæ дæлармæй гилдзытæ

скалдта. – Мах уыдзыстæм сусæг къорд. Ænæном къорд. Кæд исты саразæм, уæд исты дзæбæх ном æрхъуыды кæндзыстæм...

– Сымахмæ хæцæнгæрзтæ. Æз та...

– Тыхсгæ ма кæн, адон нæ дыууæйы фаг дæр сты. Куы хъæуа, уæд ма ноджыдæр самал кæндзыстæм, – загъта Матвей æмæ йæ хызынæй гранат систа, – Куыд æхсгæ у, уый зоныс?

– Нæ зонын.

– Райсом Атагъайы ‘рдæм ацæудзыстæм, æмæ дæ уым ацахуыр кæндзынæн, – цыма гранаттæ ифтындзæгæй базæронд, уый хуызæн мæм уæле дæлæмæ æркасти Матвей.

Иу-цыппар азы хистæр уыдысты мæнæй сæ дыууæ дæр. Æмæ мыл афтæ кæй бауæндыдысты, хъæуы лæппутæй уæлдай мæн сæ къордмæ кæй бакодтой, уымæй хуымætæджы сæрыстыр уыдтæн! Ссардтон æз дæр Атагъайы сындзы автоматы гилдзытæ, топпы æхгæнæн æмæ сæ дыккаг бон Костятæм балæууын кодтон.

– Дæумæ та цы фæнд и, кæмæй райдайæм? – иухатт мæ бафарста Матвей.

– Дæлæ нæхионæй... Мах фрицæй, – дзуапп ын радтон æз.

Костя мæм мæстыгæр каст æрбакодта:

– Исчи дæр ма ахæм ницæйаджы тыххæй йæ къухтæ чъизи кæны? Уæлдæр сæвналын хъæуы, мæ хæрæфырт, уæлдæр. Къахы цæфæй сæрæн ницы тас у. Сæр куы ныццæвай, уæд къæхтæ дæр нал фæцæуынц.

Костя уæлдæр кæй хуыдта, уыдоныл та хæст нæ кодтам.

Немыц æхсæвы сæ цæфтæ аластой. Хъæуыбынты Озречы хъæуы ‘рдæм лыгъдысты, Змейкæйы æмæ Елхоты чи уыди, уыцы немыцæгтæ дæр. Æд танктæ, æд сармадзантæ, чи фистæгæй, чи машинæты. Зæхх сæ быны змæлыди. Хид сын нал фаг кодта.

Бонмæ бирæ нал уыди, афтæ куыроймæ хæстæг фæндаджы галиу фарс акъоппы æрбадтысты Костя æмæ Матвей. Æрцæттæ кодтой гранаттæ. Æз лæууыдтæн нæхи тигъыл. Нæ каст уыди комендантмæ. Озречы ‘рдæм ын ауылты æнæ цæугæ нæ уыди. Куыддæр уынджы фæзындаид, афтæ хъуамæ ме ‘мбæлттæн фехъусын кодтаин.

Минуттæ сахатты дæргъæн ныйисты. Бон цъæх нал кодта. Комендант нал æмæ нал зынди. Адæргæй мыл ихæнриз бахæцыд. Æвæццæгæн, хуыздæр ран нæ уыдысты ме ‘мбæлттæ дæр, акъоппæй-иу куы сæ иу сдардта йæ сæр, куы сæ иннæ.

Æппынфæстаг, боныцъæхты фæзынди коменданты сау рог машинæ.

Ныхасгонд куыд уыдыстæм, афтæ сæм тигъæй мæ худ æртæ тылды ныккодтон, хæдзары аууон амбæхстæн. Машинæ суыхсуыхгæнгæ мæ рæзты афардæг. Куыддæр акъоппы бакомкоммæ ныххæццæ, афтæ фæд-фæдыл дыууæ гранаты фехæлд. Немыцæгты автоматты къæр-къæр сын дзуапп радта. Акъоппы былгæрон лыстæг хуыræн йæ фæздæг скалди.

Аирвæзт комендант. Матвей йæ къухы фыдтæм дæндагæй фæлæбурдга, Костямæ уайдзæфгæнæгау бакасти:

– Нæ уын дзырдтон, акъоппæй сбыræм, зæгъгæ. Машинæ уынгæ дæр нал акодтон...

Костя ницы сдзырдта, ælхынцъæрфыгæй касти, комендanты сау машинæ Атагъайы сындзы куыд фæцæйзгъордта, уымæ. Машинæйы фæдыл æдзынæг кæсгæ баззадтæн æз дæр. Уынджы чидæр хъæр кодта:

– Скъола-а!.. Скъолайыл бандзæрстой-ой!..

Адæм скъолайы ‘рдæм ныххæррæтт кодтой. Æд бедратæ, æд бел, æд сагæйттæ. Цæсты фæныкъуылдмæ уым балæууыдыстæм. Скъолайы бинаг рудзгуытæй æддæмæ лæбурдтой арты сырх æвзæгтæ. Сатæгсау фæздæгимæ. Кæйдæр бедра мæ къухты бафтыд.

– Юрик!.. Юрик!.. Рудзгуытæм æгæр хæстæг ма цу, – йæ доны бедраимæ мæ фæрсты æрбазгъордта Дзерассæ.

Скъола фервæзт. Адæм нæма фæпырх сты, афтæ зæхх сæ быны ныррызти. Æрæфы хид фаркгай хæрдмæ фæцыди.

– Срæмыгътой йæ, – загъта чидæр.

– Хуыцау сæ фыны дæр макуыуал фенын кæнæд! – йæ уæлдзарм худæй йæ ныхы хид ныссæрфта, хиды ‘рдæм касти, афтæмæй йын дзуапп радта Темырболат».

VII. ÆХСÆЗ ЦЫРТДЗÆВÆНЫ

Хъæу сулæфыд. Адæм сæ талынг уæрмытæй рахылдысты, кæрæдзимæ хæрзæггурæггаг згъордтой. Уынгты зымæгон уазал дымгæ кæй къуыс-къуыс кодта, йемæ миты хъæпæнтæ кæй хаста, уый дæр сæ ферох. Стæй уынгтæ, кæртытæ, хæдзæрттæ æфснайынмæ февнæлдтой – чъырæй цагътой, æндзæрстой немыцы хъылмайыл. Сывæллæттæ уынгты зылдысты, къултæй стыгътой немыцаг комендanты æртхъирæн фыстытæ, ракалдтой, цæфты бын чи бамбыди, уыцы гобæттæ, байтыгътой дуæрттæ, рудзгуытæ.

Немыцы хæд размæ колхозы разамонджытæ хæдзæрттыл бай-

уæрстой похцитæ, гутæттæ, хицæн хæйттæй алы рæтты бамбæхстой сæ трактортæй иуы. Хъæуы баззад цалдæр галы дæр. Ныр уыдон фæстæмæ ластой колхозы кæртмæ.

Æрæмбырд кодтой трактóры хæйттæ дæр. Бафснайдтой сæ хицæн агъуысты. Сыгъдæг ран. Ссыгъдысты хæдзæртты фæтæгены цырæгътæ. Куырдадзæй райхъуыст Амыраны дзæбуг æмæ хъæсдарæджы æхсызгон зæлланг.

Хæст хъæуæй адард. Нал хъуысти сармадзанты уынæргъын, автоматты къæр-къæр. Нал ластой æхсæвыгæтты немыц сæ цæфты хъæуы скъоламæ. Нал хъуысти уынгты немыцаг куыйты рæйын. Æрмæст ма хатгай хъæуы сæрты уæззау гуывгуывгæнгæ ныгуылæнырдæм тахтысты нæ хæдтæхджытæ. Сæ къухаууæттæй сæ фæдыл кастысты хъæуы сывæллæттæ.

Æвæццæгæн, уыцы бонты Ставд-Дурты иу хæдзар дæр ахæм нал баззад, йæ сыхæгтæм, йæ хионтæм чи нæ фæдзырдта æмæ йе ‘ртæ чъирийы чи не скуывта, сæ ирвæзынгæнджыты ном зæрдæбын арфæтæй кæм не ссардтой.

Уыди æртæ чъирийы Бæдтиаты фынгыл дæр. Темырболат ныккæнды цы бæрæгбоны тыххæй куывта, уый æрцыди Дзерассæйы хæдзармæ дæр. Сæрæгасæй баззадысты йæ цыппар сывæллоны, йæхæдæг, йæ сыхæгтæ. Ныр кусдзæн. Куы бахъæуа, уæд æхсæв дæр нæ бахуысдзæн. Ницæмæй фегад кæндзæни Харитоны ном. Юрик лæг у ныр. Хистæр лæппу дæр цумахъом фæци. Фæзмы Юричы. Æцæг лæгау фæраст вæййы йемæ суг ласынмæ, хъæллæгъмæ. Хуыцауæн табу, иу мæлæтæй уал фервæзтысты. Немыц лидзын кæм райдыдтой, уым кæд хæст дæр исчердæм кæнид. Тиу цы фæци, уый фæци. Сау хъæдгом ныууагъта Дзерассæйы зæрдæйы. Юрик хатгай йæхинымæр джихæй куы баззайы, уæд æм афтæ фæкæсы, цыма йæ фыды хабар зоны æмæ ууыл афтæ джихæй баззайы. Нæ, нæ. Хъуамæ йæ ма зона. Мæнæ Харитон куы сыздæха, уæд ын æй уый сабыргай бамбарын кæндзæн. Ныр та уал... Дзера номæй дзурæд Дзерассæмæ. Ныфсæн баззад кæстæртæн. Ахуыр кæнæд скъолайы. Ницæмæй йæ бахъулон кæндзæн Дзерассæ. Бакъаддæртæ йын кæндзæн Харитоны дзаумæттæ. Æнæ æфснайдæй йæ никуы ауадздзæн адæмы æхсæнмæ. Æгæр къæсхуыртæ хæссы æмæ... Уæвгæ хъæуы лæппутæн сæ фылдæр афтæ къæсхуыртæ сты. Чи зоны, хæринагæй дæр у, фæлæ сæ тæккæ рæзгæйæ сты æмæ... Бæдтиатæй хъауджыдæр иннæтæ дæр цæрвтæ æмæ мыдтæ куынæ хæрынц, мыййаг. Бафæраздзысты, исты амæлттæ кæндзысты. Кар-

тоф бакæндзысты сæ цæхæрадоны. Байтаудзысты кæрæтты нартхор, хъæдур. Ныссадздзысты настæ. Колхоз дæр сæ кæд бынтон æнæ хор нæ ныууадзид. Ноджы адæм... Кæрæдзийæн хорз сты. Кæрæдзимæ фæкæсдзысты сæ тыхсты сахат. Ærмæст хæст тагъддæр фæуæд. Нæ бæлццæттæ тагъддæр сыздæхæнт. Афтæ куы дзырдтой, бирæ нæ ахæсдзæн, зæгъгæ. Уæд цæй даргъ ныцци. Немыц ардæм галтæй куы æрбацыдысты æмæ фæстæмæ хъуццытæй куы фæлыгъдысты. Куыд дзурынц, афтæмæй сын кæмдæр Сталинграды бæрзæйсæттæн цæфтæ куы ныккодтой махонтæ. Куыд бирæ сты! Сæ мыггаг куыд æрæгмæ скъуыйы?.. Адæм хъус-хъусæй алы ныхæстæ кæнынц. Кæмæн йæ сау хабар æмбæхсынц. Кæмæй, æнæ бæрæгæй фесæфти, дзурынц. Куыд «æнæ бæрæгæй?» Ау, адæймаг бындз куынæ у, мыййаг. Иу уынæг æй куыд нæ фæуыдаид. Æви ахæм рæттæ дæр ис, писмо кæцæй нæ цæуы, хабар хæссæг кæцæй нæй? Харитоны афтæ фæзмыдтой, цалынмæ хæст фæуа, уæдмæ нæхимæ писмо нæ ныффысдзынæн, зæгъгæ. Бакæндзæн афтæ дæр. Мæ дзырд куыд фæсайон, зæгъгæ, иу хаxx дæр нæ ныккæндзæн. Ахæм уыд. Иугæр дзырд раттæд, æндæр...

Хъуыды ма кæны Дзерассæ, кæддæр йе ‘мбæлттæй кæмæндæр минæвар цыди Озрекмæ.

– Æхсæвæддæйыл цæут? – бафарста йæ йæ мад.

– Иннæтæн нæ зонын, фæлæ æз æхсæвæртыл нæхимæ уыдзынæн, – бахудти фырт.

Æвæццæгæн, сæ бадт æгæр адаргъ, фысымтæ ныффæрск сты, ахсæв уæ нал ауадздзыстæм, зæгъгæ. Сразы сты минæвæрттæ, æрмæст Харитон не сразы, райсом мæ раджы районмæ цæуын хъæуы, зæгъгæ, рафардæг. Мад æм хæцыд.

– Хорз нæ бакодтай, лæппу. Де ‘мбæлтты дæ уадзын нæ хъуыд.

– Иу хатт мæ дзырд куы фæсайон, уæд æй дыккаг хатт дæр сайын хъæуы, – дзуапп радта фырт.

Мад ницыуал загъта. Фырты дзуапп йæ зæрдæмæ фæцыд.

Фæлæ зæрдæ зæрдæ у. Хатгай нал бакомы зонды коммæ кæсын. Ænæ бадт байрагау ахæссы адæймаджы æвæд фæндæгтыл, тыгъд быдырты. Цалынмæ йæ хъару асæтты, йæ ныфс ахуыссы, уæдмæ. Стæй æнæ хъусгæ кæм ис адæмы сусæг ныхæстæм дæр. Арæх Дзерассæмæ афтæ дæр фæкæсы, цыма дзы цыдæр æмбæхсынц. Æвæццæгæн. Æндæр... Гъа, Харитон йæ дзырды сæрты ма хизæд, йæ цинтæ, йæ рыстытæ ныууадзæд хæсты фæуынмæ.

Æфсымæртæ та, æфсымæртæ? Уыдон ахæм дзырд куы никæмæн радтой, уæд цы ныхъхъус сты? Æхсæзæй сæ иу уæддæр куыд ницы хабар кæны? Æви афтæ æнхъæлынц, сæ мад, сæ фыд, сæ цыппар хойæн сæ риуты зæрдæты бæсты дойнаг дуртæ ис? Аслæнбег та, Аслæнбег... Бинонты ныфс. Æфсымæрты хистæр... Хъуыдинæйы йæ хотыл куы фæдзæхста.

Уыцы хъуыдытæ тъæнджы мæйы тымыгътау хъуырдухæн кодтой Дзерассæйы сæры, Æрæфы ивылд уылæнтау сæхи хостой зæрдæйыл. Бонæй уыйбæрц нæ. Быдыры куыст, хæдзары зилæнтæ, адæм... Уыдон-иу рæстæгмæ фæуæлахиз сты йæ уæззау хъуыдытыл. Фæлæ æхсæв... Уыдонæн-иу кæрон нал уыд. Саудалынгæй ивтой кæрæдзи. Бафынæй-иу сты сывæллæттæ, сыбыртт дæр-иу нал хъуысти сыхæгтæй. Æрбадт-иу уæд цырагъы мынæг рухсмæ пецы фарсмæ, бавнæлдта-иу, бон æй кæмæ не ‘вдæлд, уыцы куыстытæм: æмпъызта лæппуты дзаумæттæ, зылди сын сæ хæцъил дзабыртæм, æхсадта сын сæ бызгъуыртæ. Фылдæрхатт-иу ыл афтæмæй æрбабон. Хуыссæджы цъыртт-иу нæ федта. Боны та ног мæт, ног сагъæстæ, ног хабæрттæ, ног тас. Уыдонæй нæ хицæн кодта Дзерассæйы хæдзар.

Æрцæуы зиан. Фæриссынц, суадзынц сæ тыппыртæ. Рацæуы мæй, дыууæ мæйы. Сабыргай æрæнцайы зæрдæйы рыст. Кæуынæй, цæстысыгæй ничима райгас, ничима раздæхт мæрдтæй. Цард мæлæтæй тыхджындæр у. Фæлæ... Алы уынæрмæ дæр хæрдмæ хау, мæйдар æхсæвты дæ бæлццæтты сау æндæргтæ дæ цæстытыл уайæнт, дæ сывæллæтты æнкъард цæстæнгас дæ æдзух, нæ фыд кæм и, зæгъгæ, фæрсæд, æмæ сын дæ бон зæгъын мацы уæд... Æрцæуæнт дæм хицæнтæй дæ мад, де ‘ртæ хойы. Фæфæрсæнт дæ де ‘хсæз æфсымæрæй. Фæку, фехс дæ цæстысыгæй дæхи. Сæ зæрдæтæ сын мацæмæй барухс кæн. Кæс æнхъæлмæ. Афæдз. Фондз азы... Кæдмæ хъæуы æнхъæлмæ кæсын?

Хатгай-иу йæ ныфс бынтондæр асаст. Хъару-иу дзы нал уыд æппындæр. Каст уæддæр æнхъæлмæ. Фæрæзта йæ зæрдæйы уæззау рыстæн.

Цæмæй зыдта Дзерассæ, йе ‘ртæ фырты сæ фыды фæлмæн ныхас кæй никуыуал фехъусдзысты, уый. Цæмæй зыдта, йæ фыд цы хуызæн уыди, уый зонгæ дæр чи нæ кæны, уыцы кæстæр фырт Савели дыууиссæдз азы фæстæ кæмдæр Украинæйы зæххыл кæй ссардзæн йæ фыды ингæн.

Цæмæй зыдта Дзерассæ, йæ фаззон æфсымæр, мады зæнæджы хистæр Аслæнбег Ленинграды бынмæ 1943 азы 18 январы карз тохты йæ туг кæй ныккалдта, писмотæ фыссыныл кæй нал уыди, уый.

Кæнæ Хасанбег. Уый иу уад бæргæ скодта. Беслæны станцæмæ йæ размæ фæфæдис сты Хъуыдинæ æмæ Агнессæ. Цалдæр минуты

алæууыд поезд, стæй кæугæ фæуагъта мад æмæ хойы. Фæцыдаид æм, йæ фазыл дæр æм фæбырыдаид Дзерассæ. Нæ йæ базыдта. Нæ базыдта, Хасанбегæн уый йæ фæстаг балц кæй уыди, уый дæр. Стæй – Венгрийы Балатоны цадмæ хæстæг карз хæстытæ. Уым знаджы бомбæйы маргæйдзаг схъисæй йæ цард аскъуыд дыккаг æфсымæрæн.

Цæмæй зыдта Дзерассæ, йæ хъæлдзæг, йе ‘мгаруарзаг æфсымæр Туземц Курскы горæты бынмæ цы тыфылты бахаудта, уый. Зæхх æмризæджы рызти танктæ, хæдцæугæ сармадзанты бын. Немыц сæ уды быцъынæг тыдтой, Сталинграды бынмæ сыл цы стыр бæллæхтæ æрцыди, уыдонæн ног «Тигртæй», ног «Пантерæтæй» дзуапп раттыныл.

Сыгъдысты мæнæуы æнæкарст хуымтæ, фыхтысты цæугæдæттæ, пиллон арт уагътой немыцаг танктæ.

Фæсыкк та знаджы ныббырст, сæ сæр, сæ фат нал æмбæрстой, афтæмæй фæстæмæ лыгъдысты Гитлеры æфсæдтæ.

Уæлæхохæй рацыд уыцы хæстытæй Дыгуры сахъ лæппу Туземц дæр. Стæй Белоруссийы фæззыгон уазал къæвдатæ, цæугæдон Сошмæ хæстæг Новоссловскы хъæу, 1943 азы ноябры мæй. Тугкалæн хæстытæ. Уым хъæбатыры мардæй фæмард Дзерассæйы æртыккаг æфсымæр Туземц. Хъахъхъæдурмæ хабар фехъусын кодта йæ белорусаг хæстон æрдхорд Василы бинойнаг.

Марды хабар нæ хъæр кодтой мад æмæ фыдæн. Басусæг æй кодтой Дзерассæйæ дæр.

Æнхъæлмæ касти Дзерассæ йæ цыппæрæм æфсымæр Мæцыхъомæ дæр. Касти, фæлæ... Æфсæддон службæйы уыд уый хæсты размæ. Хъуамæ цалдæр боны фæстæ сыздæхтаид æфсадæй, фæлæ йæ хæст æрæййæфта паддзахадон арæнтыл. Йæхи цæстæй федта, немыцаг хæдтæхджытæ нæ хъæутыл бомбæтæ куыд калдтой, уый. Уæззау хæстыты фæцыд фæстæмæ суанг Днепры былмæ. Уым йæ сармадзантæй дæрæн кодта немыцаг танкты, фистæг æфсæддонты. 1942 азы 10 июны Днепры доны был фæмарди хистæр сержант Дыгуры Дазойы цыппæрæм фырт Мæцыхъо.

Фæндзæм Коля хуынди. Коляйæ баззади ænустæм. Хæрз æрыгон ма уыди. Скъоладзау. Йæхи фæнд атардта – ацыд йæ хистæрты фæдыл. Бафтыдта йæ азтыл. Бацыд æфсæддон скъоламæ, æрмæст æй каст нæ фæци – се скъолайы курсанттæ æхсызгон бахъуыдысты, Новороссийскы бынмæ цы хæстытæ цыди, уым. Уырдыгæй сæрвыста йæ фыццаг писмо. Стæй Мæздæг, Мæлгъæвæджы рæгътæ, Æрыдон, Хъæдгæрон. Карз хæстытæ. Йæ мад, йæ фыды абæрæг кæныны рæстæг дæр ын нæ фæци.

Иу фæззыгон изæр Быдыры Хъахъхъæдурмæ æрыхъуыст Коляйы сау хабар. Не схъæр кодтой уый дæр мад æмæ фыдæн, æрмæст хионтæ цалдæрæй фæдисы ацыдысты. Фæзылдысты Хъæдгæроны алывæрсты, акъоппытыл, ныккæндтыл, фæфарстой хъæуы, адæмы. Ницы базыдтой. Ницы ссардтой.

– Хуыцау æй мæнг хабар фæкæнæд. Вæййы, ахæм хабæрттæ арæх вæййы. Уыйбæрц дзыллæтæ сыстадысты, æмæ се ‘ппæтыл кæй цæст аххæсдзæни, – зæрдæтæ сын æвæрдтой Хъæдгæроны хистæртæ.

Æвзæр хабар уыди æхсæвы æфсымæр Махарбегæй дæр. Стæй æнæнхъæлæджы æфсæддон рынчындонæй писмо сæрвыста, хæсты фæстæ уæззау цæфтæй фæзынд йæхæдæг дæр.

Нæ фехъуыст Хъæдгæроны зæрæтты куывд Хуыцаумæ. Нæ фæзынд Коля. Нæ фæзындысты йæ цыппар хистæр æфсымæры дæр. Хæст кæмдæр Германы æлгъыстаг зæххыл йæ уд систа. Цæуинаг чи уыд, уыдон сыздæхтысты сæ хæдзæрттæм. Урссæртæй. Сæ хъæдгæмттæ нæма байгас сты, афтæмæй. Уыдис ма хъæуы, бæлвырд хабар кæмæй нæма уыди, ахæмтæ. Æрмæст уыдон иу хæдзарæй фæндзгай æфсымæртæ нæ уыдысты.

Иубон Хъуыдинæ йæ тиу Æндрушамæ асидт, хибарæй йын загъта:

– Адæм сæ бæлццæттæн куывдтæ кæнынц. Фынджыдзаг сын чи скодта, ахæмтæ дæр къаддæр не сты. Мах дæр исты хъæудзæни... Æрмæст мæ удæгасæй нæ... Зонын æй, цыдæр мæ æмбæхсут... Æмбарын æй мæ удæй...

Тиуæн йæ зæрдæйы тугтæ ныккалдысты, йæ чындзæн ма зæрдæтæ æвæрдта, сомытæ кодта, ахæм хабарæй исты куы уаид, уæд æй æз дæр зонин, зæгъгæ.

– Зæгъ нæхионтæн, мæ удæгасæй мын сæ сæфтыл мачи банымайæд, – куыдта Хъуыдинæ.

Хъуыдинæйы цæстыты уыйбæрц рыст, уыйбæрц тас уыди, йæ ныхæстæ афтæ сыгътой зæрдæ, æмæ сын тиу нал бафæрæзта, азылд иннæрдæм, мæ кæуын куынæуал бауромон, зæгъгæ, цыдæр æфсæнттæй йæхи асайдта. Сырдтой йæ Хъуыдинæйы ныхæстæ: «Мæ удæгасæй – нæ...»

Тади мад. Тадысты хотæ. Раджы бахуым кодтой Хъахъхъæдуры бынмæ зæронд акъоппытæ. Раджы байгас сты кæддæры хæстонты дудгæ хъæдгæмттæ. Æрмæст зæрдæйы цъæх артæй сыгъдысты фондз уæззау хъæдгомы. Нал сын бафæрæзта Хъуыдинæ. Иу фæззыгон æхсæв ма йæ цæстытæ байгом кодта, акаст уаты къуымты. Никæй федта,

афтæ бирæ кæмæ фенхъæлмæ касти, уыцы фондз фыртæй. Стæй арф ныууылæфыд æмæ ууыл аскъуыд рыст зæрдæ.

Дыккаг бон Дыгуры Дазойы кæртæй рахастой æхсæз сау цырты.

Хъахъхъæдуйрæгтæ бирæ диссæгтæ федтой сæ царды. Авдæн кæм вæййы, уым чырынæн дæр æнæ уæвгæ нæй. Æрцыди зиантæ хъæуы. Уыдис ахæмтæ дæр, иу хæдзарæй уыцы иу бон дыууæ цыртдзæвæны кæд рахастой. Фæлæ æхсæз. Ахæм бон сыл никуыма скодта. Ахæм æбуалгъ бæллæх сыл никуыма æрцыди. Æмæ хъæуæй фæсте ничиуал баззад. Ногæй – зæрондæй, чызгæй – лæппуйæ, суанг ма скъоладзаутæ дæр. Æрцыдысты алы хъæутæй хæстæджытæ, хæрæфырттæ, уыдоны хæстæджытæ, хъæуы хицауад, ахуыргæнджытæ.

Уыцы райсом хур не скаст. Арв сæхгæдтой бæзджын цъæх мигътæ. Хъæуы сæрмæ æрхауынæввонг ауыгъдæй лæууыдысты. Бæлæсты цъуппытыл ма цы иугай бур сыфтæртæ уыди, уыдон уазал зæхмæ згъæлдысты. Ныхъхъус Туацъæйы йæ уынæрæй Хуымæллæджы дон. Кæд сылгоймæгты уынгæг хъарджытæм ныхъхъус? Кæд адæмы хъыгмæ ныссабыр? Кæд бæлæстæн дæр сæ иугай сыфтæртæ цæстысыгтæ басгуыхтысты?

Лæууынц Дазойы цыппар чызджы сæ мады чырыны уæлхъус. Сæ сауты. Ныффæлурс сты фыр куыдæй. Сæ рустæм сæ нæ бауагътой æвналын. Нæ цыди уый Дазойы зæрдæмæ. Зыдтой йæ чызджытæ æмæ, кæд сæ зæрдæтæ фæйнæрдæм тыдтой, кæд сыл сæ бирæ рыстытæ удисджытау æртыхстысты, уæддæр сæ фыды ныхас схистæр кодтой. Нæ бацыдысты зæронды зæрдæхудты.

Лæууыд хъæуы хистæртимæ Дазо дæр. Уымæ цыдысты адæм, уымæн кодтой тæфæрфæс. Лæууыд. Æрмæст кæугæ нæ кодта. Иуæй, ирон æгъдау, иннæмæй, иу цæссыджы цъыртт нал баззад йæ цæстыты. Цыфæнды тыхлæмæрст сæ куы кодтаид, уæддæр дзы иу цæстысыг нал æрхаудаид. Ныддур и зæрдæ. Рафæлдæхтысты йæ фондз цæджындзы. Ахуыссыд йæ къонайы арт. Ахæм уæззау бон ыл никуыуал скæндзæн. Иу бонваг ма уæддæр куы суаид. Райсом хæдзар афтидæй куы аззайа, Хъуыдинæйы фæлмæн ныхас йæ хъустыл куынæуал æруайа, йæ фыртты размæ уынджы тигъмæ куынæуал ацæуа, уæд иунæгæй, чызджытæй йæ куыд ничи фена, афтæмæй йæхиуыл фæкæудзæн. Фæхойдзæни йе ‘намонд сæр тымбыл къухæй. Ныр та уал... Утæппæт дзыллæтæ уый зиантæм æрцыдысты. Уый зиантыл кæуынц.

Кæстæртимæ хибарæй лæууынц Дзерассæйы æртæ фырты – Шмел, Гришæ æмæ Савели. Юричы йе ‘фсæддон службæйæ нæ равдæлди.

Бирæ дзæбæхтæ зонынц сæ мадымадæй. Уæлдайдæр Шмел. Дыууæ азы бæрц фæцахуыр кодта Хъахъхъæдуры скъолайы. Æфснайдæй, сыгъдæгæй йæ дардта Хъуыдинæ.

Сæ сæртæ сæ риутыл æруагътой æртæ æфсымæры. Чидæр сæ кæмæндæр амоны:

– Харитон æмæ Дзерассæйы лæппутæ...

– Цæттæ лæгтæ. Бирæ зынтæ федта Дзерассæ. Бирæ тухæнтæ. Ныр ын мæгуырæй тас нал у. Æнхъæлдæн, уыдонмæ дæр Харитонæй куы ницы хабар уыди?

– Нæ уыди...

Дыууæ лæгæн ууыл ахицæн сæ ныхас. Цымæ чи сты, зæгъгæ сæм аивæй акасти Шмел. Никæй дзы базыдта.

Куыдтой сылгоймæгтæ. Чидæр дзы йæ хъарæджы Дазойы кой кодта. Нымадта лæппуты нæмттæ. Кæмдæр адæмы æхсæн сусæг куыдæй куыдтой Дыгуры лæппуты сусæг уарзæттæ. Чи зоны, ахæм дæр дзы уыд, Хъуыдинæйы хуызæн йæ уарзоны сæфт кæй нæ уырныдта. Абонмæ йæ сусæг уарзондзинад сыгъдæгæй чи фæдардта.

О, ирон æфсарм... Сылгоймаджы сыгъдæгдзинад... Цымæ цы уыдаид, Хъуыдинæйы сусæг чындзæгтæ йæ чырыны уæлхъус куы ærлæууыдаиккой æмæ адæмы раз сæ сусæг уарзондзинадыл куы басастаиккой, уæд? Чи бафæрæзтаид уыдоны тæригъæдæн? Уæддæр æфсарм... Ныммæлæн дын ма уæд!

Каст никæмæуал уыд. Хистæртæй иу марды уæлхъусмæ бацыд, йæ худ систа, акаст ærцæуæг адæммæ æмæ загьта:

– Нæ хъæубæсты номæй æз арфæ кæнын, абон йæ дзæбæх бинонтæ чи ныууагъта æмæ Дазойы æнæкæрон хъыгыл чи хъыг кæны, уыдонæн се ‘ппætæн дæр. Бæргæ, абон уæ Дазо йæ фондз фырты чындзæхсæвтæм куы æрхуыдтаид... – ныхасгæнæг ферхæцыд. – Фæлæ сын дунейы фарн хуыздæр амонд нæ саккаг кодта. Хæрз æрыгæттæй сæ цард нывондæн æрхастой нæ Райгуырæн бæстæйы сæраппонд. Сæ фондз сау цыртдзæвæны сын абон ахæсдзыстæм Дазойы хæдзарæй. Сæ мад Хъуыдинæйы цыртдзæвæнимæ. Фидар адæймаг уыд Хъуыдинæ. Бирæ фенхъæлмæ касти йæ хъæбултæм. Басыгъд, мæгуыр, уыдоны мæтæй, æмæ йын абон зæгъæм фæстаджы фæндараст. Йæ чырыны уæлхъус æз нæ хъæубæсты номæй дзырд дæттын ацы дзыллæты раз: никуы ферох кæндзыстæм Аслæнбеджы, Хасанбеджы, Туземцы, Мæцыхъойы, Коляйы рухс нæмттæ. Ныр та ныхасы бар дæттын нæ сыхаг, кæрдзыныхъæуккаг Дзамболаты-фыртæн.

Ныхасгæнæджы фарсмæ ærлæууыд бæрзондгомау къæсхуыртæ лæг. Уый дæр йæ худ систа, йæ урс-урсид сæрыхъуынтæ йæ ныхыл æркалдысты.

– Ныххатыр мын кæн, – уынгæг хъæлæсæй загъта уый æмæ Хъуыдинæйы мæрдон цæсгоммæ ныккасти. – Нырмæ дæ кæй никуы бабæрæг кодтон, уый тыххæй. Кæм цардтæ, уый зыдтон. Бирæ хæттыты æрцыдтæн уæ дуæртты. Федтон, уæ бæласы бын иунæгæй куыд бадтæ, уый. Нæ дæм бауæндыдтæн. Тарстæн, дæ фырттæй мæ куы фæрсай, уымæй. Ныххатыр мын кæ... Ныр дын æй ацы адæмы раз схъæр кæндзынæн. Дæ хистæр фырт Аслæнбегимæ иумæ уыдыстæм хæсты. Ленинграды фронты. Блокадæйы. Тох кодтам горæт блокадæйæ суæгъд кæныныл. Цы дын зæгъон дæ фырт Аслæнбегæй? Зæгъдзынæн дын, нæ батальоны командир цы дзырдта, уый: «Кæд æгас баззайæм, уæд хæсты фæстæ ацæудзынæн Ирыстонмæ. Ссардзынæн, Аслæнбег, дæ мады. Ныккæндзынæн æй мæхи мадау мæ хъæбысы æмæ йын зæгъдзынæн: «Бузныг. Æгайтма ахæм фырт схъомыл кодтай. Мах Аслæнбеджы хуызæн лæппуты фæрцы фæуæлахиз стæм нæ цыфыддæр знагыл».

Нал федта уый дæр Уæлахизы бон. Аслæнбегимæ иумæ фæмард сты иу бон. Æз æрæджы уыдтæн Ленинграды æмæ, Аслæнбег кæм ныгæд и, уыцы æфсымæрон ингæнæй сластон сау сыджыты дзæкъул. Ардæм куы цыдтæн, уæд дзы иу армыдзаг мемæ рахастон... – Дзамболаты-фырт йæ худ кæмæдæр радта, йæ хæлафы рахиз дзыппæй къухмæрзæн бастæй систа, йæ баст ын дæндагæй райхæлдта, чырынмæ æргуыбыр кодта, æмæ сыджыт Хъуыдинæйы нывæрзæнмæ ныккалди. – Аслæнбеджы сыджыты хайæ. Дæ мады хъæбысау дын фæлмæн уæд...

Сылгоймæгтæ сæ кæуын нал баурæдтой. Сусæг куыдæй куыдтой нæлгоймæгтæ дæр.

Дзамболаты-фырт кæй хуыдтой, уымæн йæ пъалто йæ галиу уæхскæй æрбырыд, йæ хæдоны афтид дыс ауыгъдæй лæууыди.

Мыггаджы номæй æрцæуæг адæмæн арфæ ракодта Дазойы кæстæр æфсымæр Æндруша.

– Æххæст кæнын мæ чындзы фæндзæхст, – загъта Æндруша йæ ныхасы кæрон æмæ йæ риуы дзыппæй систа цавæрдæр гæххæттытæ. – Цалдæр азы сæ не схъæр кодтон. Сыгътой мын мæ зæрдæ. Мæ буар æгасæй дæр. Посты хицау, хъæусоветы сæрдар æмæ æз – æндæр сæ ничи зыдта. Цалдæр хатты ахъавыдтæн, ме ‘фсымæрæн сæ зæгъон, зæгъгæ, фæлæ мæ Хъуыдинæ бакъуылымпы кодта, лæппутæй исты æвзæр хабар куы уа, уæд æй мæ удæгасæй ма схъæр кæн, зæгъгæ. Æмæ

ныр... – Æндрушайæн кæуындзæг йæ хъуыр ахгæдта, йæ бон зæгъын ницыуал баци. Йæ къух зыр-зыр кодта, афтæмæй гæххæттытæ Хъуыдинæйы уазал къухтыл æрæвæрдта æмæ гуыбыр-гуыбыр иуварс ацыд.

– Гæххæттытæ дæр ын йемæ æвæрынц? – бафарста чидæр йæ сыхаджы.

– Æвæццæгæн, – дзуапп радта сыхаг. – Цы ма дзы кæнынц...

– Дазойы ныр ницыуал хъæуы. Бирæйы фаг нал суыдзæн. Гæххæтт фырт нæу, мæ лымæн лæггаг.

– Уый афтæ у, фæлæ... Пенси, æндæр... Хæдзары лæппу куы и. Аслæнбеджы иунæг фырт.

– Æнæ гæххæттæй дæр сыл бауæнддзысты.

– Æууæндгæ бакæндзысты, фæлæ... Нæ сæ зоныс, цалынмæ ногæй гæххæттытæ æмбырд кæной, уыдон районмæ ærвитой...– цыдæртæ ма зæгъын уыди дыккагæн йæ зæрды, фæлæ йын йе ‘мбалы цонгыл чидæр фæхæцыд, иуварс æй акодта.

Мард рахастой. Мыггаджы чындзытæ. Уæлдай кадæн. Рахастой æхсæз цыртдзæвæны дæр æд сау тырысатæ.

...Дзерассæ æхсæвы йæ цæгаты баззад. Бон гæзæмæ цъæхтæ кодта, афтæ фестад, уæлмæрдты балæууыд. Ихæнриз кодта. Æртæфстысты йыл йæ рыстытæ. Йæ уæраджы сæртыл æрхауд йæ мады ингæны раз, уазал сыджытыл йæ къухтæ авæрдта, цыдæртæ дзырдта йæ былты змæлдæй. Йæ дзырдтæ йæхимæ дæр нæ хъуыстысты. Скасти йе ‘фсымæрты цыртдзæвæнтæм. Сыстад цудтытæгæнгæ, бацыд йæ фаззон Аслæнбеджы цыртдзæвæнмæ. Ныттыхсти йыл. Ногæй та фемæхст йæ кæуындзæг: «Куыд нæ фæсайдтат, куыд... Мах та уæм æнхъæлмæ кастыстæм... Нæ сæртæ уæ бæрзæндты хастам... Цы зæгъдзынæн нæ фыдæн, Аликæн? Æз сын зæрдæтæ куы æвæрдтон... Куы никæцæй зыны уыцы лæг дæр. Иумæ уыдыстут, куы дзырдтой чидæртæ. Куыд ныхъхъус дæ? Куы ницы мæм дзурыс?»...

Ницы дзырдта Аслæнбеджы уазал цыртдзæвæн. Æдзæмæй лæууыдысты иннæтæ дæр. Дымгæмæ змæлыдысты сæ сау тырысатæ. Бон цъæхтæ кодта. Мигъæмбæрзтæй. Уазал æмæ хъуынтъызæй.

VIII. НЫХАСЫ БАР

Фыссæджы зын фæндæгтыл бирæ алыхуызон адæймæгтыл сæмбæлдтæн. Афтæ уыди, цалынмæ ацы фыстыл кусын нæма райдыдтон, уæдмæ дæр.

Дзерассæ мын цалдæр хатты ской кодта: «Уæхи Хæмысиаты дæр дзы афæрс. Уæхи Хæмысиат дæр хорз зоны уыцы хабæрттæ»...

Зын ссарæн нæ уыд нæхи Хæмысиат. Иу уынджы схъомыл стæм Хæмысиатимæ. Уый нæ, фæлæ ма нæ фыдæлтæ иу артæй дих дæр уыдысты. Ставд-Дурты Икъатæм куы смой кодта Хæмысиат, уæд дæр сæм бирæ хæттыты сæмбæлдтæн. Ныр дæр мын ставддуртæгтæ ракæнынц мæ хойы хорзы кой, йæ уæздандзинад, йæ хæларзæрдæйы хабæрттæ. Цы йæ сусæг кæнон, æхсызгон мын вæййы йæ хорзы кой. Мæ цæстытыл ауайынц йæ дыууæ кæстæр æфсымæры. Ханджери æмæ Хъазджери. Уæлдайдæр Ханджери. Хæсты хæд размæ йæ службæ фæци взводы командиры хæдивæгæй æмæ йын, хæст цы бон райдыдта, уыцы бон бинонтæ æрхастой. Дыккаг бон фæстæмæ акодтой нæ сыхы læппуты фидауц, йæ бакаст дæр лæджы аргъ кæмæн уыд, уыцы Ханджерийы. Ацыд йæ цæгатмæ чындз дæр.

Йæ цæгатæй хæрз афтидæй баззади Хæмысиат. Нал сыздæхт уымæн дæр хæстæй йæ лæг. Æртæ сидзæр сывæллоны мадæй баззади Икъаты хæдзары.

Сæ хъысмæт цæмæйдæр æмхуызон рахаста Дзерассæ æмæ Хæмысиатæн. Чи зоны, уымæн афтæ ænувыд уыдысты кæрæдзиуыл. Чи зоны, уымæн афтæ хæларæй цæрынц абон дæр. Стæй канд сæхæдæг нæ – сæ цот дæр.

Хæмысиаты Дзерассæйы хабæрттæй куы фарстон, уæд йæ цæсгом ныррухс, зæрдиаг улæфт ныккодта:

«Адæймаг фидар у. Хатгай æхсæв куы райхъал вæййын, мæ цард мæ цæстытыл куы ауайы, уæд дисы бафтын: куыд сын ныффæрæзтон, куыд уæззау, куыд ænæхатыр уыдысты... Æвæццæгæн, æрмæст æз куы уыдаин уыцы зынты, уæд сын нæ бафæрæзтаин.

Фæлæ... Адæм хæрз стæмтæй фæстæмæ ахæм уавæры уыдысты. Æмæ-иу æппæты фыццаг мæ цæстытыл ауад Дзерассæ. Йæ фондз æфсымæры, йæ лæг, йæ тиу. Цыппар лæппуйы. Мæнæн ма мæ чызг пъолтæ уæддæр расæрфы... Уый та... Алцы дæр йæхимæ касти. Раст зæгъын хъæуы, дыууæ хистæр лæппуйы – Юрик æмæ Шмел, – сæ бон цы уыди, уымæй сæхи фæстæмæ ницæмæй ластой. Фыды мур сыл нæ уыди, мæгуыр. Нæхæдæг дæр хуыздæр нæ уыдыстæм, фæлæ нæ сывæллæттæ... Быдыры нын цы къæбæры муртæ лæвæрдтой, уыдон сын изæрæй немæ хастам. Дзул дæр дзулы хуызæн куы уыдаид – йæ фылдæр мæгъæлдайы ссадæй конд. Сау-сауид. Изæрæй-иу сæ нæхимæ куы æрхастон, уæд сывæллæттæм бакæсын – сæ цинæн-иу кæрон нал уыди. Охх, цы бонтæ ныл уыд, цы! – йæ улæфт аныхъуырдта Хæмысиат

æмæ дзырдта дарддæр: – Хъуыды ма кæнын, иубон Уæлбылы хуымты рувынмæ уыдыстæм. Изæрдалынгтæм фæрывтам. Куыддæр нæхимæ рараст стæм, афтæ хæринаггæнæг нæ размæ фæци. Баурæдта нæ Дзерассæимæ.

– Афтæмæй бирæ фаг не суыдзыстут... Фæйнæ комдзаджы уæддæр скæнут, – загъта сылгоймаг æмæ нын нæ къухты дзулы къæбæртæ фæсагъта.

Æз сагъдауæй баззадтæн. Йæ къæбæр йæ къухы, афтæмæй æнцад лæууыд Дзерассæ дæр.

– Æз... Æз бахордтон, – тыххæйты ма сфæрæзтон æз.

– Федтон уæ... Уæ дыууæйы дæр. Уæ дæлæрмтты сæ куыд амбæхстат, уый дæр, – загъта ма хæринаггæнæг æмæ тагъд-тагъд ацыд.

– Ды дæр?..– бакастæн Дзерассæмæ.

– Æз дæр, – йæ мидбылты мæм зына-нæзына худт бакодта Дзерассæ.

– Цæй, уæдæ нæ ком суадзæм.

– Суадзæм, – сразы Дзерассæ, æмæ нæ дыууæ дæр мæгъæлдайы дзулæй адджын рустæ ныккодтам.

Нæ хæрзгæнæгæн фæстæдæр йæ хæс мæгъæлдайы дзулæй нæ, фæлæ урс дзулæй бафыстам. Хæст куы фæци, уæд нæ дыууæ дæр колхозы дзулгæнджытæй куыстам æмæ йын йæ сывæллæтты цалдæр хатты барæвдыдтам. Цы дын æй сусæг кæнон, нæхицæн дæр-иу дзы аззади, рынчын сывæллæттæн дæр-иу дзы авæрдтам.

Зын куыст уыд дзулгæнæджы куыст. Алцы дæр нæхимæ касти – голджытæ хæссын, æнтуан кæнын, хыссæ змæнтын, дзултæ пецæй исын... Æхсæвыцæстæй сыст æмæ уырдыгæй æмбисæхсæвтæм. Нæ къæхтыл-иу нал лæууыдыстæм. Æртæфондзыссæдз дзулы... Иуæй-иу бонты уымæй дæр фылдæр. Алы дзул дæр – нымады. Хъæуы цал цæрæджы уыди, уал цæсты. Уал ныхасы. Уæдæ нæ размæ чи куыста æмæ, йæ къухтæ кæй нæ лæууыдысты, уый тыххæй йæ куыстæй кæй систой, уыдон дæр æнцад кæм бадтаиккой. Хæлæг нæм чи кодта, нæ бынæттæм чи хъавыди, ахæмтæ дæр куыд нæ разындаид хъæуы. Худæн дæр сыл нæ уыди. Иуæй, хæсты фæстæйы уæззау азтæ, иннæмæй та, дзулгæнæны йæхæдæг чи нæ акуыста, уыдонмæ æнцон æмæ пайдайы куыст касти.

Никуы ныл фæгуырысхо хицауады зæрдæ, кæд сæм исты ныхæстæ хастæуыд, уæддæр. Махæй фылдæр дзы ничи фæкуыста. Æгады цыдæй дзы нæ рацыдыстæм. Рæстæг та, куыд загътон, афтæмæй уæззау рæстæг уыди. Картофкъахæнты, нартхортонæнты-иу ныл ахæм замантæ скодта,

æмæ-иу бон-сауизæрмæ уыцы фæззыгон уазæлтты нартхор тыдтам, æхсæв та цырагъы рухсмæ тынд нартхорæн йæ хъæллæгъ карстам. Цырагъы рухсмæ. Хæлынбыттыры ныв цы фанартыл вæййы, ахæм-иу даргъ хъилыл æрцауыгътам, афтæмæй. Хæцъил дзабырты. Уазал æртæхы. Райсомæй-иу ныл халас æрбадти. Къæмдзыгæй-иу нал зындыстæм.

– Рынчын дæр арæх кодтаиккат, æвæццæгæн. Ахæм уавæрты... – мæхи нал баурæдтон æз.

Хæмысиат мæм дисгæнæджы каст æрбакодта, бахудт:

– Рынчын?.. Æмæ кæй æвдæлд рынчын кæнынмæ? Нæ сывæллæттæй, куыстæй нæ рынчынмæ не ‘вдæлди. Æрмæст-иу зымæгон... Уæвгæ сылгоймæгтæн, хæдзары зилæнтæ йæхимæ кæмæн кастысты, уыдонæн сæ зымæг дæр къаддæр фыдæбойнаг нæ уыди. Сывæллæтты бызгъуыртæ хистæрæй кæстæры рагъмæ кæрд, лæгуæрдонæй суг лас. Стæй лæвæрттæ... Хæсты чи уыд, уыдонæн. Къуымбил цъындатæ, æрмкъухтæ, кæрцытæ, къуымбил хæдæттæ...

Хæмысиат цæуылдæр аджих, бахудти:

– Æдылытæ дæр куыд нæ уыдыстæм... Иу зымæгон æхсæв арты мынæг рухсмæ бадын æмæ мæхинымæр хъуыдытæ кæнын: «Цæй æмæ ацы хатт та къуымбил хæдон нæхионтæй искæй номыл арвитон. Цынæ вæййы, чи зоны, æмæ йыл сæмбæла. Куынæ сæмбæла, уæддæр æй уадз æмæ уый номыл фæдарой...»

Фыццаг æй нæхионы номыл æрвитынмæ хъавыдтæн, стæй мæм æндæр зонд æрцыди – сырх æндахæй йыл бахуыдтон: «Бæдтиаты Х-йæн. Дзера».

Схастон æй Дзерассæмæ. Цæмæдæр гæсгæ ныл худæг бахæцыд, стæй нæ худын кæуынмæ рахызт. Дзæбæх фæкуыдтам. Нæ зынтыл, нæ тыхстытыл.

Хæмысиат йæ цæстытæ доны разылдта, иуварсырдæм азылд, цыма йæхицæн дзырдта, уыйау ныллæг хъæлæсæй загъта:

– Æд авдæнтæ быдырмæ кусынмæ чи цыди, ахæмтæ дæр нæм уыди. Хистæртæ сæ нæ уагътой, фæлæ сæм чи хъуыста. Изæрæй-иу сын сæ авдæнтæ галуæрдæтты æрластой хъæумæ. Мах цы, мах кусынхъом уыдыстæм æмæ куыстам, фæлæ зæрæдтæ, сывæллæттæ... Базыртæ сыл базад, мæгуыр. Иннæты разæй згъордтой. Чи – бæгъæввадæй, чи – йæ фыды æмпъызтытæ хæлафы.

Хъæуы хъус-хъусæй дзырдтой, Дзерассæйы тиу Саламæй æвзæр хабар уыди, зæгъгæ. Тарст уыдтæн мæхæдæг дæр æмæ дзы Дзерассæйы бафæрсын нæ бауæндыдтæн. Æрмæст ын иухатт Юрикæй раппæлыдтæн:

– Юрик мæ кæм фены, уым мыл ахæм цинтæ ныккæны, æмæ диссаг. Скъладæй зад сцæйхастон. Уый кæцæйдæр мæ размæ февзæрд æмæ мын мæ голлаг тыххæй байста. Йæ кæстæртыл куыд ænувыд у, уый дæр уынын, æмæ мын, бауырнæд дæ, тынг æхсызгон у...

Дзерассæ исдугмæ ницы дзуапп радта, стæй æрæджиау афтæ:

– Бæргæ, йæ бон истытæ куы уаид... Фæлæ ныpма...

– Зæрдæ йын хорз и, дæхи фæндиаг схъомыл уæд.

– Бузныг. Раст зæгъын хъæуы, хъаст дзы ницæмæй кæнын. Рæдау у йæ цæст – искæй уæлхъус балæууын, искæмæн исты аххуыс кæнын. Исчи йæм æрбадзурæд, æндæр нæхи хъуыддæгтæ дæр фæуадзы.

– Уыдон иууылдæр дæуæй цæуынц Дзерассæ. Хи мады рæвдыд дæуæй зоны.

– Мæ удæгасæй йæ мадæй сидзæр нæ ныууадздзынæн, – цыма мæ разы сомы кодта, уыйау арф ныуулæфыд Дзерассæ. Саламы кой нал скодта. Нал æй бафарстон æз дæр. Искæй рыст зæрдæйы къахын мæм аив нæ фæкасти. Уæлдайдæр, хорз кæй зыдтон æмæ мæ зæрдæйæн адджын чи уыди, ахæм адæймаджы.

Дзерассæмæ куы хъусай, – Иры дзыхъхъы Ставд-Дуртæй рæсугъддæр хъæу никуы ссардзынæ. Хæмысиатæн æрмæстдæр Ставд-Дурты кой скæн, æндæр дын хъæуæн йæ иу кæронæй иннæмæ се ‘ппæты дæр фæнымайдзæн, иу фыдзæрдæ адæймаг дæр дзы не ссардзæн. Диссаг макæмæ фæкæсæд уый. Дзерассæ æмæ Хæмысиатæн сæхи удты сыгъдæгдзинад æмæ уæзданздзинад у уый. Ставд-Дурты та бирæ ис, Хæмысиат æмæ Дзерассæйы зæрдæбын ныхæстæн цардæгас æвдисæнтæ чи у, ахæмтæ.

Мæнæ дзы иу хæрз чысыл цæвиттон.

Ставд-Дуртæй немыцы куы фæтардтой, уымæй иу афæдз æмæ æрдæджы бæрц рацыд, афтæ Уæлæсыхы зæронд устытæй иу цыдæр гæххæтты фæдыл хъæусоветмæ æрæфтыд. Сæрдары уатмæ куы бацыд, уæд исдугмæ сагъдауæй баззади, сдзурын дæр ницыуал сфæрæзта, афтæмæй феддæдуар. Сæрдар ма йæ фæдыл бæргæ рауад, фæлæ йын йæ дымгæ дæр нал раййæфта. Сахаты æрдæг дæр нæ рацыд, афтæ ус лæфлæфгæнгæ сæрдары уаты смидæг.

– Бахатыр кæн... Ферох мæ...– загъта зæронд ус æмæ йæ дæлармæй зæронд газеты тыхтон райста, арæхстгай йæ стъолыл æрæвæрдта. – Хуыцау хорз, гæххæтт мæ бахъуыд, æндæр... Мæрдырох мыл бахæцыд. Бахатыр кæн, дæ хорзæхæй...

Зæронд ус гæххæтт райхæлдта. Сæрдар цъæх-цъæхид авгæй конд чернилæдон куы ауыдта, уæд фестад, ныддис кодта:

– Нæ чернилæдон... Кæм æй ссардтай?

– Нæ цары, – дзуапп радта зæронд ус. – Æмбæхст уыди...

– Куыд?..

– Уыцы æнаккæгты æрбалæбурыны хæдразмæ дæумæ æруадтæн. Зæгъын, нæ лæджы тыххæй дæ афæрсон. Кæд, йæхæдæг æгас нал у, уæддæр большевиччытимæ уыди æмæ... Гъемæ, дзæгъæл цыд фæдæн. Ам уæ никæйуал æрбаййæфтон. Фæзылдтæн къуымты. Иунæг ацы чернилæдон ма уæртæ уыцы рудзынджы тарвазыл лæууыди. Ацы хъамылы хуытæн, зæгъын, æвгъау у, æмæ йæ нæхимæ ахастон, цары йæ сусæг ран бамбæхстон.

– Æз та, зæгъын, кæд æй... Куыд сæ схуыдтай? Уыцы хъамылы хуытæ ахастой, – бахудти сæрдар.

– Кæй ахастой, уыдон сæ фарсы тæнæгæй бæргæ фесты, – тызмæгæй загъта ус æмæ гом рудзынгыл Æрæфы доны ‘рдæм акаст.

IX. ЦАРДÆЙ БАФСÆДУТ...

Атагъайы ‘рдыгæй мигъ æрбацыд. Бæзджын цъæх мигъ. Фæрв бæлæсты цъуппытыл йæхи æруагъта. Йæ уазал комытæфæй æрбаулæфыд хъæуыл. Уайтагъд лыстæг сæлфынæгæй фемæхст. Нал банцад суанг изæрдалынгтæм. Дзерассæ горæтмæ нал ацыд. Уæвгæ афтæ цыдæй рацыд: изæрмæ куынæ сыздæхон, уæд-иу мæм уæ зæрдæ ма ‘хсайæд. Æмæ æцæг йæ зилæнтæн се ‘мбис дæр нæ фæци. Фыццаг иуцасдæр кæрты астæу фæлæууыд, цæмæй райдайын хъуыд, уый нæ зыдта. Йæ къæхтæ йæ цæхæрадонмæ ахастой. Йæ сывæллæтты дарæг... Цынæ-иу дзы бакодта! Цынæ-иу дзы æрзади!.. Хъонтхорайæ райдай æмæ нартхоры онг. Картоф, хъæдур, настæ, цывзытæ. Йæ пъамидортæ та... Уынынмæ-иу сæм цыдысты сыхæгтæ. Кæнæ уыцы сæрыйас сау булчъытæ, цæхæратæ, уырыдзытæ... Сывæллæттæ дæр се ‘мгъуыдæй раздæр кусыныл уым фæцалх сты. Уагæр ма сæм, Дзерассæйæн йæхи куыд фæндыд, йæ къухтæ афтæ куы хæццæ кодтаиккой. Тугыл аскъуыдаиккой уæд. Фæлæ – кæм бонрæфты, кæм боныцъæхты, кæм мæйы рухсмæ. Уæддæр æй никуы фæсайдта, никуы йæ бафтыдта сыхæгты цæсты. Æхсынæнтæ-иу хъахъхъæнджыты лæуд кодтой йе ‘рбацæуынмæ каурæбынты. Сæ уæззау сæртæ-иу ныгуылæнырдæм къулæй баззадысты. Кæнæ настæ... Уыдон зæххыл бирæ нæ фæрæзтой

– уайтагъд-иу каутæм схылдысты, уым иу сæ уидæгтыл æрцауындзæг сты, сæ фæныкхуыз лæгъз буарыл-иу хуры тынтæ хъазыдысты. Кæддæр ын йæ фыд Лазо быдыры хъуыдыды нартхор æртыдта.

– Кæсыс, гыццыл гагийау æй фæлмæн хъæццулы куыд батыхта. Мæнæ уый – йæ хъæццул. Уый та – йæ зæлдаг коцора, – загъта фыд æмæ нартхоры цъæх сыфтæ йæ къухты никъкъæс-къæс кодтой, йæ урс-урсид нæмгуытæ зæлдаджы бынæй ракастысты.

– Æмæ йæ чи батыхта? – фыдмæ хæрдмæ скасти Дзерассæ.

Фыд ын йæ дæрзæг къух йæ къæбæлдзыг сæрыл æрхаста, кæдæмдæр æдзынæг касти, афтæмæй загъта:

– Зæхх, мæ гыццыл хур, зæхх... Адæмæн уый у сæ дарæг…

Нæ бамбæрста уæд йæ фыды ныхæстæ гыццыл Дзерассæ. Æрмæст йæ зæрдæйы баззадысты. Бамбæрста сæ фæстæдæр. Уæлдайдæр хæсты уæззау азты. Быдыры хор хæстон адæмæй хæдзæрттæм куынæуал æнтысти æмæ адæмæн сæ цæхæрадæтты æфсиртæй алчидæр путы уæз куы кодта, уæд.

Къæхтытæй, æнæфснайдæй лæууыди ныр Дзерассæйы цæхæрадон. Нартхоры хæтæлтæн сæ бындзæфхæдтæ кæрчытæ скъахтой æмæ сæ уидæгтæ гомæй лæууыдысты. Каурæбынты зæронд пысырайы бын таугæрдæгыл æвзист æртæхтæй йæхи æрæмбæхста райсомы халас. Кауыл ауыгъдæй баззадысты насы хус сыфтæ. Æддаг кауыл кæйдæр хуытæ сæхицæн дыууæ раны фæндаг æрбакъæртт кодтой. Сызмæстой, сфæйлыдтой картофы хуым. Бынтон æдзæрæг хуыз æм фæкасти йæ цæхæрадон. «Нæ, нæ, афтæмæй дæ нæ ныууадздзынæн», – загъта йæхинымæр æмæ халамæрзæн рахаста, ныххафта бырæттæ, фæтыдта зæронд пысыратæ, хæмпæлгæрдæг. Æрæмбырд сæ кодта иу ранмæ, бандзæрста сыл. Стæй, бырæтты сау фæздæг хæдзары ‘рдæм куы фæкъул æмæ, Атагъайæ цы цъæх мигъ æрбацыд, уыимæ куы баиу, уæд каутæм бавнæлдта. Бампъызтытæ, бадзæбæхтæ сæ кодта. Уым æй æрæййæфта сæлфынæг. Куыд ныххуылыдз, уый зонгæ дæр нæ бакодта. Æрмæст уарыны уазал æртæхтæ ныхæй уырдыгмæ куы рафæдис кодтой, уæд йæхи сраст кодта, арвмæ скасти. Цъыф йæ къæхтыл рахаста. Артмæ ма иу каст фæкодта. Хуылыдз пысыраты бын цалдæр раны арты сырх æвзæгтæ хъазыдысты. Фæздæг, цыма мигъты уазалæй тарсти, уыйау йæхи ныллæг æруагъта. Æрæфы ‘рдæм азылд.

Нæ равдæлд Дзерассæйы йæ дзаумæттæ раласынмæ. Уæвгæ сæ цæмæй раивтаид, уый дæр нæ уыд хæдзары. Ныссæрфта йæ туфлиты цъыфтæ. Бацыд хæдзармæ. Фæзылд къуымты. Ракалдта, кæддæр

зынаргъæй кæй фелхæдта æмæ ныр искæмæн лæваræн дæр чи нал бæззы, уыцы хæррæгътæ. Схызти хæдзары цармæ. Фæзылди йæ сусæг æвæрæнтыл. Разынд уым дæр кæддæры мæгуыр царды æвдисæнтæ. Ракалдта уыдон дæр. Ахаста сæ цæхæрадоны бырæттæм. «Курын дæ, Хуыцау… Афтæ ма банхъæл, мæ мæгуыры бонтæ мæ рох фесты», – йæхинымæр загъта æмæ йæ буар ныддыз-дыз кодта. Ралыгъд артæй. Сарайы бын æй æрбаййæфта сыгъды хус смаг. Артæй хъуыст цавæрдæр сæртæг къæрццытæ. Цыма зæронд бызгъуыртæ, дзабырты зæрæдтæ сæ кæддæры хицауы фæдыл гæрæхтæ кодтой.

Тагъд-тагъд ныххызти Дзерассæ пъадвалмæ. Ратылдта боцкъатæ, стыр аг, рахаста дурынтæ, зæронд арынг. Ныхсадта сæ. Райсом куы æрбарухс уа, уæд фæдзурдзæн йæ сыхæгтæм, байуардзæн сæ. Уæртæ скъæты дуармæ æфснайдæй чи лæууы, уыцы хъæдын сагæйттæ, халамæрзæнтæ, белтæ, къахæн, хъæсдарæг, дыууæ фыййаджы, лæгуæрдоны дыууæ цалхы æд сæмæн, хосы мæкъуыл, хъæллæгъы рагъ... Бæргæ, хъæуæн се ‘ппætыл куы аххæссид, ницы сын бавгъау кæнид. Сыхаг та сыхаг у. Хуымætæджы нæ баззади: бæлас куы афæлдæхы, уæд йæ сыхагыл банцайы... Зæгъдзæн сын: «Мæ номыл сæ фæдарут. Æндæр уын мæ боц ницы у. Цардæй бафсæдут»... Зоны йæ, сылгоймæгтæй исчи йæ цæссыг нал бауромдзæн. Нал бауромдзæн йæ цæссыгтæ Дзерассæ дæр.

Сæлфынæг не ‘нцад. Мигъы тæнæг фæлмы сæ фæздæг калдтой цæхæрадоны бырæттæ. Сарайы æмбæрзæндурты къуырф былтæй уырдыгмæ хауынц уарыны æртæхтæ. Кæрт дондзæстытæй байдзаг. Сырддонцъиуты цъыбар-цъыбур цæуы скъæтæй, сарайы цараей. Кулдуары сæрмæ зæрватыччыты ахстæттæ сæхи бакодтой, æмæ дзы чи куыд æдзæсгомдæр у, афтæ æхсæвæй-бонæй хъармы бады. Нæ сæ уарзы уымæ гæсгæ Дзерассæ. Уалдзæг зæрватыччытæ куы фæзынынц æмæ сæ фатеры бадджытимæ куы стох кæнынц, уæд зæрватыччыты фарс фæвæййы. Расуры магусаты. Иу хатт. Дыууæ хатты. Стæй сæ зæрватыччытæ сæхæдæг ныхъхъуытты уадзынц – самайынц ног ахстæттæ. Сæрд-сæрддæргъы тынуафæгау сисынц хъæуы сæрмæ кæртыты, рудзгуыты сæрмæ. Тæхгæ куы фæкæнынц, уæд та... Сæ хъæр, сæ хъæлæбайæ сæ базоны Дзерассæ. Цыма сæ алы цъипп-цъиппæй, сæ алы базыры змæлдæй дæр хæрзбон фæзæгъынц. Цыма, фæстæмæ та нæ ардæм хъæуы, зæгъгæ, фæдзурынц. Цыдæр æнкъарддзинад ныууадзынц сæ фæстæ.

Хуымætæджы не ‘рбалæууыдысты Дзерассæйæн зæрватыччытæ йæ зæрдыл. Æртæхдзысты та фæстæмæ. Уалдзæг йæ тæккæ цæхæр

калгæйæ уыдзæн, афтæ. Ærмæст Дзерассæйы ам нал æрæййафдзысты. Нал сыл бацин кæндзæн. Нал сын фæсурдзæн сæ фатеры бадджыты. Чи зоны, æндæр исчи сæ размæ куы рацæуа, уæд джихæй аззайдзысты. Сæхирдыгонау бафæрсдзысты, ам цы хæларзæрдæ адæймаг царди, уый кæм и, зæгъгæ. Цы дзуапп сын ратдзæн, йæ бæсты сæ размæ чи рацæудзæн, уый? Ныллæгъстæ йын кæндзæн, ныффæдзæхсдзæн ын, мæ бæсты-иу сыл дзæбæх бацин кæн, зæгъгæ.

Йæ дзауматæ йæ уæлæ бахус сты Дзерассæйæн. Сæ ныххуылыдз сын куыд нæ базыдта, сæ бахус дæр афтæ. Ærбадти хъæдын асинтыл. Ærлæмæгъ сты йе уæнгтæ. Ærтæфстысты йыл йæ зынтæ, йæ рыстытæ.

«Цы бакуыстай, Лæппу? Дæ мады хæрзтæ æндæр цæмæй бафыстаис, уый дын нæ уыди? – йæхинымæр хæцыди Дзерассæ йæ хистæр фырт Шмелмæ. – Цы мын и горæты? Кæй дзы зонын? Мæ царды фылдæр æмбис кæимæ арвыстон, уыдонæй мæ цæмæн байуæрстай? Уæд та исчи дæ фыды номæй дуар æрбахоста... Чи рацæудзæн йæ размæ? Чи йын ратдзæн æгъдау?»

Æмæ кæдæмты нæ ахастой йæ хъуыдытæ Дзерассæйы. Зыдта, уыцы уынаффæ Шмел иунæгæй кæй нæ бакодтаид, уый. Гришæ дæр горæты фатерджын куы сси, уæд мады баййардта, цом æмæ уал горæты дæхи аирхæфс, зæгъгæ. Уæлæ Савели дæр йе скъола каст фæци. Мæздæджы ‘рдæм æй кусынмæ арвыстой æмæ... Юричы дæр ма сæхирдыгæй фæкодтой. Мæскуыйæ ардæм Шмелмæ уый дæр æххæст нæ фæкасти, æмæ ма мыггаджы хистæрты дæр йæхирдыгæй фæкодта.

Мад къæрттæй цъула не ‘ппæрста. Æмæ уæд фырт æндæр фæнд æрхъуыды кодта. Куыддæр сæ цæхæрадон æфснайд фесты, афтæ иубон йæ мадæн загъта:

– Гришæйы фатеræн æртæ чъирийы куы скæнис... Йæ сыхæгтæй худинаг у.

– Скæндзынæн... Мæхи зæрды дæр и, – бахудти мад, – кæдмæ хуыздæр уыдзæни?

– Ацы сабатмæ, – дзуапп радта Шмел. – Истæмæ дæм фæкæсын хъæуы?

– Уый фаг суыдзынæн...

Сабаты уæззау хуын сласта Дзерассæ йæ астæуккаг фырт Гришæйы фатермæ. Æрхуыдтой хæстæджыты. Сæхи базонгæ кодтой сæ сыхæгтæн.

Дзерассæйы зæрдæмæ фæцыди фырты фатер. Горæты сæрмæ. Терчы рахиз фарс. Кæрт. Даргъ бæлæстæ. Хъæд – хæстæг. Æппæтæй хуыздæр

та... Хæдзар скæнынæн дзы замманай фадæттæ. Нырма сæ бон ницы бауыдзæн, фæлæ фæстæдæр... Сабыргай дзы истытæ сараздзысты. Иу кæрты цæрдзысты. Уæрсты ном сыл не сбаддзæн.

Сыхы уасджытæй чидæр бафынæй, бон æрбацъæх, уый та йæ уасынæй уынг йæ сæрыл систа.

– Гъы, куыд у, дæ зæрдæмæ цæуынц дæ фырты галуантæ? – кæрты раййæфта Шмел йæ мады.

Дзерассæ бахудт:

– Кæд дзы уæ бон исты скæнын бауа, уæд хорз. Науæд уыцы къуындæджы... Куыдтæ дзы цæрдзыстут?

– Нарты таурæгъты, сæ быны тæрхъусдзарм, сæ уæлæ дæр тæрхъусдзарм кæмæн уыд, уыцы бинонты хабар ма хъуыды кæныс? Дæхæдæг мын æй куы дзырдтай, – бахудт Шмел.

– Дзырдтон. Фæлæ уый кæддæр уыди... Ныр æндæр цæрдтытæ кæнынц адæм, – дзуапп радта мад æмæ цæмæдæр гæсгæ цæхæрадоны къуымты йæ цæст ахаста. Йæ сусæг улæфт аныхъуырдта. – Дыууæ тæрхъусдзармы хабар дæ зæрдыл кæй бадардтай, уымæй бузныг. Уарзондзинад кæм нæ уа, уым цард дæр нæй.

Фырт мадæн нæ хъæр кодта, Гришæйæн уыцы фатер рæстæгмæйы цæрæнбынат кæй уыди, уый. Мад та фыртæй басусæг кодта, кæд æгас горæты уымæй рæсугъддæр зæххы гæбазæн ссарæн нæ уыд, уæддæр Ставд-Дурты дымгæйæн йæ иу æрбадымды аргъ дæр кæй нæ уыди, уый. Суанг ма сæ уасæджы уаст дæр. Уый æмæ дын сæхимæ хъæуы – уасджытæй иу ныууасæд, æндæр хъæу иу кæронæй иннæ кæронмæ зард, базырты тъæпп-тъæпп фесты. Кæнæ Æрæфы зард... Атагъайы сæрты нæргæ-уыраугæ фæцæйтæхы, куы та авдæны зарæгау – фæлмæн æмæ зæрдæйыл тыхсаг.

Нæ загъта мад йæ фыртæн, афтæ раджы йæ чи сыстын кодта, уыцы хъуыдытæ дæр. Цæмæн сыстырзæрдæ сты фæсивæд хъæуыл? Цæмæн лидзынц алырдæмты? Ахуыргонд кæй сты, уымæн? Æмæ хъæуты ахуыргонд адæм нæ хъæуы? Уыйбæрц машинæтæ, уыйбæрц диссæгтæ... Уыдонæн лæг нæ хъæуы? Стæй адæм се ‘ппæт дæр горæттæм куы фæлидзой, уæд ма сæ хæсгæ та чи кæндзæн? Быдырты чи кусдзæн? Мæнæ сæрд пъамидортæ тонынмæ æхсгæуадæй горæтæй чи æруайы æмæ æмбисбон æд дзаг чыргъæдтæ фæстæмæ лидзæг чи фæвæййы, уыдон? Гъе, кæннод сын цы загъдæуа, кæд зæхх дуцгæ хъуг нæу. Райсомæй йæ иу дыгъд æркæн, æмæ дын изæрæй дæ тæккæ хæдзармæ æхсыры дзаг

бедра æрбалæууын кæндзæн. Йæ размæ цæуын дæр нæ хъæуы. Æрмæст фæлмæн бандоныл йæ быны æрбад, æмæ йæ дымст фæдджытæй хъарм æхсыр фемæхсдзæн. Бедрайы бын ныцъцъæлланг кæндзæн... Бæргæ, бæргæ... Афтæ æнцонæй куы уаид алцыдæр. Фæлæ, йæ фыд Дазойы загъдау, зæхх адæймаджы, кусæг лæджы хидæй цæхджын у. Кæстæртæ та дзы лидзгæ кæнынц. Кæдæм? Стæй... Искуыдæрма адæймагæн йæхицæй искуыдæм фæлидзæн и? Скæндзæн ахæм заман, æмæ фæстæмæ здæхдзысты. Зæххæн ныууадзæн нæй. Ныр та уал... Æвæццæгæн, рæстæджы ныхмæ ныллæууæн нæй. Цард йæхионтæ домы...

Сæмхæццæ-иу, ныссуйтæ-иу йæ хъуыдыты Дзерассæ. Зæххыл райгуырд. Зæххы куыстыл сахуыр. Зæххы сойæ схъомыл кодта йæ цыппар сидзæры, æмæ йын зын уыд, иуæй-иутæ йыл афтæ стырзæрдæ кæй кæнынц, уый. Зыдта йæ, йæ удæй йæ æмбæрста. адæмæн се ‘ппæтæн хъæуы цæргæ кæй нæу, уый. Фæлæ, йæ фыды фæдыл уалдзыгон хъарм ауæдзы фыццаг къахдзæфтæ чи акодта, уыдон та, уыдон? Чи зоны, рæдийы. Нæ, нæ! Зæххы тыххæй рæдийæн нæй. Зæххардыстæн, зæгъгæ, дзы уымæн сомы кæнынц. Хуыцауæй куыд сомы кæнынц, афтæ.

Фæлæ уæддæр мады зæрдæ... Ныццæвы æндæрырдæм. Иу фæлмæн ныхас, иу фæлмæн бахудт, æмæ кæрцфæлдæхт фæвæййы. Лæппуты цинæй атайы. Йæ зынтæ, йæ рыстытæ цыдæр æрбавæййынц. Цæй зæхх æмæ цæй хъæу! Лæджы сæр кæм бахъæуа, лæг хъуамæ уым уа. Кусдзысты. Куыстыл сæ ахуыр куынæ хъæуы, мыййаг. Æрмæст сын хæст ма уæд. Æрмæст дзæбæх уæнт. Кæрæдзиуыл стырзæрдæ ма суæнт. Адæмыл сæхи макуы атигъ кæнæнт... Йæхæдæг та... Йæхи ницыуал хъæуы. Цы фæцарди, уымæй фылдæр нал фæцæрдзæн. Хъахъхъæндзæн лæппутæн сæ фыды къона. Рæстæг-иу сын куы фæуа, уæд-иу æй абæрæг кæндзысты. Цы сæм уа, уымæй-иу æй арæвдаудзысты. Цас æй хъæуы! Стæй сæхицæн дæр цот фæзындзæн. Уыдон дæр базондзысты, сæ фыдæлтæ кæцæй рацыдысты, уыцы къуым. Куы рахъомыл уой, уæд-иу се ‘мбæлттæн сæрыстырæй зæгъдзысты: «Мах нæ фыдымадмæ цæуæм. Ставд-Дуртæм...»

«Адон Лæппуйы лæппутæ сты. Адон та – Гришæйы, Савелийы», – амондзæн сæ йæ сыхæгтæн æмæ худдзæн йæ цæстытæй. Иу æнцъылд дæр нал аззайдзæн йæ фæллад цæсгомыл...

Дзерассæ, цыма йæ тарф фынæйæ фехъал, уыйау хæрдмæ фæхаудта – Лæппуйы хъæлæс йæ хъустыл æрцыд:

– Дæ къах дæ мидæмæ куынæуал хæссы. Æнхъæлдæн, æмæ горæт

дæ зæрдæмæ фæцыд, – бахудти Шмел. – Ныртæккæ та нæ уайдзæфты бын фæкæндзынæ: «Бæлæсты бынтæ къахт цæуылнæ сты? Иу хуым дзы цæуылнæ бакодтат? Уæртæ уыцы пысыратæ цас ракæрдинаг уыдысты?..»

– Бæгуыдæр. Æви сæм ме ссыдмæ æнхъæлмæ кастыстут? – загъта Дзерассæ æмæ та ногæй кæрты къуымты йæ цæст ахаста.

– Зæгъын, дæ зæрдæмæ куынæ фæцæуа, уæд æй дзæгъæл ракъах-бакъах цы кæнæм...

– Уæдæ уын ме ‘фсон ма фæуæд. Тынг дзæбæх ран у.

– Дæ зæрдæмæ цæуæд, æндæр иннæтæ мур дæр ницы сты. Мур дæр! – мады йæ хъæбысы акодта Шмел æмæ уынгмæ азгъордта.

Уыцы бон нал фæзынд. Æрмæст, дыккаг бон изæрæй дыууæ уæзласæн машинæйы кæрты дуармæ куы æрлæууыдысты, уæд уынгæй бахъæр кодта:

– Уазджытæ... Дуар бакæнут, Бæдтиатæ...

Йæ зæрдæ куыд нæ тыдта Дзерассæйæн, машинæтæй йын йæ дзаумæттæ хæдзармæ иугай хæссын куы байдыдтой, уæд. Æрмæст уæд бамбæрста, Лæппу йæ знон райсом афтæ цæмæн ракъах-бакъах кодта, уый. Цы æрцыди, уый бамбæрста. Йæ бон ницы баци сдзурын – кæуындзæг хъуыр ахгæдта. Цудтытæгæнгæ бацыд хæдзармæ. Бахауд сынтæгыл.

Дыккаг бон, цыма ныхас бакодтой, уыйау иу иннæйы фæдыл гæппытæ систой Гришæйы фатермæ: Дзерассæйы фыдыфсымæры лæппу æд ус, йæхи хо æд лæг, хæстæджытæй горæты чи царди, уыдонæй цалдæр. Æд хуынтæ, æд зæрдæлхæнæнтæ. Чидæр ма дзы сывæллоны хъазæнтæ дæр æрбахаста. Ома, æртæ фырты цы хæдзары вæййы, уым иуафон сывæллонæн æнæ фæзынгæ кæм и, зæгъгæ. Цинтæ, арфæтæ систой Дзерассæйæн. Цыма уæларвæй æрхауд. Цыма йæ рагæй нал федтой. Бынтон диссаг та уый уыди: Дзерассæйæн йæ хуыцауæхсæвтæ уарын байдыдтой. Суанг ма сæ гæххæттыл дæр ныффыстой.

– Нæхицæн дæр дзы иу хуыцауæхсæв ныууадзут. Хæдзар куы стæм, – хъазгæйæ загъта Дзерассæ.

– Уый дæр нын хъуыдыгонд у, – дзуапп ын радта йæ фыдыфсымæры лæппу. – Алы мæйæн дæр йæ фæстаг хуыцауæхсæв дæу фæуæд...

– Уæдæмæ афтæ: Дзерассæ хистæр у, æмæ йын мæйы фыццаг хуыцауæхсæв раттæм, – загъта хойы лæг.

Сразы сты сиахсимæ. Дыууæ нал загъта Дзерассæ йæхæдæг дæр.

Уазджытæ кæртмæ куы рахызтысты, уæд чидæр хъæрæй загъта:

– Кæсут-ма, ног мæй!

Иууылдæр арвмæ скастысты.

– Мæй, дам, ног куы вæййы, уæд æй цы уавæры фенай, уыцы уавæры уыдзынæ æнæхъæн мæй, – загъта сиахс.

– Дзерассæ, дæ сиахс цы зæгъы, уый бамбæрстай? Æнæхъæн мæй дæ хæдзары дзаг фынджы уæлхъус куыд бада, афтæ йæ фæнды, – ныххудти фыдыфсымæры лæппу, – раст дæ бамбæрстон?

– О, фæлæ ... Иунæгæй нæ. Ды дæр мемæ.

– Разы дæн. Дыгуры мыггаг сиахсæн хорз сты.

Хъæлдзæгæй, разыйæ ацыдысты уазджытæ. Иуцасдæр сæ фæдыл кæсгæ баззад Дзерассæ. Уынджы тигъæй куы фæаууон сты, уæддæр ма сæ худын хъуыст.

«Цæй, кæд мæ былæй нæ аппариккой», – загъта йæхинымæр Дзерассæ æмæ арвмæ скаст. Мæй æвзист æхсырфау ауыгъдæй лæууыди хæхты сæрмæ.

– Уарыны мæй, – скарста Дзерассæ.

Райсомæй кæрты цыдæртæ куыд æфснайдта Дзерассæ, афтæ сыхæгты къæбæлдзыгсæр чызг йæ уæлхъус алæууыд.

– Нана дын æй æрбарвыста, – йæ сатæгсау цæстыхаутæ стыбар-тыбур кодтой, афтæмæй Дзерассæйы къухты фæсагъта тæбæгъы хъарм картофджын.

– Дæ нана дæ хуртæй бафсæдæд. Фæлæуу, тæбæгъ ахæсс, – ныррухс Дзерассæйы цæсгом, æмæ хæдзармæ атагъд кодта. Уайтагъд, дысонизæр ын цы къафеттæ æрбахастой, уыдонæй дзаг тæбæгъимæ фæстæмæ фездæхт.

– Нанайæн-иу бузныг зæгъ, – чызджы фæдыл ма адзырдта Дзерассæ.

– Зæгъдзынæн, – уынгæй ма æрбайхъуыст чызджы хъæлæс.

Æнæхъæн къуыри йæ сæр схъил кæныны бон дæр нæ фæци Дзерассæйы. Кæм чъыræй цæгъдын, кæм дзауматæ равæр-бавæр, кæм æфснайын. Сыхæгтæ дæр æнæ æрбауайгæ, æнæ афæрстытæ гæнгæ кæм уыдаиккой. Цыбыр дзырдæй, хъæумæ ныууайыны рæстæг ын нæ фæци. Афтæмæй та хъæуы йæ хæдзар... Хæрзаг æнæфснайдæй йæ ныууагъта Лæппу.

...Æмæ æрцыд. Бады ацы уаргæ бон, уал азы йæ къахвæдтæй чи баихсыд, уыцы хъæдын асинтыл. Сæ цъæх фæздæг кæлы цæхæрадоны бырæттæн. Ныххуылыдз сты уарынмæ, фæлæ сæ зынг хуыссын нæ комы. Раздæрау, куы иу ран, куы иннæ ран сирвæзынц йæ сырх æвзæгтæ. Æрбатахт кæцæйдæр сырддонцъиу. Фæмидæг зæрватыччы

ахстоны. Мæллæг цъиу-цъиу кæны уырдыгæй, йæ гыццыл сау цæстытæ зынджы стъæлфæнтау судзынц. Цытæ дзуры – Хуыцау йæ зонæг. Кæд ын уый дæр афтæ дзуры: «Ам лæуу... Кæмæн нæ уадзыс?..» Кæд ма мын уый дæр мæ мастыл цæхх кæны?

«Дæ зæрдæйæ мын æнцон у? – цыма цъиуимæ ныхас кæны, уыйау фæрсы йæхи Дзерассæ. – Мæнæ цæджындзыл цы зæгæл къуырд и, уый уыныс? Уæдæ уымæй райдай æмæ уартæ цæхæрадоны æддаг кæрон сæ бур сыфтæртæ иугай кæмæн згъæлынц, уыцы бæлæстæй фæу, – мæ фыдæбон дзы кæуыл нæй, ахæм дзы не ссардзынæ. Мæнæ цыхцырджытæ кæй æхсынц, уыцы дойнаг дуртæ дæр. Се ‘ппæт дзурын куы зониккой, уæд мын, æвæццæгæн, мæ зынтæ, мæ тухитæ, мæ судзгæ цæссыгтæ нымад дæр нæ фæуаиккой. Кæннод ма мын иу гыццыл гæбаз ссар мæ кæрты, мæ цæхæрадоны, мæ асины къæхтыл, мæ цæстысыгтæ кæй нæ басыгътой. Фæлæ ныр... Æрцыдтæн ма сæм хæрзæхсæв зæгъынмæ. Чи зоны, фæстаг хатт... Уал азы æнхъæлмæ кæмæ фæкастæн, уый æвастæй. Уый нæ бафæрсгæйæ. Уæ, мæ фæрстæ йын æрбайхæлой, ацу æмæ ма ‘рцуйы фæндагыл чи ацыд».

Фæтарст Дзерассæ йæ фæстаг ныхæстæй. Уал азы йæхицæн цы ныфсытæ февæрдта, уыдон ныр уыциу калд ныккодтой. Зæрдæйы тугтимæ. Фæстаг рухсы цъырттимæ. Исдуг цы фæци, уымæн ницыуал бамбæрста. Цыдæр фæци уарыны æртæхты уынæр. Хъыпп-сыпп дæр нал райхъуыст сырддонцъиуæй.

Кулдуары дæргъвæтин къæс-къæс æмæ Куыдзиаты Федусяйы хъæлæс баиу сты:

– Кæм дæ? Мæ цæстытæ дæм куы ныуурс сты. Стæй сыдæй дæр нæ мæлыс?

Дзерассæ фестъæлфыд. Сыстад.

– Мæлынмæ мæ не ‘вдæлы, зæгъгæ дын раджы куы загътон, – æнæбары бахудт Дзерассæ æмæ йæ къабайы фæдджитæм æркасти. – Мæнæ ацы хуызæттæй?

– Æри-ма, кæд каст уыдонмæ у, уæд – загъта Федуся æмæ Дзерассæйы фæдджимæ æргуыбыр кодта.

Дыууæйæ дæр къæмдзыджытæ сыгъдæг кæныныл балæууыдысты.

– Æмбал ма дзы хуыздæр цы вæййы... Мæ рæзты æрфардæг. Дзургæ дæр мæм не ‘рбакодта. Афтæмæй нын иу хæдон дæр уæрæх уыд, – дуар дæр не ‘рбахоста, уе ‘зæр хорз дæр нæ загъта, афтæмæй йæ уайдзæфтæ йæхицæй фæраздæр сты Æлбегаты Сонайæн. – Æз дзы нымады нал

дæн, нæ? Дæ сæрмæ нæ нал хæссыс, нæ? Горæты кинотæ дын дæ сæр разилын кодтой, нæ?..

– Фæлæуу-ма, дæхи йыл цъиуджын карчы цæф цы ныккодтай? – Дзерассæйы фарс фæци Федуся.

– Ды дæ дзыхыл хæц. Дæумæ мæ нæма æвдæлы. Кауы сæрты куы æрбахъæр кодтаис, уæд де ‘рдæг ахаудаид?

Кулдуар та æрбайгом. Цыма искæдæм хъуызгæ кодта, уый хуызæн сарайы бынмæ æрбахызт Гæгкуыты Мырзиат. Йæ галиу дæларм гæххæтты тыхтон. Цыдæр дзы дæлæмæ цъыкк-цъыкк кодта.

– Верычкæ мын æй загъта... Гъемæ... Къæбæр конд нæм ницы фæци, фæлæ цыхт æмæ кæрдзын... Нартхоры кæрдзын. Цыхт дæр... Абон æй бацахстон, – гæххæтты тыхтон йæ дæлармæй райста Мырзиат æмæ йæ æнæ иу уайдзæфæй Дзерассæмæ радта.

Верычкæ ныффæрск:

– Æз дæ ахсæв иунæгæй нæ ныууадздзынæн. Кæнæ нæхимæ цом, кæнæ та æз ам баззайдзынæн.

Алырдыгæй йæм фæлæбурдтой. Сона сæ басабыр кодта:

Уадзут æй иунæгæй... Нырма уый бирæ хъуыддæгтæ и. Иу æхсæвы фаг ма суыдзæни. Райсом та... Бон цæуы æмæ фарн йемæ хæссы.

* * *

Уый дæр уыди æрæгвæззæджы. Иуизæр Дзерассæ йæ хистæр фырт Шмелæн афтæ:

– Лæппу, уыцы адæмæй худинаг у, хæрзаг ма зæгъой, иу агурæг, иу уæздан зæгъæг нын куыд нæй...

Лæппу уæлдай ницыуал загъта мады фæндоныл, балхæдта кусæрттаг æмæ арвыста, йæ мадыфсымæртыл ын тохы зарæг чи скодта, уыдонмæ. Æрхуыдта сыхæгты, хæстæджыты.

Дардыл хъуыстгонд уыд Заманхъулы адæмон зарæггæнджыты къорды кой уыцы бонты. Хæсты æмæ фæллойы хъæбатырты тыххæй бирæ рæсугъд æмæ зæрдæмæдзæугæ зарджытæ скодтой. Фыдæлтæй куыд баззад, афтæ бирæ хъæутæм ахастой сæ зарджытæ. Бирæ арфæйы ныхæстæ фехъуыстой адæмæй.

О, рухсаг æрбауой, кæддæр уыцы хъæбатыртыл ахæм зарджытæ чи скодта! О, бирæ фæцæрой, ныр дæр йæ зæрдæйы рæсугъддзинадæй бирæйы нæмттæ рæсугъд æмæ æнусон чи кæны!

Уыдонæй иутæ уыцы фæззыгон изæр хуынды уыдысты Бæдтиа-

ты Дзерассæйы хæдзары. Уæздан ирон лæгтæ Зæнджиаты Уырысби, Хъæстуаты Абу, Мыртазты Елæмырзæ, Бæройты Габош, Гуыбиаты Рамазан.

Зын у, тынг зын у зарæг скæнын. Зарæг зæрдæйæ райгуыры. Фыдзæрдæйæ хорз зарæг нæ гуыры. Бирæ изæртæ, бирæ фæлладуадзæн бонтæ бахъуыд, цæмæй Дазойы фыртты зарæг райгуырдаид, уый тыххæй. Æфсымæртæй алкæй цард дæр, йæ удыхъæд, йæ хæстон фæндæгтæ, йæ сусæг сæнттæ хорз базонын, алы дзырды дæр уд бауадзын, зарæг рæсугъд зæлдæй снывæндын... Æрдзæй рахæсгæ курдиат хъæуы уымæн.

Хайджын уыдысты уыцы курдиатæй заманхъуйлаг зарæггæнджытæ, сæ зарæг амонæг Зæнджиаты Уырысбийы загъдау, гыццыл мæты нæ уыдысты уыцы изæр. Куыд фæцæудзæн сæ зæрдæмæ зарæг? Искæй цæстысыг дзы фæцагайдзæн æви уазал дымгæйау сæ хъусты фæрсты афардæг уыдзæни...

Адæм сыстадысты. Фынджы уæлхъус æрлæууыд Дзерассæ йæ фырттæ, йæ чындзытимæ.

Хистæр загъта:

– Ацы изæр Дзерассæ кæны нæ фыдæлты рæсугъд æгъдау – йæ фондз æфсымæрæн ахæм стыр кад чи скодта, уыдоны æрбахуыдта йæ хæдзармæ, йæ цæхх-йæ кæрдзынмæ. Хæсты арт макуыуал ссудзæд. Дзерассæйы фондз æфсымæрыл цы стыр бæллæх æрцыд, уый мауыкуал макæуыл æрцæуæд. Табуафси, нæ буц уазджытæ...

Уырысби йæ рахиз къухæй йæ урс сæрыхъуынтæ хæрдмæ скалдта æмæ сабыргай зарæг систа:

Садоны тырысатæ кæд æмæ
Нармæ ысзындысты.
Дыгуры фондз æфсымæры
Германы хæстæй нал ссыдысты...

Иу сыбыртт никуыцæй хъуыст. Æрмæст зарæг тыхджынæй-тыхджындæр кодта. Кæм танкты дард уынæр фæзмыдта, кæм дымгæйы фыдуаг къуыс-къуыс, куы та мæлæг уды фæстаг улæфт...

Буйнакскы зæрингуырдмæ сын
Карды рон баззади.
Дыгуры фондз æфсымæрæн Ирыстоны.

Æнусмæ сæ кады ном баззади, – кæрæдзи дзыхæй истой зарæджы ныхæстæ Уырысби æмæ Елæмырзæ.

Фæци зарæг. Æрмæст ын йæ фæуд нæ бамбæрста Дзерассæ. Йæ къæхты бынмæ æдзынæг кæсгæ баззад. Иннæтæ дæр афтæ. Иуцасдæр. Стæй чидæр сфæрæзта:

– Кæд гæнæн и, уæд ма иу хатт...

– Хуыцауæй разы, – ныуулæфыд Уырысби, йæ ныхы хид асæрфта æмæ та ныллæг хъæлæсæй базарыд.

Сыхы устытæ цалдæрæй Бæдтиатæм ссыдысты, зарæггæнджытæн нуазæн бахастой.

– Дзерассæ не ‘ппæтæн дæр тынг зынаргъ адæймаг у. Бирæ зынтæ бавзæрста. Йе ‘дзард æфсымæртæн ын стыр кад скодтат, æмæ уын мах дæр – Дзерассæйы сыхæгтæ, арфæ кæнæм. Куывдты, циндзинæдты зарут, – загъта сылгоймæгты хистæр, æмæ устытæ уазджытæн сæ нуазæнтæ радтой.

Дзерассæйы æфсымæрты зарæг æндæр зарджытæ расайдта. Суанг æмбисæхсæвтæм нæ банцадысты.



МÆ ХЪÆУБÆСТÆ, ДÆУ РАВЗÆРСТОН ЦÆРЫНÆН!

Сæдæ азы размæ Æрæфы былгæрон цы адæм æрбынат кодтой, цардагур Уæлладжыры комæй быдырмæ ралидзгæйæ: Зджыдæй – 38 хæдзары, Дагомæй – 59, Цъæйæ – 33, Садонæй – 21, Луарæй – 18, Ходæй – 46; Сечерæй – 50, Быдыры Дæргъæвсæй – 15, Дзæуджыхъæуæй – 9, стæй Тæмискъ æмæ Карцайы цæрджытæ, уыдон æмæ сæ фæдонтæ фæсмойнаг никæд фесты. Сæ куыстуарзондзинад, куырыхондзинад, удыфидар æмæ ‘гъдауæй рантыст фæрныг хъæубæстæ – Ставд-Дуртæ. Йæ бындурæвæрджытæ, Токаты Гуыдзи сæ сæргъы, афтæмæй, сфидар кодтой хъæубæсты цардыуаг. «Æз мæ цард нывондæн дæр æрхæсдзынæн, фæлæ хъæу хъуамæ сырæза», – загъта Гуыдзи, 1923 азы Сечерæй адæм куы лыгъдысты, уæд. Æмæ сырæзт, сфидар, дидинæг калы! Йæ кадыл ын кад æфтаугæйæ, адæмы ‘хсæн ныхасæн баззад, Ставд-Дуртæй уазджытæ, зæгъгæ.

Ацы гыццыл хъæуæй рацыдысты: дунейыл зындгонд авиаконструктор, «Меркурий» æмæ «Аполлон»-ы проекттыл чи куыста, уыцы ахуыргæндтæй иу, «Конкорд»-ы проекты автор Токаты Гогки; фыццаг ирон романы автор Фæрнион Къоста; нæ республикæйы Адæмон фыссæг, журналист, сценарист, Цæгат Кавказы телевизион киноаивады бындурæвæрæг, Цæгат Ирыстоны АССР-ы телеуынынад æмæ радиойы комитеты сæрдар Æгъуызарты Æхсарбег; Цæгат Ирыстоны АССР-ы сгуыхт артист Хуырымты Уырызмæг; фыссæг, ирон литературæйы классик Бицъоты Грис; зындгонд æхсæнадон кусæг, стыр ахуыргонд, Гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты разамонæг, йæ хъæппæрисæй нæ ахуыргæндты дунеон балц «Аланты фæндаг» арæзт кæмæн æрцыд, Ирыстоны фæдисон йæ зын сахаты чи уыд, уый – Таболты Солтанбег; профессор, Академик, зынгæ уæрæсейаг ахуыргонд-микробиолог Фæрниаты Алыксандр; РЦИ-Аланийы Культурæйы сгуыхт кусæг, фыссæг, журналист Черчесты Хъасболат; РЦИ-Аланийы Культурæйы сгуыхт кусæг, музыкалон иструментты фабрикæ «Терек»-ы генералон директор Бæдтиаты Гришæ; милицæйы булкъон, УФ-йы юстицийы I къласы паддзахадон уынаффæгæнæг Икъаты Феликс; булкъон, техникон наукæты кандидат, биологон наукæты доктор, уæрæсейаг профессионалон литераторты цæдисы

уæнг Бæдтиаты Юри; РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады булкъон Цæгæраты Ким; медицинон наукæты доктор Золойты Родион, РЦИ-Аланийы адæмон артист Илурты Риммæ; РЦИ-Аланийы сгуыхт артисттæ Зæнджиаты Ритæ æмæ Баймæтаты Оксанæ, тæлмацгæнæг Золойты Аркади æмæ бирæ æндæр курдиатджын фæсивæд, хъæубæсты кадыл кад чи æфтауы абон дæр.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг райгуырæн бæстæ хъахъхъæнын куы бахъуыд, уæд хъæубæсты фæсивæдæй иу дæр фæсте нæ фæлæууыд. Ацы гыццыл хъæуæй хæстмæ ацыд 350 адæймаджы. Уыдонæй 225 фæстæмæ нал сыздæхтысты. Се ‘хсæн – Ногъайты 4 æфсымæры, Золойты, Уарзиаты, Дзугкойты, Баскаты, Хъæрджынты, Созиты æмæ Токаты æртыгай æфсымæртæ. Мыггæгтæй: Токатæй – 8, Фæрниатæй – 8, Мæрзойтæй – 8, Насхъидатæй – 7, Хохтæй – 7, Дауиатæй – 7, Черчестæй – 6, Ælбегатæй – 5, Уарзиатæй – 5, Гæгкуытæй – 5, Закатæй – 5, Хъæрджынтæй – 5, Калотæй – 5, Саламатæй – 5, Таболтæй – 5, Цыдатæй – 5, Зæнджиатæй – 4.

Хистæртæ куыд дзурынц, афтæмæй, Ставд-Дуртæ уыд иунæг ахæм хъæу, 1937 азы адæм кæрæдзи кæм нæ нымыгътой. Уый дæр у йæ адæмы иудзинад æмæ хæлардзинадыл дзурæг.

Ацы азы 30 сентябры Ставд-Дуртæ сбæрæг кодта йæ 100 азы юбилей. Сæ райгуырæн хъæумæ æрцыдысты, ам чи райгуырд, фæлæ йæ цæрæнбынат чи аивта, уыдон, республикæйы Хицауад, фысджытæ, интеллигенцийы минæвæрттæ, уазджытæ Мæскуыйæ, Францæй, Кæсæг-Балхъарæй æмæ сыхаг хъæутæй. Алкæй дæр фæндыд йæ хъæубæстæн балæггад кæнын, æмæ сын æнтысгæ дæр бакодта! Хъæуы æрæджы цы ног Культурæйы хæдзар арæзт æрцыд, уымæн та радтой Цæгат Ирыстоны сгуыхт артист Хуырымты Уырызмæджы ном.

Хъæу рæзы, рæстæгимæ æмдзу кæны! Æрæфы дон цæрджыты рæвдауы йæ хæл-хæлæй, хъæугæрон цы хъæд ис, уый парахатæй лæвар кæны сыгъдæг уæлдæф, кæсаджы цадтæм донхæристæ сæ дзыккутæ дарынц, æмæ се ‘хсæнты кæсæгтæ цъыллинджытæ кæнынц, сыхты цы къанæуттæ цæуы, уыдон цинхæссæг фидиуджытау размæ тырнынц, алкæй дæр сæ фæнды цæрджытæн исты хæрзты бацæуын, цæстытæ барæвдауын, зæрдæйæн æхцондзинад æрхæссын, уды рæбинагæй баззайын!

ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ









СТАВД-ДУРТÆ – 100 АЗЫ














Хæсты размæйы къам. Хъæусоветы. Партион комитеты сæрдар Реуæзты Уане (Иван) бады галиуæрдыгæй фыццаг, Советон партион скъолайы сæргълæууæг Æккалайы-фырт, профкомы сæрдар Будайы-фырт



Дулаты Алыксандр æмæ Насхъидаты Иранбеджы хъæубæстæ æфсадмæ куы фæндараст кодтой, уыцы бон. 1951 азы 29 мартъи



Æвдæмкъласонтæ сæ ахуыргæнджытимæ. Ацы ахуырдзаутæ уыдысты, 10 къласы чи фæцис, уыдонæй фыццæгтæ. Уымæй размæ скъолайы уыд æрмæст 8 къласы. 1940 азы сентябрь



Дзугкойты Юричы кълас. 1950 аз



1975 азы 31 мартъи



Фермæйы кусджытæ. 1983 аз



Æмхъæуккæгтæ улæфты рæстæг



Ждановы номыл колхозы хъугдуцджытæ парторг Гогыцаты Зауыримæ



Токаты Мураты кæрты кафынц Баситы Хъамболат æмæ Гæгкуыты Маня



Хъазтизæр хъæубæсты. 1957 азы 25 октябрь



Токаты Гуыдзи, Ставд-Дурты
хъæуы бындурæвæрджытæй иу



Хъантеты Амырхан
йæ цардæмбал Госкаимæ



Ногъайты Фидар –
кусджытæн хæринаггæнæг



Пагæты Мишæ
æмæ Насхъидаты Иранбег



Саламаты Михал æмæ Хъæрæцаты Соняйы чындзæхсæв



Боситы Тæгкайы æфсымæртæ Миха, Гæстæн, Тазе, хъæбысы – Михайы чызг Оля, Гæстæн æмæ Михайы раз лæууы Боситы Верæ (цыбыркъуырд дзыккутимæ)

Боситы Верæ, 101 азы



Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæ. 1975 азы 9 май



Фермæйы кусджытæ экскурсийы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Елхот хъахъхъæнджытæн цыртдзæвæны раз. 1986 аз



Уæлахизы бон – хъæуы



1975 аз



Черчесты Михал, Золойты Владимир, Хуырымты Катя,
Дулаты Алыксандр, Цогойты Æхсарбег.
Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы 40-æм азы юбилей. 1985 аз



Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран Цогойты Æхсарбег скъоладзаутимæ



Хъæуы равзæрды 100 азы юбилей.
РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар Тускъаты Таймураз,
Кировы районы администрацийы сæргълæууæг Батиаты Хъазыбег
æмæ журнал «Мах дуг»-ы редактор Хетæгкаты Оксанæ равдыстмæ кæсгæйæ



Кадджын уазджытæ –
Саулаты Валери, Хуыгаты Сергей, Цомартаты Изæтбег

НÆ КАД, НÆ ФАРН, НÆ НАМЫС



ХЪÆУБÆСТÆ – АБОН


































КЪОСТА – ИРОН ЗОНДЫ ЦЫРАГЪ

Абоны лæджыхъæд канд махæн нæ, фæлæ
Фæсфæстагæттæн дæр царды аргъ кад у!

«Хетæг»

Авд сæры уæйыгыл зайы,
Зондæй та – къæдзæх!

«Лæскъдзæрæн»

Адæмæн зæхх у сæ дарæг.

«Азар!»

Адæм æмхуызон кæм не сты æппæлынмæ!
Дзурынц, æвзæр, дам, æппæлы йæхицæй,
Хорзæй фæзæгъынц, æппæлы йæ туджджынæй,
Чи та – йæ фыдæлтæй, чи та – йæ чындзытæй…

«Хетæг»

Адæмы фарнæй къæдзæх дæр нынныæры.

«Додой»

Алкæмæн йе ‘гъдау йæ гакк у кæмдæриддæр.

«Лæг æви ус?»

Алы куыстæн – рад.

«Кæмæн цы...»

Æнæзивæг куы уай,
Хуыздæр бынат – дæ бар!

«Лæгау»

Æфсин хъуыр-хъуыр куынæ кæна, уæд ын къуымæл не ‘нхъизы.

Фыссæн чиныгæй

Æхсины лæг йæ бæстæй дæр
Нæ ауæрды мæнг дзурыныл.

«Æхсины лæг»

Æхсины лæг нæ ирæн дæр –
Нæ низы хай, нæ худинаг!

«Æхсины лæг»

Æхсины лæг – нæ сæфты хъæр,
Нæ фыдты фыд, нæ худинаг!

«Æхсины лæг»

Бирæ фæлмæн тынтæ зæрдæ нывæнды, –
Бар ма йын ратт!..

«Гъæй-джиди!»

Бирæгъыл фыдбон куы æркæны, уæд куыдзы бын дæр ахуыссы.

Фысссæн чиныгæй

Гадза бирæгъ æнгом дзуджы
Быдыры дæр ныппырх кæны…

«Æхсины лæг»

Галтæ дæм куы нæма вæййы, –
Ма араз уæрдон…

«Мыст æмæ тæрхъус»

Гоны куыд ныдздзурай, афтæ дæм сдзурдзæн.

Фысссæн чиныгæй

Дæ фыдæлтæ рухсаг,
Дæхæдæг мын бæзз!

«Хъазтæ»

Дунетæй хуыздæр куы фестай,
Гъеуæд дæр дæхи уд ма стау!

«Булкъ æмæ мыд»

Дзырд кæддæриддæр дзырд сайы.

«Лæскъдзæрæн»

Зæрдæ куы судза, уæд сохъхъыр цæстæй дæр цæстысыг цæуы.

Цæлыккаты Аннæмæ фыстæгæй

Зæрдæйы сагъæстæ зæрдæйы хицауæй хуыздæр ничи радзурдзæн.

Цæлыккаты Аннæмæ фыстæгæй

Зондамонæгмæ хъус,
Цы зæгъа, уый-иу кæн,
Зæрдæхъæлдзæгæй кус
Æмæ баззай лæгæн!..

«Лæгау»

Зонд дæр хорз у, кад дæр хорз у,
Фæлæ зон дæ бон!

«Мыст æмæ тæрхъус»

Зынг сырд суры, нуæзт дзырд суры.

Фыссæн чиныгæй

Ирæдисæн бар ис:
Йе – фыр, йе – рæуæд.

«Чи дæ?»

Йæ бонæй уа зæрдæ,
Куыд хивæнд у, куы!

«Чи дæ?»

Йæ фыды фæндиаг
Кæм вæййы фырт дæр?

«Ныфс»

Куыст – цардæн фæрæз!

«Чи дæ?»

Лæгдзарм тæнæг у…

«Хъуыбады»



ТУАТЫ Ольгæ

СЫЛГОЙМАДЖЫ ФÆЛГОНЦ ИРОН НАРТЫ ЭПОСЫ

Ирон Нарты эпос сфæлдыста фæллойгæнæг дзыллæ. Ныридæгæн æрмæст ирон адæмы удварны хæзна нæу; фольклоры ацы æвæджиауы уацмысæн ис æппæтцæдисон æмæ суанг дунеон нысаниуæг дæр.

Нарты кадджытæ сты агургæ æмæ æнæссаргæ æрмæг ирон дзыхæйдзургæ адæмон сфæлдыстады историйæн, йæ мидис æмæ сæйрагдæр миниуджытæ йын иртасынæн. Тынг хъæугæ æххуысгæнæн æрмæг сты, фыссынады чи нæ баззад, ирон адæмы историйы уыцы фæзилæнтыл дзурынæн, зæгъæм, эпос снывæнджыты цардыуаг æмæ зондахастимæ баст фарстаты.

Цымыдисаг зонинæгтæ ис Нарты кадджыты сылгоймаджы уавæры тыххæй. Хорз сæ зыны, нарты æхсæнады сылгоймагæн ахсджиаг нысаниуæг кæй уыдис. Кад ын кодтой, æхсæнады йæ æвæрдтой бæрзонд бынаты, йæ хъысмæт дæр уыд йæхицæй аразгæ.

Нартмæ сылгоймаг моймæ цыд, йæхи-иу куы бафæндыд, уæд. Æнæ ныййарджыты уынаффæйæ, æргомæй æвзæрста йæхицæн цардæмбал. Исчи йыл дзуры, æмæ йæ зæрдæмæ нæ цæуы, уæд – сæрыстырæй йæ дзуапп: «Ды мæнæн лæгæн нæ бæззыс».

Зæгъæм, нарты Ацæмæзы тыххæй кадæджы Агуындæйы рæсугъдыл дзырдтой нарты хуыздæр усгуртæ, фæлæ сæ ком никæмæн læвæрдта. Зæрдæскъæфт æй фæкодта æрмæст нарты æвзыгъд Ацæмæз, йæ уадындзæй куы хъазыд, уæд. Йæ фыд, Сайнæг-ælдар, Ацæмæзы минæвæртты аздæхта, уый куы базыдта, уæд ын Агуындæйы рæсугъд æргом загъта, разы кæй у Ацæмæзмæ моймæ фæцæуыныл.

Иннæ ахæм кадæг – «Нарты симд» («Кæнæ Батрадз ус куыд ракуырдта»). Нарты гуыппырсартæ æрæмбырд сты Сау хохмæ æмæ симд кафыныл ныллæууыдысты, кæд нæм, зæгъгæ, дыууæ денджызы

астæу йе ‘фсæн мæсыгæй Акулайы рæсугъд рацæуид. Уый сæм йе ‘ргом не здахы. Уæд æй Уырызмæг нарты симдмæ расайдта. Нарты хъæбатыртæ йæм радгай хатынц семæ акафыны курдиатимæ, фæлæ уый нæ разы кæны, алкæмæн дæр сæ йæ хъæндзинæдтæ æргом дзуры. Нæ барвæссыд суанг куырыхон Уырызмæгыл дæр.

Иукæддæр æм бацыд нарты кæстæр, Хæмыцы фырт Батрадз æмæ йæ рахуыдта кафынмæ. Акулайы рæсугъд ын загъта: «Ай-гъай расимин демæ, Хæмыцы фырт болат Батрадз, – Нарты ‘хсæн æнаипп иунæг ды куы дæ! Фæлæ дæумæ дæр иу аххос ис: базырджын авдсæрон уæйыг Хъæндзæргæс дын дæ фыдæлтæй иуы – Уон, зæгъгæ, йæ ном, уый фæсхохмæ фæхаста; йæхицæн æй хъомгæс скодта, мидгъуын кæрцы цæуы, æмæ йын слыскъ ис; хуры йын æмпылгæ кæны йæ къæрит, къæвдайы – ивæзгæ, афтæмæй цæры. Уый Хъæндзæргæсы исбонимæ куы рахæссай, уæд демæ симын бæгуыдæр æмбæлы мæныл». Ома, Акулайы рæсугъд, йæхицæн къай æвзаргæйæ, кæсы, усгур йæ дзыллæйы цур йæ хæс куыд сæххæст кæндзæн, уымæ. Батрадз сарæхст, йæ хистæры суæгъд кодта, æмæ йæм уæд Акула чындзы ацыд.

Фæнысангæнинаг ма уый у, æмæ, Акула нарты фæсивæдæн сæ аиппытæ куы дзырдта æмæ семæ кафыныл куынæ разы кодта, уæд ыл сæ зæрдæ кæй нæ худт.

Нарты эпосы сæйраг сылгоймаг-хъайтар у куырыхон Сатана. Уый у, æнæ дызæрдыгæй, кадджыты тæккæ цымыдисагдæр фæлгонц. Абайты Васо фыссы, зæгъгæ, æндæр искæцы эпосы ахæм хъару æмæ нысаниуæгимæ сылгоймаг кæй нæ разындзæн. Ахадгæ нысаниуæг ын бирæ эпосты ис, фæлæ сæйрагдæр баззайы æрмæст сылгоймæгты кæнæ бинонты ‘хсæн истытæ архайæгæй. Уымæ гæсгæ иннæ эпосты иу сылгоймаг-хъайтары æнцонæй баивæн вæййы иннæмæй, психологон æмæ аивадон рæстдзинад нæ фæкайгæйæ. Нарты Сатанайы та никæмæй баивдзынæ, эпосæй йæ нæ айсдзынæ, уымæн æмæ йæ бынат бæрæг-бæлвырд афтидæй баззайдзæн.

Уый архайд æрмæст уарзондзинад æмæ бинонты ахастытимæ нæ, фæлæ æнæхъæн дзыллæйы цардимæ баст у. Иннæ, суанг тæккæ сæйрагдæр хъайтартæй иппæрдæй, нарт исты амæлттæ кæниккой, фæлæ æнæ Сатанайæ – ницы хуызы. Æвæццæгæн, уымæ гæсгæ нæй эпосы иунæг ныхас дæр Сатанайы мæлæты тыххæй. Уый æнусон

у, растдæр зæгъгæйæ та цæры, цалынмæдæриддæр нарты дзыллæ цæры, уæдмæ.

Нарты эпосы снывæстæуыд сылгоймаджы монументалон фæлгонц – Сатана. Эпитет «нæ мад» нæ здахы бинонты фыццагон фæзындмæ. Уый у, йæ дзыллæйы æхсæнадон царды æппæт фæзилæнты, нарты æппæт сгуыхтыты дæр йæ бавæрæн кæмæн ис, ахæм куырыхон сылгоймаджы фæлгонц.

Æппæт хъайтартæ дæр сæ фыдæвзарæнты зондагур бацæуынц Сатанамæ, æмæ та сæ уый фервæзын кæны. «Тотрадз æмæ Сослан», зæгъгæ, уыцы кадæджы номдзыд Сослан къуырцдзæвæны бахауд. Сатана йын ныфс бавæрдта, йæ хъаруджын знаг – Алымбеджы фырт Тотрадзыл куыд фæуæлахиз уа, уый йын бацамыдта.

Сатана ма у йе уæны кæсæг – уыны, фидæны цы уыдзæн, уый. Уæдæ нартæн сæ бæркад дæр уыимæ баст у. Бирæ зарджытæ йыл скодтой ирон адæм. Ис сæ ахæм мидис, зæгъгæ дзы хорздзинад ракур, уæд дын дæ хъуыддæгтæ фæрæстмæ кæндзæн, дурыны дын сау бæгæны æрбахæсдзæн. Иннæ зарæг – «Онай». Сылгоймæгтæ йæ кодтой нымæт æууæрдгæйæ.

Бирæ ахсджиаг фæзындтæ баст сты ирæтты царды Сатанайы номимæ. Ирон адæмы уарзон ноздзæгæны дæр уый руаджы фæзынд. Этнографион æмæ лингвистон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, рагзаманты бæгæны æрмæст ирæттæм уыд. Зарæджы ис ахæм хъуыды, цъиу кæй абадт бæласыл, хуымæллæг кæй æртыдта, хуртуанæй зад кæй систа æмæ сæ Сатанамæ кæй ахаста, æмæ уый та бæгæны сфыхта.

Бæгæны фыцгæйæ, ирæттæ фæзæгъынц: «Сатана дæ бантауæд æмæ дæ Уырызмæг нуазæд». Æппæт кадджыты дæр дзыллæ Сатанайыл зары, куыд, фау æрхæссæн кæмæ нæй, ахæм æфсинаыл. Фæзæгъынц ма, «Сатанайау уазæгуарзон æмæ бæркадкъух», зæгъгæ, дæр. Æцæг хорз æфсин æмæ зондджын сылгоймагæн ирæттæм уымæй стырдæр арфæ нæй.

Нарты кадджыты ма арæх дзырдæуы Уырызмæг æмæ Сатанайы уазæгуарзондзинадыл. Ис ахæм мидисимæ зарæг: «Уазджытæ дуармæ уæд Уырызмæгмæ бадзурынц. Уырызмæг рацæуы, хæдзармæ сæ бахоны, кæстæртæн бур фыс акусарт кæнын кæны. Сатанамæ бадзурынц, æмæ уый та цыппар хæцæнимæ дурын рахæссы». Кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»-йы æххормаг аз Сатана йæ къæбиц байгом кодта æмæ нарты иннабонæй-иннабонмæ фæхынцта.

Сатана у зонджын, алцымбарæг, амалджын сылгоймаг. Алы кæмтты фыст кадджыты æмбырдгондмæ нæ бахауд схуалийаг мæличы (кънйазы) тыххæй таурæгъ. Æххормаг аз нарт сæ фос кæм хызтаиккой, уый нал уыд, æмæ сын цагъды кодтой. Уæд хæлттæ сæппæрстой, хизынмæ сæ чи хъуамæ атæра, уый тыххæй. Уырызмæджы хал схауд, фæлæ æгæр зæронд уыд, æмæ Сатана бартæ йæхимæ райста. Нæлгоймаджы уæлæдарæсы фос схуалийаг мæличы сæрвæттæм фæтардта. Уый смæсты, æмæ фыййауы йæхимæ æрбакæнын кодта. Загъта йын: «Хиз дæ фос, фæлæ афтæ бакæн, æмæ нарты Сатана мæ къухтæм куыд æрбахауа». Сатана фæцарæхст, æмæ йæ зонды руаджы Уырызмæгæн радта кънйазы амарыны æмæ нарты фос фервæзын кæныны фадат.

Ахæм хуызы нывыл ма æмбæлæм уæйгуытæ Мукара æмæ Бибыцы тохы тыххæй кадæджы дæр. Нарт та уæззау уавæры бахаудтой – залты мит ныууарыд. Фос сыдæй мардысты. Сослан сæ уæйыг-æфсымæрты сæрвæттæм атардта. Сатана йын куыд бацамыдта, афтæ архайдта, уæйгуытыл хинæй рацыд æмæ сæ амардта. Ома, сылгоймаг зоны знагæн йæхи æмæ йæ хæцæнгарзы хъару æмæ нартæн бацамоны, куыд тохгæнгæ у, уый.

Ахсджиаг у Сатанайы нысаниуæг кадæг «Уырызмæджы фæстаг балц»-ы дæр. Уырызмæг фæзæронд æмæ нарты стæрты нал архайдта. Бафæндыд ма йæ йæ дзыллæйæн фæстаг хатт исты хорзы бацæуын. Хъуыддæгтæ афтæ сарæзта, æмæ уацары бахауд нарты рагон знаг Сау денджызы æлдармæ. Ахæсты стыр аргъ дын бафиддзысты, зæгъгæ, æлдары дыууæ лæджы нартмæ арвитын кодта. Фæсномыг ныхасæй та нартæн бафæдзæхста, цæмæй се знагмæ æд æфсад ныббырсой æмæ йæ ныддæрæн кæной. Фæлæ йын йæ ныхасы мидис нæдæр нарты хистæртæ раиртæстой, нæдæр Сау денджызы æлдары минæвæрттæ. Сатана уайтагъд хабар бамбæрста æмæ нарт се знагыл фæуæлахиз сты.

Уырызмæг æмæ Сатана кæрæдзи хорз кæй æмбæрстой, уый руаджы нарт дæр æнтыстджын уыдысты. Фæлæ ахæм номдзыд сылгоймаджы къай уæвын – уый кæмдæр фæсте аззайынæй, ферох уæвынæй тæссаг у. Уырызмæг уымæй йæхи бахызта æмæ бинонты «ансамбль» нæ фæкайдта. Уазалзонд, хиуылхæст, тæссаг уавæрты амалджын – ахæм у нарты хистæр. Парахатзæрдæ æмæ кæрдзындæттон уæвыны хъуыд-

даджы дæр йе ‘фсинæй дæлдæр нæ лæууы. Сатана æмæ Уырызмæг кæрæдзи уарзынц, кæрæдзийæн кад кæнынц, æмæ сæ дзыллæ схуыдта, фау æрхæссæн кæмæ нæй, ахæм къайад. Уымæ гæсгæ фæзынд, Уырызмæг æмæ Сатанайы зæронд баут, зæгъгæ, ахæм арфæ дæр.

Кадæг «Уырызмæг йæ лæппуйы марджытæй йæ маст куыд систа»-йы дæр Сатана йæ зонды руаджы нарты ферваезын кодта. Агуыры æфсæдтæ сыл куы æртыхстысты, уæд Сослан, Батрадз æмæ Хæмыц стæры уыдысты. Нарты бæсты знæгтæ цæйбæрц сты? Зыдта йæ æрмæстдæр Сырдон, фæлæ йæ никæмæн дзырдта. Уæд Сатана бавдæлд æмæ æртæ фадыгимæ хæлаф бахуыдта. Æрцауыгъта йæ кауыл. Сырдоны дисæн кæрон нал уыд æмæ, сæдæ хатты сæдæ æмæ ма ноджы мин сæдæйы чи сты, уыцы агуыры æфсæдтæ федтон, фæлæ уым дæр æртæ къахимæ адæймаг нæй, зæгъгæ, фæкодта. Афтæмæй Сатана знæгты нымæц базыдта æмæ нартæн семæ тохы фæахъаз.

Æрхæссæм ма Батрадзы кадджытæй дæр иу цау. Гаппаг ælдары фырт нарты æфхæрдта. Уæд Сатана хатиагау фыстæг хъæрццыгъайæн Батрадзмæ арвыста. Уым загъта: «Худинаг дæм нæ кæсы, Гаппаг ælдары фырт нарты фæсивæдæй кæй хынджылæг кæны, уый?» Батрадз уайтагъд йæ райгуырæн бæстæйы февзæрд æмæ нарты знагыл фæуælахиз. Ацы кадæгæй хорз зыны, Сатана йæ райгуырæн бæстæ кæй уарзы, йæ дзыллæйы хорздзинад æмæ кадмæ кæй бæллы.

Сатана у нартæн сæ хæдзарады хицау, æмæ уый дзуры, эпос куы сæвзæрд, уыцы заманты ирæтты фыдæлтæм сылгоймаг æхсæнады бæрзонд æвæрд кæй уыд, ууыл. Нæртон æфсин разамынд лæвæрдта йæ дзыллæйы æрвылбоны цардæн. Къухараехст дæр уыд, бæгæны дæр æрхъуыды кодта, нартæн зондамонæг дæр басгуыхт. Иунæг ахæм ахсджиаг хабар дæр нæ уыд, Сатана кæм нæ бацархайдтаид. Зонд, амал, царды фæлтæрддзинад-иу кæм бахъуыд, уым нарт æдзухдæр хатыдысты Сатанамæ, æмæ сын ма баххуыс кæна, уый гæнæн нæ уыд.

Нарты эпосы ма ис æндæр сылгоймæгты фæлгонцтæ дæр – Æхсæртæггаты мыггаг кæмæй равзæрд, уыцы Дзерассæ, йæхи фæнд тæрæг Агуындæйы рæсугъд, æргом дзурæг Акулайы рæсугъд, номдзыд хъайтар Батрадзы мад Быценон, Алæгаты Алымбеджы чызг æмæ иннæтæ. Алкæмæн дæр сæ ис йæхи хицæн миниуджытæ. Быценон, зæгъæм, иу къухæй карста, иннæмæй хуыдта, æмæ афтæмæй цалдæр сахатмæ дарæсæй сфæлыста æппæт нарты дæр. Таурæгъ «Уырызмæджы фырт

Айсана»-йы æвдыстæуы Сосланы цардæмбалы фæлгонц. Сæрыстыр æмæ зондджын сылгоймаг æнувыд уыд йæ дзыллæйыл. Нарты хъайтартæй иу – Айсанайæн – уый лæвæрдта зын, фæлæ нартæн хъæугæ хæслæвæрдтæ. Уый зондæй фæуæлахиз Айсана агуыры æфсæдтыл; уый йын бацамыдта, Нарты бæстæмæ, хурыскастæй æмбисæхсæвмæ дидинæг чи калдта, уырдæгæй сæумæрайсоммæ цæттæ дыргъ чи лæвæрдта, ахæм бæлас цæмæй æрбахæсса; фæахъаз ын Бурдзæбæхы рæсугъды усæн самал кæныны хъуыддаджы.

Нарты æхсæнады сылгоймаг бæрзонд æвæрд кæй уыдис, уымæн æвдисæн – кадæг «Уырызмæг æмæ сохъхъыр уæйыг» дæр. Уым нарты быцæу райхалыны бар лæвæрд æрцыд сылгоймагæн.

«Батрадз Уырызмæджы куыд фервæзын кодта», зæгъгæ, уыцы кадæджы та йæ туджджынтæ Уырызмæджы хъуамæ сæхимæ басайдтаиккой æмæ йæм хонæг æрыгон сылгоймаджы фервыстой. Уый, хъуыддаг æмбаргæйæ, уæддæр куывдмæ рацыд, уымæн æмæ, нарты æгъдаумæ гæсгæ, сылгоймагæн йæ курдиат æнæ сæххæстгæнгæ нæ уыд. Уымæй дæр бæрæг у, нарты ‘хсæн ын цы стыр кад уыд, уый.

Кæнæ «Алæгаты Алымбег». Нарты тæрхонгæнæг Алæгаты Алымбегæн уыд æхсæз усы. Фæстаг усæй йын уыд чызг. Алымбег куы амард, уæд уыцы чызг нæлгоймаджы дарæсы нарты ‘хсæн йæ фыды бынат бацахста (тæрхонгæнæг сси). Уый нартæн загъта, цæмæй æнцад бадыны бæсты сæ хæдзæрттæм ацæуой æмæ исты куыстыл бафтой. Куыст адæймагæн царды фæрæз у. Кусгæ чи нæ кæны, уый царды амонджын никæд уыдзæн. Нарт кусын райдыдтой, æмæ сæ къæбицтæ бæркæдтæй байдзаг сты.

Кадæг ма дзуры, Алæгаты Алымбеджы чызг кæй баиу кодта нарты хъарутæ знаджы ныхмæ. Сæ зындгонд сау Аласа бæхтыл тохы бацыдысты. Сæ хæцæнгæрзтæ алмасийау æрттывдтытæ калдтой.

Нарты сылгоймæгтæ Алымбеджы чызгау нæлгоймæгты æмрæнхъ уыдысты арæхстджын бæхылбадджытæ. Уый бæрæг у кадæг «Алымбеджы чызг»-æй – бæхыл бадгæйæ, иу рудзынгæй багæпп кодта æмæ иннæмæй ратахт, æндзæвгæ дæр сыл нæ акодта, афтæмæй.

Нарты эпосы сылгоймаг у æцæг патриот, йæ дзыллæйыл æнувыд адæймаг. Знагимæ тохы дæр бацæуы нæлгоймæгты æмрæнхъ. Уæдæ йæ уарзон фырты дæр нарты знæгтимæ тохмæ йæхæдæг æрвиты. Уыимæ йæм ахæм мидтых ис, æмæ йæ фыртыл хъоды бакæны, тохы



быдырæй тæппуды лыгъд куы ракæны, уæд. Фæмард, зæгъгæ, уæд та-иу загъта: «Фæстæрдыгæй цæф у, уæд тæппуд разынд, æмæ кадимæ уæлмæрды баныгæныны аккаг нæу. Кæд йæ риу у цæф, уæд æй рахæссут – æцæг нарт у, знæгтимæ хъæбатырæй хæцыд».

Сылгоймæгты æппæт ацы фæлгонцтæн нарты эпосы ис ахадгæ бынат.

Ис ма ноджы цалдæр сылгоймаг-хъайтары, фæлæ эпосы уыдон стæмхатт фæзынынц. Нарты æхсæнады сылгоймагæн цы нысаниуæг ис, йæ царды йын куыд æнувыдæй архайы, уый та бæрæг у æрмæст Сатанайы фæлгонцæй дæр. Уый сæвæрæн ис «Илиадæ»-йы Андромахæ, «Одиссей»-ы Пенелопæ æмæ дунейы эпосты иннæ сылгоймæгты хуыздæр фæлгонцты рæнхъы.

Уырыссаг æвзагыл мыхуыргонд уыд уацты æмбырдгонд «Нартский эпос»-ы (Дзæуджыхъæу, Цæгат Ирыстоны АССР-йы паддзахадон рауагъдад, 1949 аз)

МАЙРÆМЫХЪУАТЫ Фатимæ,
ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты доцент

ХÆДЗАРМÆ КУЫСТЫ ХУЫЗТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

Хæдзармæ куыст у ахуырадон процессы иу хай, æмæ йæм ахуыргæнæг фаг æргом куы раздахы, раст æй куы сбæтты урочы цыдимæ, уæд сваййы скъоладзауы предмет ахуыр кæнынмæ разæнгард кæныны мадзал. Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæй дæр бирæтæ арæхсынц хæдзармæ куыстæн раст хæслæвæрд равзарынмæ, аивæй йæ сбæттынц урочы цыдимæ. Æмæ уæд скъоладзаутæ зæрдиагæй бавналынц йæ сæххæст кæнынмæ, æхсызгонæй фæтырнынц сæ зонындзинæдтæ хæдзармæ куысты фæрцы бафидар кæнынмæ. Фæлæ, хъыгагæн, æдзух афтæ нæ рауайы. Фылдæрхатт хæдзармæ куыст скъоладзауæн разыны æфхæрæны хос, нæ йæ бамбары, нæ фæарæхсы йæ сæххæст кæнынмæ, æмæ канд йæхицæн нæ, фæлæ ма бинонтæн дæр тухæны хос сваййы. Ахæм уавæры хæдзармæ куыст сывæллонæн кæны æнæуынон, уый нæ, фæлæ ма йын æнæхъæн предмет дæр фенад кæны.

Мадæлон æвзаг ахуыр кæныны методикæйы хæдзармæ куысты фарстамæ æдзух æмхуызон цæстæй нæ кастысты, бирæ ахуыргæндтæ йæ нымадтой æнæахадгæ æмæ æнæпайда куыстыл. Ахæм хъуыдыйыл хæст уыд Л.Н. Толстой дæр. Фыссæг Ясная Полянайы цы скъола байгом кодта, уым дæр сывæллæттæн хæдзармæ куыст нæ лæвæрдта, йæ хъуыдымæ гæсгæ, хæдзармæ куыст у «испорченный вечер ученика».

К.Д. Ушинский дæр хæдзармæ куыст нæ нымадта ахуыры процессы хицæн хайыл. Ахуыргондмæ гæсгæ, хæдзары баххæст кæнынæн цы хæслæвæрд лæвæрд цæуы, ууыл урочы бæстон æрдзурын фæхъæуы.

1917 азы фæстæ дæр ма хæдзармæ куыст дзæвгар рæстæг нæ уыд æнæмæнг æххæстгæнинаг хæслæвæрд, æрмæст æй XX æнусы 30-æм азтæй фæстæмæ нымайын райдыдтой скъолайы ахуырты системæйы хицæн хайыл.

Хæдзармæ куысты сæйраг нысантæй иу у скъоладзаумæ активондзинад æвзæрын кæнын – сфæлдыстадон, зонынадон, æмбарынадон.

Хæдзармæ куыстæн цы ахадындзинад ис, ууыл дзурæг у, Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты йын цы бынат рахицæн кодтой, уый

дæр. Уæрæсейы Ахуырады министрад ныффидар кодта сæрмагонд уагæвæрд «Положение о домашнем задании». Амынд дзы цæуынц хæдзармæ куыстмæ домæнтæ алы къласы дæр, хæдзармæ куысты хуызтæ, хæдзармæ куысты бæрц æмæ вазыгджындзинад, хæдзармæ куысты хицæндзинæдтæ дистантон ахуырады, хæдзармæ куыст куыд бæрæг кæнын хъæуы, уыдæттæ [3].

Хæдзармæ куыстмæ сæрмагонд æргом здæхт кæй цæуы, уый амонынц йæ ахадындзинадæй: «Домашнее задание осуществляется обучающимися в домашних и иных условиях, в том числе в цифровой образовательной среде, и предусматривает выполнение обучающимися письменных и устных, практических, творческих, проектных, исследовательских работ в целях совершенствования, развития и практического применения формируемых в ходе урока предметных знаний и умений, универсальных учебных действий и их использования для решения учебных, учебно-познавательных и учебно-практических задач в соответствии с планируемыми результатами рабочей программы учебного предмета» [3].

Хæдзармæ куыстæн хæслæвæрд равзарыны æмæ йæ бабар кæныны хъуыддаджы ахуыргæнæгыл стыр бæрн æвæрд кæй ис, ууыл дзуры уагæвæрды ацы хъуыды дæр: «Домашнее задание может быть обязательным для выполнения всеми обучающимися и дополнительным, необязательным, выполняемым обучающимся по его желанию» [3].

Разы стæм хæдзармæ куысты уагæвæрды ацы амындимæ дæр: «Домашние задания не должны быть однообразными и шаблонными» [3].

Нырыккон скъолайы хæдзармæ куыстæн, уыимæ ирон æвзагæй дæр, ис йæхи сæрмагонд бынат ахуыры системæйы, нымайынц æй хибарæй æххæстгæнинаг куыстыл, рацыд æрмæг бафидар кæныны мадзалыл, ænæ хæдзармæ куыст урочы æрмæгæн нæй хорз бахъуыдыгæнæн. Фæлæ уæддæр ахуыргæнæг хъуамæ йæ зæрдыл дара ахæм амынд: «Необходимость домашнего задания должна быть обоснована. Если учитель может организовать работу так, что обучающиеся осваивают весь необходимый учебный материал на уроке, он может отказаться от домашних заданий на какой-то период» [3].

Куыд нымайынц, афтæмæй хæдзармæ куыстæн ис стыр хъомыладон ахадындзинад дæр – йæ фæрцы рæзы сывæллоны æнувыддзинад ахуырыл – сæфт нæу сывæллоны фæсурокты рæстæг, фæцалх вæййы бæрнондзинадыл. Уымæй уæлдай ма, раст лæвæрд хæдзармæ куыст

скъоладзаутæм æвзæрын кæны ахуырмæ тырнындзинад, ахъаз у ахуырадон мотивацийы рæзтæн.

Ахуыргæнджытæ ирон æвзаджы урокты цы хæдзармæ куыстытæ раттынц, уыдон сæ дидактикон нысанмæ гæсгæ адих кæнæн ис ахæм хуызтыл:

– ног æрмæгмæ байхъусынмæ чи цæттæ кæны, ахæм хæслæвæрдтæ;

– рацыд æрмæг бафидар кæнынмæ арæзт чи у, ахæм куысты хуызтæ;

– скъоладзауты зонындзинæдтæ ахуырадон æрмæгæй парахатдæр æмæ арфдæр чи кæны, ахæм куысты хуызтæ;

– хибарæй кусыныл чи æфтауы, ахæм куысты хуызтæ;

– программæйы æрмæджы арæнтæй чи хизы, фæлæ уый хыгъд ахуырдзауы хибарæй хъуыды кæныныл чи æфтауы, ахæм индивидуалон хæслæвæрдтæ.

Сæрмагонд къордмæ рахæссæн ис сфæлдыстадон куыстытæ (изложени, нывæцæн, ныв скæнын, цæстуынгæ æрмæг бацæттæ кæнын).

Ахуырдзаутæ, ирон æвзагæй хæдзармæ куыст æххæст кæнгæйæ, цы ахуырадон архæйдтытæ æххæст кæнынц, уыдонмæ гæсгæ рахицæн кæнæн ис хæдзармæ куысты ахæм хуызтæ:

– ирон æвзаджы ахуыргæнæн чингуыты лæвæрд текстимæ æмæ æндæр уæлæмхасæн информациимæ (дзырдуатимæ, мыхуыргонд текстимæ, Интернетимæ) бакусын;

– ирон æвзаджы ахуыргæнæн чингуыты лæвæрд фæлтæрæнтæ баххæст кæнын;

– фысгæ куыстытæ баххæст кæнын;

– ахуыргæнæджы (кæнæ скъоладзауы) æвзæрст темæйæ реферат кæнæ доклад ныффыссын. Стæмдæр хатт ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ скъоладзаутæн бабар кæнынц ирон æвзаджы урокмæ цæстуынгæ æрмæг бацæттæ кæнын æмæ а.д.

Ирон æвзаджы урокты хæдзармæ куыст фæбæрæг кæнынц алыхуызы мадзæлтты фæрцы:

– æрвылбоны контролæй пайда кæнгæйæ (кусæн тетрæдтæм æркæсгæйæ, беседæ-бафарст саразгæйæ);

– скъоладзау урочы рацыд æрмæгæй хæслæвæрдтæ куыд æххæст кæны, уымæ хъус даргæйæ;

– скъоладзауты сæ кæрæдзимæ фæрстытæ бацæттæ кæныныл бафтау- гæйæ кæнæ сæ кæрæдзи тетрæдтæм æркæсын кæнгæйæ æмæ а.д.

Хæдзармæ куыст фæбæрæг кæнынц хъазты хуызы дæр, йæ фæрцы

ирон æвзаджы урочы цыд фæцымыдисагдæр вæййы. Ирон æвзаджы урок мидисджындæр æмæ ахадгæдæр скæнынæн ахуырдзауты бафтауынц кæрæдзи куыстытæ сбæрæг кæныныл, кæнæ та ерысы хуызы сæххæст кæнынæн раттынц хибарæй куыст.

Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ пайда кæнынц хæдзармæ куысты алы хуызтæй: индивидуалон, къорды куыст, фронталон (иумæйаг), сфæлдыстадон æмæ дифференциалон. Равзарæм хæдзармæ куысты алы хуыз дæр.

Индивидуалон хæслæвæрд. Хицæн скъоладзаутæн кæй бабар кæнынц, ахæм куысты хуызтæ нымайынц индивидуалон хæслæвæрдтыл. Индивидуалон хæслæвæрд хæдзармæ куыстæн раттæн вæййы карточкæтыл дæр.

Хорз куысты хуызыл банымайæн ис ахуыргæнæн чиныджы иллюстрациимæ баст хæслæвæрд. Фæлæ, хъыгагæн, чиныджы иллюстраци арæхдæр рохуаты аззайы, фаг куыст не ’рцæуы хицæн къаннæг нывтыл дæр. Афтæмæй та ирон æвзаджы чингуытæй бирæтæ хорз ифтонггонд æрцыдысты сюжетон нывтæй.

Ахуыргæнæджы куыстмæ цæст даргæйæ, æрцыдыстæм ахæм хатдзæгмæ: скъоладзауæн индивидуалон хæслæвæрд дæтгæйæ, ахуыргæнæг æркæсы, предметæй цы къуыхцытæ æййафы кæнæ та йын хуыздæр цы уайы, цавæр интерестæ йæм ис, ирон æвзаг æмæ литературæйæ фылдæр йе ’ргом цæмæ здахы, уымæ. Ранымад уавæртæ ахуыргæнæгæн æнæмæнг хынцинаг уымæн сты, цæмæй хибарæй куыстмæ сывæллон зæрдиагæй бавнала, йæ куыст ын æхцондзинад æрхæсса. Хибарæй куыст раттынц карточкæйыл кæнæ йæ ныффыссын кæнынц кусæн тетрады, боныджы.

Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ хибарæй æххæстгæнинаг хæслæвæрд раттынц ног æрмæгмæ рахизынæн æххуысæн дæр. Уæд, хибарæй куыст цы скъоладзау бацæттæ кæны, уый ахуыргæнæгæн феххуыс кæны ног æрмæг амоныны рæстæг, иннæтæн радзуры йæ хъусынгæнинаг, ахуыргæнæджы амынд баххæст кæны дæнцæгтæй кæнæ та уæлæмхасæн æрмæгæй фæхъæздыгдæр кæны урочы информаци. Ахæм куыст тынг цæуы скъоладзауты зæрдæмæ, ахуыргæнæджы фарсмæ лæугæйæ, се ‘мбæлттæн ног информаци кæй хъусын кæнынц, уый сæ бæрзонддæр кæны иннæты цæсты, разæнгард сæ кæны ирон æвзаг æмæ литературæ хуыздæр ахуыр кæнынмæ дæр.

Индивидуалон хæслæвæрд хæдзармæ куысты хуызы раттынц лæмæгъ скъоладзаутæн дæр. Хæслæвæрд æххæст кæнгæйæ, скъоладзау йæ зæрдыл ærлæууын кæны рацыд æрмæг, практикон куысты хуызтæ æххæст кæнгæйæ, фæфидардæр вæййынц йæ зонындзинæдтæ.

Иумæйаг хæдзармæ куыст раттынц скъоладзауты къордæн кæнæ дыууæ скъоладзауæн (къæйттæй куыст). **Къорды куыст** нымад у, ахуырдзаутæн се ‘ппæт универсалон ахуырадон архæйдтытæ чи рæзын кæны, ахæм куыстыл. Зындгонд психолог П.Я. Гальперин фыста: «В сотрудничестве, под руководством, с чьей-то помощью ребенок всегда может сделать больше, чем самостоятельно…» [2].

Скъоладзаутæ къордæй цы иумæйаг хæдзармæ куыст æххæст кæнынц, уый вæййы æппæт къласы хæслæвæрды хицæн хай. Ахæм хæслæвæрд раттын фæхъæуы рагацау. Зæгъæм, ирон æвзаджы урочы темæ «Лексикæ» амонгæйæ, ахуыргæнæг рагацау скъоладзауты къордæн ратты хæс: бацæттæ кæнын викторинæйы фæрстытæ лексикæйæ. Викторинæйæ спайда кæнæн вæййы рацыд æрмæг бафидар кæнынæн. Темæйæ фæстаг уроктæй иуы скъоладзауты къордæй иу фæкæсы викторинæйы фæрстытæ, иннæ фæбæрæг кæны раст дзуаппытæ, æртыккаг æмæ цыппæрæм та фембырд кæнынц фысгæ хæслæвæрдты дзуæппытæ. Афтæмæй къорды уæнгтæ иууылдæр фæархайынц урочы, се ‘рмæгæй пайда кæнгæйæ.

Ахæм иумæйаг хæдзармæ куыст фидардæр кæны сывæллæтты коллектив, уыдон бæрнондæр цæстæй кæсын райдайынц ахуырмæ, райрæзы се сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад, фæарфдæр вæййынц сæ зонындзинæдтæ предметæй. Иумæйаг хæслæвæрдыл кусгæйæ, ахуырдзаутæ фæцалх вæййынц кæрæдзиимæ дзурыныл, райрæзынц сæм коммуникативон арæхстдзинæдтæ – баныхас кæнын, кæрæдзиимæ аивдæрæй дзурын, кæрæдзимæ хъусын зонын æмæ æнд.

Индивидуалон æмæ къорды æххæстгæнæн хæдзармæ куыстытæ хъæздыгдæр кæнынц скъоладзауты миддуне, сæ зонындзинæдтæ предметæй, æвзæрын сæм кæнынц алыхуызон практикон арæхстдзинæдтæ.

Фронталон хæдзармæ куыст ирон æвзагæй. Ахæм хæслæвæрд нæ ахуыргæнджытæ дæттынц арæхдæр, æмæ уымæ гæсгæ у традицион хæслæвæрд. Практикæ куыд æвдисы, афтæмæй йæ фæстиуджытæ уыйбæрц ахадгæ не сты – ницы ахъаз сты сывæллæтты сфæлдыстадон хъуыдыкæнынады рæзтæн. Фæлæ, æнцондæр кæй у ахæм хæдзармæ куыст раттын, йæ бацамонын, уымæ гæсгæ йæм тынг æргом здахынц ахуыргæнджытæ.

Фронталон хæдзармæ куыст вæййы дыууæ хайæ арæзт, хæслæвæрдæн йæ иу хай арæзт вæййы теоретикон æрмæг бафидар кæнынмæ (раиртæст сахуыр кæнын), йæ иннæ хай та – рацыд теоретикон æрмæгæй практикон куысты хуыз баххæст кæнынмæ (фæлтæрæн баххæст кæнын).

Ахæм хæдзармæ куыст арæзт у дидактикон принцип «теори æмæ практикæйы бастдзинад»-ы бындурыл, дзуапп дæтты ахуыры сæйраг домæнтæн, æххæст кæны ахуырадон æмæ хъомыладон хæстæ.

Хибарæй æххæстгæнæн хæдзармæ куыст у ахуыры процессы хицæн хай æмæ йæ равдисæн ис схемæйы хуызы: урок – хæдзармæ куыст – урок. Хатгай ахуыргæнджытæ, скъоладзауты цæттæдзинад хынцгæйæ, кæнæ хæслæвæрдæн йæ вазыгджындзинадмæ гæсгæ хæдзармæ лæвæрд хæслæвæрдмæ бахæссынц ивддзинæдтæ. Зæгъæм, фæрогдæр кæнынц куыст – æмæ уæд баххæст кæнын фæхъæуы фæлтæрæнæн æрмæст йæ кæцыдæр хай; кæнæ та ма йæм бафтауынц уæлæмхасæн куысты хуыз, зæгъæм, сфæлдыстадон куыст.

Бафиппайæн ис, традицион (фронталон) хæдзармæ куыст дæр ахуыргæнæгæй кæй домы лæмбынæгдзинад [1]. Хæдзармæ куыст дæтгæйæ, æркæсын фæхъæуы, æппæт скъоладзаутæ дæр сарæхсдзысты йæ баххæст кæнынмæ æви нæ, хæслæвæрд цымыдисаг у æви нæ; цавæр арæхстдзинæдтæ райрæзын кæндзæн скъоладзаумæ куысты хуыз. Зæрдылдаринаг у, хæдзармæ куыстæн кæй ис канд зонынадон æмæ практикон ахадындзинад нæ, фæлæ ма хъомыладон ахадындзинад дæр – сывæллонмæ гуырын кæны уарзондзинад предметмæ, фæразондзинад, бæрнондзинад. Хæдзармæ куыст баххæст кæнынæн скъоладзауы хъæуынц куыд иумæйагахуырадон арæхстдзинæдтæ, афтæ хицæн спецификон арæхстдзинæдтæ дæр:

– ахуыргæнæн чиныджы ælвæстæй лæвæрд теоретикон информаци æмбарын, сæйраг æмæ уæлæмхасæн информаци кæрæдзийæ хицæн кæнын, раиртæсты графикон амындтытæ иртасын æмæ æнд.;

– хæслæвæрдты комплексон характер иртасын, сæйраг æмæ уæлæмхасæн хæслæвæрдтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын; ахуыргæнæн чиныджы алыхуызон æвзæрстытæ æххæст кæнынæн лæвæрд бадзырдгонд нысæнттæ иртасын æмæ æнд.

Цæмæй аразгæ у ахуырдзауы цымыдисдзинад хæдзармæ куысты хæслæвæрдмæ? Ацы фарстæн дзуапп райсыны фæдыл 5-æм къласы скъоладзаутæн бацæттæ кодтам анкетæ. Фарст «Цавæр хæдзармæ

куыст æххæст кæнын уарзут?»-æн сывæллæттæ радтой алыхуызон дзуаппытæ. Ахуырдзауты фылдæр хай нæ уарзынц, æгæр стыр хæслæвæрдтæ кæнæ стыр текст цы кæм ис, ахæм фæлтæрæнтæ æххæст кæнын (55%); иннæтæ нæ уарзынц сфæлдыстадон куыстытæ фыссын (сочинени, изложени, дзырдбæстытæ æмæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын) (20%); скъоладзауты иу хай нæ уарзынц таблицæтимæ кусын, таблицæтæ аразын (7%). Фæлæ ахуырдзауты 'хсæн ис, сфæлдыстадон куыстытæ æххæст кæнын чи уарзы, ахæмтæ (13%). Хъыгагæн, разынд, хæдзармæ куыст ирон æвзагæй æххæст кæнын æппындæр чи нæ уарзы, ахæмтæ дæр (5%).

Нæ анкетæйы фæрцы, стæй, ахуырадон процессмæ цæст даргæйæ, сбæрæг кодтам, скъоладзаутæ хæдзармæ куыст куыд æххæст кæнынц, уый, урочы куыд кусынц, уыимæ баст кæй у. Зæгъæм, урочы зæрдиагæй цы скъоладзау нæ архайы, уый хæдзармæ куыст дæр æххæст кæны æвæндонæй, скæны йæ æрмæст хаттæй-хатт. Фæлæ ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ цымыдисдзинад цы сывæллонмæ ис, уый никуы æрбацæудзæн урокмæ æдзæттæйæ.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ ахуыргæнджытæ се 'ппæт кæй нæ арæхсынц хæдзармæ куыст бæлвырд системæйыл дæттынмæ, ахуырдзауты хæдзармæ куыст баххæст кæнынмæ раст бацæттæ кæнынмæ, зонгæ не сты хæдзармæ куысты алыхуызон хуызтимæ. Ацы уавæр хынцгæйæ, бацæттæ кодтам ахуыргæнджытæн зæрдылдаринаг.

Цæмæ хъæуы хъус дарын хæдзармæ куыст дæтгæйæ?

1) хæслæвæрд хъуамæ æнгом баст уа, урочы цы æрмæг амынд цыд, уыимæ. «Для домашней работы предлагаются такие виды заданий, которые уже выполнялись обучающимися на уроке самостоятельно. Домашнее задание должно быть посильным для большинства учащихся класса» [3];

2) хæслæвæрд дæтгæйæ, хынцын хъæуы ахуырдзауты индивидуалон хицæндзинæдтæ, сæ зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ;

3) хæдзармæ хæслæвæрд хъуамæ ма уа, къласы кæй æххæст кодтой, уыцы куыстытæй зындæр («по степени трудности домашнее задание должно быть примерно равным или несколько легче тех, что выполнялись на уроке») [3];

4) æнæмæнг баххæстгæнинаг хæслæвæрдтæ хъуамæ алкæй бон дæр уа сæххæст кæнын;

5) хæдзармæ куыстæн раттын фæхъæуы 2–3 куысты хуызы, цæмæй алы скъоладзауæн дæр йæ бон уа хæслæвæрдтæй иу равзарын; хæслæвæрдтæ сæ вазыгджындзинадмæ гæсгæ хъуамæ уой алыхуызон, уæд скъоладзау æвзардзæн, йæ бон баххæст кæнын цы куысты хуыз у, уый, æнæмæнг æй æххæст кæндзæн;

6) хынцын хъæуы æнæниздзинад хъахъхъæныны технологи (хæдзармæ куыст нæй уæгъд бонты, бæрæгбонты æмæ каникулты дæттæн).

Зæрдыл дарын хъæуы ахæм амындтытæ дæр:

– хæдзармæ куыст хъуамæ ма уа æгæр стыр;

– ахуыргæнæг хъуамæ ног æрмæг амоныны хæстæ хæдзармæ куысты фæрцы ма æххæст кæна, ног æрмæг скъоладзауæн хæдзары хибарæй ма æвзарын кæна;

– хæдзармæ куысты хæслæвæрдтæ урочы амонын хъæуы æнæмæнг, дзæнгæрæгимæ нæ, фæлæ раздæр.

Стыр ахадындзинад ис, æмæ урочы ахсджиаг хæсыл нымад цæуы хæдзармæ куыст бæрæг кæнын. «Проверка домашнего задания является обязательной частью урока и учитывается учителем при планировании урока» [3]. Уыимæ бафиппайæн ис, хæдзармæ куыст бæрæггонд куынæ цæуа, уæд æй скъоладзаутæ кæй нал æххæст кæндзысты, йæ баххæст кæнынмæ сæ цымыдисдзинад кæй фесæфдзæн, уый. Уæлдай хъусдард цæуы læмæгъ скъоладзауты зонындзинæдтæ бæрæг кæнынмæ: «Ежеурочно проверяется домашнее задание у слабоуспевающих обучающихся по учебному предмету» [3].

Сфæлдыстадон хæдзармæ куыстытæ рæзын кæнынц скъоладзауты сфæлдыстадон гæнæнтæ. Ахæм хæслæвæрдтæ нымад сты æнæтрадицион куысты хуызтыл, æххуыс сты канд рацыд æрмæг бафидар кæнынæн нæ, фæлæ ма рæзын кæнынц сывæллоны хъуыдыкæнынад, разæнгард æй кæнынц хибарæй архайынмæ. Ахæм куысты хуызтыл методикæйы нымад сты:

– урокмæ бацæттæ кæнын дзырдуатон диктант;

– темæйæ фæрстытæ бацæттæ кæнын;

– темæйæ бацæттæ кæнын æнцойгæнæн таблицæтæ/кластер;

– темæйæ бацæттæ кæнын тестытæ.

Ахæм куысты хуызтæ урок кæнынц цымыдисагдæр, фæрæвдздæр вæййы скъоладзауты куыст, сæ хъуыдыкæнынад; скъоладзаутæ ахуыр кæнынц рацыд æрмæгæн æриугонд скæныныл, хатдзæгтæ кæныныл.

Цæмæй хæдзармæ куыст сывæллонæн уарзон хæслæвæрд суа, цæмæй йæ баххæст кæнынмæ зивæг ма кæна, уый тыххæй хæслæвæрдыл ахуыргæнæджы бакусын фæхъæуы рагацау, ахъуыды кæнын фæхъæуы, куыд хуыздæр æй бацамонæн ис, ууыл дæр.

Уымæй уæлдай ма урочы темæ æмæ, къласы цы куыст æххæст кодтой, уымæ гæсгæ хæдзармæ куыстæн раттæн ис ахæм сфæлдыстадон хæслæвæрдтæ:

– текстмæ (литературон уацмысмæ) кæнæ хифыст сочиненимæ ныв скæнын;

– дзырдуатон куыстæн бацæттæ кæнын карточкæтæ дзырдтимæ кæнæ предметон нывтимæ;

– темæмæ диалог æрхъуыды кæнын;

– рацыд æрмæгмæ гæсгæ дзырдбыд саразын;

– проектон куыст баххæст кæнын.

Кæцыдæр хæслæвæрдтæ бабар кæнæн ис скъоладзауты къордæн, кæцыдæртæ та – раттæн индивидуалон куысты хуызы.

Ахуырдзаутæм цымыдисаг кæсы ахæм хæслæвæрд: партæйыл дæ фарсмæ чи бады, уымæн темæйæ хæдзары баххæст кæнынæн хæс бацæттæ кæнын.

Хæдзармæ куысты эффективондзинад аразгæ у ахуыргæнæджы раст архайдæй, куыд æй бацамоны, цы куысты хуыз равзары, уымæй. Уыимæ зæрдыл дарын хъæуы, хæдзармæ куысты хæслæвæрдтæ куыд æххæст кæнын хъæуы, уый ахуыргæнæг кæй амоны, хæдзармæ куыст куыд сæххæст кодтой, уый бæрæг кæнгæйæ дæр. Куыст куыд æххæстгонд цæуы, уый та дзуры скъоладзауты ахастыл предметмæ, сæ разæнгардзинадыл предмет ахуыр кæнынмæ.

ЛИТЕРАТУРÆ:

1. Баранов М. Т. Проверка домашнего задания по русскому языку в 4–8 классах/ М. Т. Баранов// РЯШ. – 1975. – № 4.

2. Гальперин П. Я. Методы обучения и умственного развития ребенка. М.: Изд-во Моск.ун-та, 1985. – 3 – 9 ф.

3. Положение о домашнем задании, утверждено Приказом Министерства просвещения РФ №1305 от 30.12.2022. URL: https://shkola3ly-antor-r86.gosweb.gosuslugi.ru/netcat_files/30/69/Polozhenie_o_domash-nem_zadanii_podp.pdf.

БАСИТЫ Мысост

ДЫУУÆ ФЕМБÆЛДЫ ХУРЫ ТЫНТИМÆ

Мæ чысыл хуртæ! Æз ма гыццыл куы уыдтæн, уæд мын-иу мæ баба бирæ мысинæгтæ æрхаста. Тынг уарзтон уыдонмæ хъусын. Мæ зæрдыл сæ бадардтон æмæ мæ фæнды, сымахæн дæр сæ куы радзурин.

ФЫЦЦАГ ЦИН

Уыд сæрдыгон мæйрухс изæр. Бæстæ ныссабыр. Æвæццæгæн, Æрыдоны цæрджытæй бирæтæ сæ хуыссæнтæ дæр ссардтой. Æрмæст ма мах, кæрæдзи ныхас хуыздæр чи æмбæрста, уыцы æмгæрттæ, иу бинонтау бадтыстæм Æмбалты Цоцкоты кæрты сæнæфсир бæласы бын. Ныхас кодтам иунæг хъуыддаджы тыххæй: ирæд нæ дзыллæтæн цы фыдбылызтæ хæссы æмæ йæ фесафынæн цы хъæуы. Цоцко нымадта, нæ фæсивæдæй ирæды æхца бакусынмæ Амырыкмæ цал æмæ цал ацыд, уыдонæй цал æмæ цал байсæфти фæндæгтыл кæнæ хъæздгуыты фæсдуæртты. Йæ ныхасы кæронмæ æввах сыстад, йæ цæст ахаста не ‘ппæтыл дæр, стæй бафарста:

– Фæнды уæ, ирæдæн йæ кой дæр цæмæй мауал уа, уый?

– Фæнды, – сразы стæм иууылдæр.

– Уæдæ хорз! Рæхджы ацы фарста хъæуы æмбырдмæ рахæсдзыстæм. Алчи йæ фæндон зæгъдзæн уым, – стæй цæуылдæр асагъæс кодта æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Ноджы ма уын иу æхсызгон хабар зæгъынмæ хъавын. Цæвиттон, æрæджы æз Дзæуджыхъæуы Къостаимæ фембæлдтæн. Тынг мыл бацин кодта. Стæй мын бамбарын кодта, цæмæй ирон чызджытæн скъола байгом уа, уыцы хъуыддагыл куыд архайы, уый дæр. Æрмæст æй фæнды базонын, адæммæ куыд фæкæсдзæн...

– Хорз, хорз фæкæсдзæн не ‘ппæтмæ дæр! – ныццин кодтам мах.

Уалынмæ кæстæртæй чидæр сабыргай зарæг систа. Иннæтæ йын бахъырныдтой. Æрдхæрæны зæлтæ аленк кодтой мæйрухсы:

Додой фæкæнат, нæ райгуырæн хæхтæ,
Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау!
Зæй уæ фæласа, на тæрхоны лæгтæ,
Иу ма уæ фезмæлæд искуы лæгау!..

Зарæджы фæстаг зæлтæ нæма атадысты, афтæ кулдуар æрбайгом. Кæртмæ æрбахызтысты дыууæйæ: сæ иуы уайтагъд базыдтам – дæллаг сыхаг лæг, фæлæ иннæйы фыццаг хатт федтам: хæрзконд, хæрзарæзт, нарæгастæу лæппулæг. Йæ уæлæ – цъæх тынæй цухъхъа æвзист бæрцытимæ, рон æмæ хъама. Къæхтыл – сау сæракæй хæдбын дзабыртæ. Сæрыл – ирон уæлдзарм худ.

– Къоста! Нæхи Къоста!.. Хуры тын æрбакæсæгау!.. Мидæмæ! Цы хур, цы къæвда?.. – йæ размæ атындзыдта Цоцко.

– Уæ зарæг уын айхъуыстам, æмæ нæ зæрдæмæ фæцыд… Кæд уæ бахъыгдардтам, мыййаг?..

Уыцы изæр мах федтам Костайы фыццаг хатт. Нæ цинæн ма кæрон кæм уыд! Кастыстæм ын йæ алы фæзылдмæ дæр. Хъуыстам ын йæ фæлмæн ныхæстæм. Бæрæг уыд, æнæнхъæлæджы фембæлд ын махимæ æхсызгон кæй уыд.

МАДЫ ЦÆССЫГТÆ

Тынг уазал уыд уыцы бон, – дзырдта мын баба. – Уæддæр Æрыдоны дзыллæтæ нæлгоймагæй, сылгоймагæй цыдысты къордгæйттæй Тедойы зианмæ. Сæ зæрдæтæ афтæ тынг рыстысты, æмæ сæ уазал тымыгъ дæр нæ урæдта…

Тедо кусæг лæг уыд. Фæллойуарзаг. Хъаруджын адæймаг. Адæмæн – уарзон. Æрмæст ыл иуахæмы фыдбылыз сæмбæлд. Цæвиттон, нæ хъæумæ æрæрвыстой ног пъырыстыф. Йæ зæрдæ маргæй кæмæн байдзаг, раст ахæмы.

Сырдты ‘хсæн дæр, æвæццæгæн, уый хуызæн нæ разындаид. Æмæ куыннæ! Чысылдæр йæ зæрдæмæ нæ фæцыдтæ, зæгъгæ, уæд ехсæй – нæмгæ! Сабийæ, зæрондæй – ауæрдгæ никæуыл кодта!

Уæд та дын иубон Тедоты дуар бахоста. Хæдзары хицау æм рауад. Афарста йæ, цы хабар у, зæгъгæ. Тедойы хъæлæсы уаг йæ зæрдæмæ нæ фæцыд æви цы уыд – айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ ехсæй сæрæн – дзæхст!

Тедойы маст рафыхт. Йæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Хæрдмæ йæ фелвæста æмæ... дæ балгъитæг афтæ. Зæххыл халоны айкау ныппырх.

Уый фæстæ паддзахы фæсдзæуинтæ Тедойæн стæрхон кодтой: фынддæс азы Сыбырмæ…

Афæдзы фæстæ, мæгуыр, йæ марды хабар сыхъуыст. Йæ рынчын

бинойнаг æртæ сывæллонимæ сидзæргæсæй баззад. Адæм сæм хъыггæнгæ цыдысты. Мах дæр Цоцкоимæ кулдуары цур лæууыдыстæм. Мæгуыр бинонты тæрхæттæ кодтам, уæдæ сын цы хуыздæр мадзæлттæ саразæм, зæгъгæ. Куыд сæ фервæзын кæнæм…

Изæрмæ бирæ нал уыдаид, афтæ дын кæсæм, æмæ цæхгæрмæ уынгæй æрбазынд иу æнахуыр лæппулæг. Хæстæгдæр нæм куы схæццæ, уæд æй базыдтам – нæхи Къоста. Фыццаг хистæртæм бацыд. Сæ разы æрлæууыд. Тæфæрфæс ракодта, стæй махмæ æрбацыд. Цоцко йын аивæй бамбарын кодта кæрæй-кæронмæ Тедойы хъуыддæгтæ, бинонты уавæр. Уый йæм хъуыста зæхмæ кæсгæйæ. Йе ‘рфгуытæ тарæй-тардæр кодтой, стæй фæстагмæ загъта:

– Цом, уæдæ уыцы сæйгæ рынчынмæ бауайæм. Фенæм сывæллæтты дæр.

– Цом! – сразы стæм мах дæр.

Бахызтыстæм уатмæ. Кæсæм: мад – хъæццулы бын, йæ дæлфæдтæм – æртæ сывæллоны, иу иннæмæй къаддæр, фæрсæй-фæрстæм. Мах куы ауыдтой, уæд сæхи мады къæхтæм нылхъывтой. Ус йæ цæссыгтæ асæрфта. Цыдæр сдзурынмæ хъавыд, фæлæ йæ бон нæ баци. Сывæллæттæм февнæлдта. Æрнорста сæ хъæццулы бын, се скъуыдтæ пысултæ ма зыной, зæгъгæ... Къоста мадæн зæрдæтæ аввæрдта, махмæ æрбакаст, æмæ кæртмæ рацыдыстæм. Хибарæй æрлæууыдыстæм.

– Ацы мæгуыртæн исты уынаффæ бакæнæм. Афтæмæй сын уадзæн нæй. Тæригъæд сты, – æнкъардæй загъта Къоста.

– Лæппутæ сын ныртæккæ суг цæттæ састæй æрбаласдзысты, – загъта Цоцко.

– Уæдæ хæринаг æмæ сывæллæттæн дзаума та – мах хардзæй, – сдзырдта Къоста. Æмæ йæ дзыппæй систа сызгъæрин сом. Радта йæ мæнмæ. Махæй дæр кæмæн йæ бон цас уыди, уыйбæрц бафтыдта æмæ сæ æз дыккаг бон мадмæ бахастон. Сылгоймаг мæм ницы сдзырдта, æрмæст йæ цæссыгтæ сабыргай йæ рустыл уадысты. Æз æй æмбæрстон: уыдон цины цæссыгтæ уыдысты.

НÆ УИДÆГТÆ
ДОНЫСÆРЫ ХЪÆУЫ РАВЗÆРД

Дзгасты Дзодза куыд дзырдта (цыдис ыл 140 азы), афтæмæй Урсдоны цардысты æртæ æфсымæры Хъалæгатæй. Иузаман сæ иу амардта саг, ныр Донысæр кæм ис, уыцы ран. Саг ахауд къæдзæхы рæбынмæ. Лæг йæ фæдыл æрхызт, кæсы, æмæ – диссаджы æрдуз, ноджы йæ хъустыл ауад доны сыр-сыр. Йæ цæст ахаста, æмæ бæстæ йæ зæрдæмæ фæцыд. Сфæнд кодта уым æрцæрын. Йæхицæн сарæзта къухджын, сырддзæрмттæй байтыгъта мусонг æмæ дзы æрцард. Лæг фæстæмæ куынæ зынд, уæд æм йе ‘фсымæртæ агурæг ацыдысты. Уыцы заман Донысæрмæ фæндаг нæ уыд, æмæ æфсымæр дæр фæстæмæ фæндаг уымæн нал ардта. Кæм æрцард, уым арт бандзæрста æмæ, цæмæй ма хуысса, уый тыххæй-иу дзы стыр къодæхтæ баппæрста. Æфсымæртæ куыддæрамæлттæй ардæм æрбафтыдысты. Кæсынц, æмæ кæцæйдæр фæздæг цæуы. Бацыдысты хæстæг æмæ уынынц – арт дзы ис, фæлæ дзы змæлæг нæй. Уæд къухджынæй райстой дзидза æмæ сæхицæн скодтой физонæг. Бахордтой, уæдмæ фæизæр, æмæ сæхи фæсвæдмæ айстой. Сæхицæн дæр куыннæ тарстаиккой! Уалынмæ æхсæвы чидæр фæзынд. Æрбацæуæг йæ цæст куы ахаста къухджынтæ-йедтыл, уæд йæ зæрдæ фехсайдта. Бæстон куы æрбадт, уæд æм æфсымæртæ сæхи равдыстой,, сдзырдтой йæм æмæ кæрæдзи куыннæ базыдтаиккой! Куы æрбабон, æмæ æфсымæртæ дæр сæ алфамбылай куы федтой, уæд сæм хорз фæкастис ацы ран æмæ сфæнд кодтой ардæм раивын. Куы æрбалыгъдысты, куы æрбæстон сты, уæд дурыл самадтой мæсыг – Алæгаты мæсыг. Хестанты мæсыг дæр æй хуыдтой.

ДАГОМ

Дагом æмæ Цъамадæн сæ зæххытæ æмаræн сты. Фыццаг та уыдысты иу. Ис сын иумæйаг кувæндæттæ. Иумæйаг тæрхондон – Мадизæн.

Фыдæлтæй куыд æрыхъуыст, афтæмæй Ос-Бæгъатыры цот куы байуæрстой, уæд Хъусæгонæн радтой Дагомы зæххытæ. Хъусæгон ардæм æрлыгъд æмæ дзы цæрынтæ байдыдта. Уыдис ын

фырттæ, уыдон æрцардысты Дагомы, Урсдоны æмæ Донысæры. Дагом уыд стыр хъæу, цард дзы 140 хæдзары: Цæбитæ, Агънатæ, Бурдзиутæ, Касатæ, Хъаратæ, Гæбутæ, Джыккайтæ, Себеттæ, Уанитæ, Бигъатæ, Хъуылатæ, Хнеутæ, Салытæ.

Æрвадæлтæ уыдысты Агънатæ æмæ Цабитæ; Касатæ, Уанитæ, Джыккайтæ, Бигъатæ; Бурдзиутæ, Хъаратæ, Хъуылатæ, Гæбутæ, Себеттæ æмæ Хнеутæ.

Сæ фылдæрмæ уыд мæсгуытæ: Цабитæм, Хнеутæм, Агънатæм, Касатæм, Бурдзиутæм, Гæбутæм, Хъаратæм, Себеттæм.

Хъæуы кадджындæр дзуар уыд Мадизæн, Тæрхондон, Дагомы Уастырджийы бын. Уым, Мадизæны, тæрхоны лæгтæ кастысты æмæ лыг кодтой туджы хъуыддæгтæ. Тæрхоны лæгтæ-иу æвзæрст æрцыдысты се ‘гъдауы, сæ зонд, сæ дзыхы уагмæ гæсгæ.

Ард хордтой Уастырджийы бын. Арды хъуыддаг афтæ уыд. Хъæуы, сæгъæм, искæмæй фесæфт хъуг, фыс йе та æндæр исты, уæд-иу кæмæй фесæфт, уый æрæмбырд кодта æгас хъæуы æмæ-иу сын загъта: «Ныр уыл æууæндын», – æмæ-иу цъынды радта. Сæ цъындытæ-иу иннæтæ дæр нывæрдтой Уастырджийы бын, кувæндоны. Уый фæстæ-иу зæрæдтæй исчи загътаид: «Уæ Уастырджи, мах тæригъæдæй йæ фесаф, мах ардæм чи цæуын кæны, уый». Уæд-иу иннæтæ загътой: «Оммен, оммен». Уый фæстæ-иу иугай цыдысты дзуары бынмæ æмæ уырдыгæй фæстæмæ истой сæ цъындытæ. Æмæ-иу зылын чи уыд, уый йæ цъынды нæ систаид, нæ бацыдаид Уастырджийы бынмæ, фæлæ-иу алыгъд. Мæнг ардæй адæм тынг тарстысты. Фæстæдæр, куы-иу бафидыдтой, уæд-иу бацыд æмæ райстаид йæ цъынды.

Цъынды-иу лæвæрдтой хъама, рон, бæрцытæ, иу дзырдæй, хорз дзаума.

Зæххыл-иу ард куы хордтой, уæд-иу систой дзырддаг зæххæй сæ фæдджийы, æмæ-иу лæг ацыд, йæхи кæй хуыдта, уыцы зæххыл дзургæйæ: «Хуыцау, уæдæ мæхи зæххыл цæуын, никæмæй ницы давын, æмæ мын баххуыс кæн».

Афтæ-иу куы бакодта лæг, ард-иу куы бахордта, уæд æм дзурæг нал фæцадаид, искæй зæхх куы истаид, уæддæр. Ард бахæрын уыд стыр хъуыддаг, уæлдайдæр зæххыл.

СУБИЙЫ ЦЫРТ

Субийы цырт æвæрд уыд комгæс Цæлладжы-фыртæн. Хабар афтæ уыд. Цæлладжы-фырт хъахъхъæдта ком. Йæ цæст дардмæ æргъæвта. Фæлæ йын Урсдоны уарзон уыд æмæ, йæ зæрдыл куы ‘рбалæууыд, уæд ком æвæгæсæй ныууагъта æмæ ацыд йæ уарзонмæ. Куыддæр дуармæ бахæццæ, афтæ фехъуыста, ус йæ сывæллонæн куыд зарыд, куыд æй рæвдыдта «Ма ку, ма ку, мæ хур: комгæс лымæн нын ис æмæ йæ ныртæккæ ардæм хъæуы». Ацы ныхæстæ йæ хъустыл куы ауадысты, уæд йæ сæрмæ нал æрхаста бацæуын, йæ хæс йæ зæрдыл æрлæууыд æмæ фæстæмæ аздæхт. Йæ бынатмæ нæма бахæццæ, афтæ йыл фембæлдысты тыхгæнджытæ. Уыдон æрбабырстой коммæ. Комгæс Цæлладжы-фырт семæ схæцыд, цалдæры дзы мæртæм барвыста, фæлæ йæхæдæг дæр фæмард. Гæрæхтæм гæсгæ адæм базыдтой, тыхгæнджытæ кæй æрбабырстой æмæ фæфæдис сты. Фыдгулты асырдтой. Цæлладжы-фырт кæм фæмард, уым ын сæвæрдтой цырт. Æмæ йæ адæм хоныц Субийы цырт, Цæлладжы-фырты номыл.

ЗЫДТОН УЫН УÆ ФЫДÆЛТЫ

Дзанайты Гаги (Богъ) æмæ Кучиты Прейы фырт Аким хъæдæй æрцæйцыдысты Рассветы уынгты. Хъæддзау хæраг у, афтæ фæзæгъынц зæронд адæм. Кæд зымæг уыди, уæддæр хур ракаст, æмæ Бирæгъты Тембол йæ хæдзары цур фæскъул бадти. Гаги æмæ Аким сæ бæхтæ æрурæдтой, Темболы цурмæ бацыдысты æмæ йын дæ райсом хорз загътой. Кæй зæгъын æй хъæуы, райсом хорз ын нæ загътой, зæгъгæ, уæд Тембол къаддæр нæ фæцардаид йæ дæс æмæ фондзыссæдз азæй.

Цы базонын хъуыди Темболы, ацы лæппутæм ануазын цæуы, уый, кæд цæстæй рæвдз нал уыди, уæддæр, æмæ сын дзуапп радта, стæй сæ мидæмæ бахуыдта.

Æрбацыдысты, уæдæ цы уыдаид, æмæ Тембол, йæ къух æрфыгыл авæргæйæ, фæрсы Гагийы:

– Ды кæй лæппу дæ, дæ рынтæ дын ахæрон? Нарон дзырд кæныс...

Гагийæн æхсызгон куыннæ уыдаид ахæм фарст, æмæ афтæ:

– Тембол, æз Дзанайты Менайы фырт дæн, мæ ном Гаги, чи зоны, æмæ мын мæ фыды зыдтаис.

Тембол чысыл ахъуыды кодта æмæ афтæ:

– Куыннæ, куыннæ зыдтон Дзанайты Куылфы.

Акимæн уыцы дзуапп худæг куыннæ фæуыдаид æмæ кæд хъæрæй худын æфсæрмы кодта, уæддæр йæ фæрстыл ныххæцыд æмæ зæрдиаг худт фæкодта.

Æрсабыр фынг, иу цалдæр рæгъы та ракодтой, æмæ та Тембол фæрсы:

– Лæппу, æмæ ды та кæй фырт дæ, кæмæй дæ?

Аким айтæ-уыйтæ нал фæкодта æмæ афтæ:

– Æз Тибæй ралидзгæ дæн, Кучиты Прейы фырт, мæ ном та Аким.

– Хорз, мæ хур, хорз, Тибы бирæ номдзыд лæгтæ уыди, дæ фыды дæр дын хъуыды кæнын, рухсаг уæд мæгуыр Пре, Зруджы чындзхæссæг уыди, æмæ йæ мисындзæг фыр ностæй аскъуыди.

Гъæйтт-мардзæ, зæгъгæ дын уый Гагийæн цы ‘хсызгон уыди, æмæ фыр худтæй бакъæцæл.

ХÆЙРÆДЖЫТЫ ХАБÆРТТÆ

ХÆЙРÆГ – ДАВÆГ

Къобы цардис Пъаум, зæгъгæ, иу лæг йæ фырт Къамароимæ. Куыст царды фæрæз чи хоны, ахæмтæ уыдысты. Сæ фæллойы руаджы сæм уыдис бирæ фос. Иурæстæджы хабар айхъуыст, адæмы фосæй, дам, алы æхсæв дæр иу фыс фесæфы.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Пъаум йæ фосæн тарст, æмæ æхсæвы сарайы фосы цур баззадысты. Фосæн сæ фæйнæ фарс схуыссыдысты йæ лæппуимæ. Æвзонг лæппу фæсæмбисæхсæвты афынæй, фæлæ Пъаум къæрцхъусæй бадтис. Æмбисæхсæв фос, тарст уынæр кæнгæйæ, фæйнæрдæм фæпырх сты. Уалынмæ фосы астæу февзæрд сылгоймаг. Чи дæ уый, зæгъгæ, лæг фæхъæр кодта. Сылгоймаг хæйрæг фестад æмæ уартæ фæлидзы. Фыс рацахста æмæ йæ фескъæфы. Фыды хъæрмæ Къамаро фехъал, фæтарст æмæ йæ къæхтыл нал слæууыд. Йæ иу къух дæр нал иста. Хæйрæг фыс ахаста.

Райсом хабар айхъуыст æнæхъæн хъæуыл. Пъауммæ цыдысты бирæтæ, Къамаройы дæр бæрæг кодтой.

Адæм хъуыды кодтой, сæ фос хæйрæгæй куыд фервæзын кæной, ууыл. Уæд сын иу зæронд лæг загъта: «Уæ фосы астæу цырæгътæ сæвæрут, уыдонмæ хæйрæг хæстæг нæ цæуы».

Уæдæй фæстæмæ фос нал сæфтысты.

Пъаум йæ лæппуйы бирæ фæдзæбæх кодта, алы дæсныты йæм хуыдта. Иу дæсны йын афтæ: «Дыууæ чъирийы скæн, сау карк аргæвд æмæ сæ хæйрæджытæн ныххæлар кæн. Уæ аххосæй, зæгъ, мæ лæппу йæ къахыл нал лæууы, æмæ йын баххуыс кæнут».

Афтæ бакодта, æмæ лæппу сдзæбæх. Чи зоны, æцæгдæр ын баххуыс кодтой!

Радзырдта йæ Абайты Ленæ, 75-аздзыд.
Ныффыста йæ Дзуццаты Хасан, Дзæуджыхъæу, 2008 аз

ДЗЫГЪУЫР БÆДУЛ

Хъæдгæроны царди иу ус, Феня, зæгъгæ. Хæйрæджыты æхсæв æрхæццæ ис, фæлæ йæм карк нæ уыдис. Базармæ ацыдис æмæ балхæдта дзыгъуыр бæдул. Изæры йæм йæ сæрыхицау дзуры: «Радав-ма уыцы бæдул, æз æй аргæвдон». Феня дзыгъуыр бæдул раханста, кæсы йæм

æмæ афтæ: «Мæнæ цы диссаджы рæсугъд у, хæйрæджытæн æвгъау у. Нал æй æргæвдæм, нæхицæн æй уадзæм».

Уæд бæдул ныккасти усмæ, йæ цæстытæ ферттывтой, æмæ йæ бырынкъæй усы цæст ныкъкъупп кодта. Æхсæвы цæст ныррæсыд, нал дзы уыдта. Сæ сыхаг зæронд ус ын загъта: «Хæйрæджыты зæрдæ дыл фæхудтис. Ацу, сау карк балхæн, дыууæ чъирийы сын скæн, сæ сывæллæттæн та гуыл æмæ сæ хатыр ракур».

Феня афтæ бакодта, фæлæ уæддæр йæ цæстæй хорз нал уыдта. Хорз æмæ йын бынтон нæ бакуырм.

Радзырдта ùæ Дзуццаты Музæ, 70-аздзыд.
Ныффыста ùæ Дзуццаты Хасан, Хъæдгæрон, 2002 аз

САКЪО ÆМÆ ХÆЙРÆДЖЫТÆ

Ацы хабар æрцыд Уæрæсе æмæ Турчы хæсты рæстæг. Турчы æфсæдтæм уацары бахауд ирон афицер Гæздæнты Сакъо. Хæст банцади, бафидыдтой. Дыууæрдыгæй дæр уацайрæгты баивтой. Сакъо суæгъд ис, фæлæ бæрзонд, рæсугъд, уынджын ирон лæппу тынг фæцыд туркæгты зæрдæмæ. Лæгъстæ йын кодтой, мах æфсады баззай, зæгъгæ. Зæрдæ йын æвæрдтой стыр бæстыхæйттæй, æндæр хорздзинæдтæй. Фæлæ Сакъо не сразы, загъта: «Ирыстоны хæхтæ ницæуыл баивдзынæн». Гæнæн сын нал уыд, æмæ йæ рауагътой, уый нæ, фæлæ ма йын хорз бæх дæр радтой. Сакъо дугъы бæхыл абадтис æмæ иннæ салдæттимæ ратындзыдта йæ Райгуырæн бæстæм.

Цавæр фæндæгтыл цыдысты, чи зоны. Иуахæмы Сакъо æхсæвыгон цыдис фæндагыл. Йæ бæх размæ тахтис дымгæйау, йæ фынк калгæ. Уалынмæ бæх тарст пыррыччытæ кæнын райдыдта. Сакъо кæсы, æмæ уыцы иу ран лæууы, кæд бæх згъоры, уæддæр. Цыдæр хъыллистытæ, худынтæ йæ хъустыл уайынц. «Ай иу уацарæй куы фервæзтæн æмæ ныр та хæйрæджыты хай куы фæдæн», – ахъуыды кодта Сакъо. Уæд йæ зæрдыл ærлæууыд, хæйрæджытæ, дам, ælгъитын нæ уарзынц. Æмæ цыдæриддæр æвзæр ныхасæй зыдта, уыдон сыл ныккалдта. Уайтагъд цыдæр ærттывдтытæ, пæррæстытæ фæцыдис, бæх размæ атындзыдта. Цас ма фæцыдис фæндагыл, чи зоны, фæлæ сæрæгасæй сæмбæлдис йæ фыды уæзæгыл. Бирæ фæцардис Сакъо, федта йæ цоты цоты. Хæйрæджыты кой-иу куы рацыдис, уæд-иу загъта: «Мæхæдæг сæ куынæ бавзæрстаин, уæд мæн дæр нæ уырнид, хæйрæджытæ æцæг ис, уый».

Радзырдта ùæ Гæздæнты Людмилæ, 60-аздзыд.
Ныффыста ùæ Скъиаты Зоя, Октябрыхъæу, 2008 аз

ХÆЙРÆДЖЫТЫ МИТÆ АДÆМÆН

Дыууæ хæйрæджы, Къæдзилон æмæ Сыффытт, амбæлдысты иу ран. Сæ размæ æрбацыдысты дыууæ æмбалы, Солтан æмæ Симон. Уыдон суанг гыццылæй фæстæмæ хæларæй фæцардысты. Иумæ каст фесты скъола æмæ институт, кæрæдзийæн къухылхæцæг уыдысты. Кусгæ дæр иумæ кодтой.

– Мæ удхæссæг ахæм хæлар адæмæй уынын, – загъта Сыффытт.



– Хъуамæ сæ фæхицæн кæнон, исты фыдбылыз сын саразон!

– Ницы сын бауыдзæн дæ бон, – загъта Къæдзилон.

– Уæдæ ма-иу кæс, – зæгъта хæйрæг æмæ сæ фæстæ ацыд.

Уыцы рæстæг дыууæ хæлары цыдысты уазæгуаты се ‘мбалмæ. Уазджытæ фынгыл куы сбадтысты, уæд Сыффытт сæ хицауы сæры фæмидæг, æмæ йæ ардауын райдыдта: «Тынг сын бануазын кæн, бæгæныйыл дæр арахъхъ кæн».

Куы æрталынг и, уæд сæхимæ рацыдысты. Кæрты дуармæ куы ‘рхæццæ сты, уæд хицауæн йæ хъусы бадзырдта: «Цæв кардæй Солтаны æмæ йæ Симоны къухы фæцæв».

Афтæмæй Симоны ахæстоны бакодтой, Солтан та мæрдтæм бацыд.

Рацыдис цалдæр азы. Дыууæ хæйрæджы та кæрæдзиуыл амбæлдысты.

– Цæй, цы рауади дæ фæндæй, – бафарста иу.

– Иуы дзы мæрдтæм барвыстон, иннæйы ахæстоны бамидæг кодтон. Ныр дæр-иу хæларæй цæрæнт, – загъта Сыффытт.

– Уæдæ ныр та мæнмæ дæр байхъус. Мах, хæйрæджытæ, фыдбылыз кæнын куыд зонæм, афтæ хорз дæр зонæм.

Ацыди хæйрæг, æмæ дыууæ хæлары чи фæхицæн кодта, уый сæры фæмидæг æмæ йын æмбарын кæнын байдыдта: «Цы дын кодтой дыууæ æмбалы? Уый дæ хæйрæг ардыдта. Ацу, æмæ хабар куыд уыди, афтæ йæ радзур».

Уый дæр та афтæ бакодта. Тынг фæсмон кодта йæ митыл. Симоны рауагътой ахæстонæй, адæмы цæсты дæр сраст и.

Ахæм митæ кодтой æмæ кæнынц хæйрæджытæ адæмæн.

Радзырдта йæ Скъиаты Маруся, 93-аздзыд.
Ныффыста йæ Скъиаты Зоя, Дзæуджыхъæу, 2007 аз

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***26 сентябры*** Мæздæджы районы станицæ Ново-Осетинскаяйы (Масухъæуы) бындурон цалцæджы фæстæ байгом поэт, дыгурон литературон æвзаджы бындурæвæрæг Гуырдзыбегты Блашкайы хæдзар куыд Цæгат Ирыстоны Национ музейы хайад. Блашка фæмард Маньчжурийы уырыссаг-япойнаг хæсты 37-аздзыдæй. Фæстæдæр ын Ирыстонмæ йæ мард сластой æмæ йæ кадимæ баныгæдтой Масухъæуы.

► ***4 октябры*** Гæздæнты Гайтойы номыл республикон Фæсивæдон библиотекæйы уыд номдзыд поэт Расул Гамзатовы номарæн юбилейон изæр. Дзæуджыхъæуы 50-æм астæуккаг скъолайы ахуыргæнинæгтæ аив бакастысты Расулы æмдзæвгæтæ уырыссаг, ирон æмæ англисаг æвзæгтыл. Мадзалы архайджытæ федтой поэты æмдзæвгæтæм гæсгæ арæзт зарджыты видеотæ.

► ***6 октябры*** Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы уыд фыссæг Токаты Алиханы номарæн изæр. Мадзалы архайджытæ хуыздæр базонгæ сты Алиханы цард æмæ сфæлдыстадимæ, кастысты йе ‘мдзæвгæтæ, дзырдтой фыссæгимæ баст цаутæ. Алихан дæсны поэт уыд. Уый ахуыр кодта уырыссаг поэзийы стырдæр минæвæрттыл æмæ сын сæ аивадæй бирæ цыдæртæ базыдта æмæ æрбахаста ирон дзырдаивадмæ. Сонеты вазыгджын формæйæ дæр фыццаг Алихан спайда кодта ирон поэзийы историйы.

► ***6 октябры*** Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Иры Стыр Ныхас»-ы координацион советы æмбырды æхсæнады сæрдарæй æмхъæлæсæй æвзæрст æрцыд Уататы Махарбеджы фырт Зелим.

► ***9 октябры*** Ирон театры уыд спектакль «Сау лæппу»-йы премьерæ драматург, Цæгат Ирыстоны адæмон артист Айларты Асæхмæты пьесæмæ гæсгæ. Ирыстоны театрдзаутæн ацы сатирикон комеди уарзон ссис ивгъуыд æнусы 90-æм азты. Уæд фыццаг хатт æвæрд æрцыд Ирон театры сценæйы. Ныр æй ног хуызы равдыста режиссер-æвæрæг Цæриаты Валери. Сæйраг рольты ахъазыдысты Тедеты Сослан æмæ Хосонты Фатимæ.

Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике
Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 10. 2023 г.
Подписано в печать 17.10.2023 г. Выход в свет: 27.10.2023 г.
Индекс: 732447. Тираж 1100 экз. Заказ № 475. Цена свободная.

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.





„MAX DUG“

CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAX DUG

CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITERATURON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAJ
FYDDZAG ČINYG

„RÆSTDZINAD“ 1934

Индекс 73247
12+